# ÓZBEKSTAN RESPUBLÍKASI JOQARI HÁM ORTA ARNAWLI BÍLÍMLENDÍRÍW MİNİSTRLİGİ

# ÁJİNİYAZ ATINDAĞI NO`KİS MÁMLEKETLİK PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI

## Magistratura bólimi

## Tariyx oqıtıw metodikası kafedrası

## Bekmuratov Baxtiyar Biysenbaevich

# «Qaraqalpaqstan tariyxı pánin oqıtıwda sovet húkimetiniń kadrlar siyasatın úyreniw máselesi»

5A110601 – «Social-gumanitar pánlerdi oqıtıw metodikası (tariyx)»

## Magistr

**Akademiyalıq dárejesin alıw ushın orınlanǵan**
**DISSERTATSIYA**

**MAK da jaqlawǵa ruxsat**

| | |
|---|---|
| **Magistratura bólimi baslıǵı:** | **filos. i. k., doc. A.Embergenov** |
| **Magistrant:** | **B.Bekmuratov** |
| **Ilimiy basshı:** | **Tar. i. k., doc, R. Bazarbaev** |
| **Kafedra basliǵı:** | **Tar. i. k., A.Saribaev** |

Kafedra májilisiniń 2020-jıl «___ » «_________» sánesindegi
«___ »-sanlı protokol menen qorǵawǵa jiberildi.

**Nókis-2020**

## MAZMUNI

**Kirisiw**……………………………………………………………………………..3

**I BAP. Kadrlardı usınıw siyasatı: 1925-1930-jıllarda Qaraqalpaqstan kadrları**……………………………………………..…...................................7

1.1. Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatın dúziw dáwirindegi kadrlıq ózgerisler.........................................……………………………………………….....7

1.2. Qaraqalpaqstan aymaǵına basqa regionlardan kelgen basshı hám basqarıw kadrları jáne olardıń ózgeshelikleri. .........................…………………………..14

1.3. Qaraqalpaqstanda Sovet húkimetiniń kadrlar siyasatında kadrlardı basshı lawazımlarǵa usınıw...............................................................................................23

**II BAP. Qaraqalpaqstanda jergiliklestiriw hám partiya sovet kadrların tazalaw siyasatı (1930-1936j.j.)** .........................................................................36

2.1. Basshı hám basqarıw kadrların tazalaw sebepleri..........................................36

2.2. Jergiliklestiriwdiń sovet húkimeti kadrlar siyasatı menen baylanısı................46

2.3. Sovet húkimetiniń jergilikli kadrlardıń abıroyın túsiriwge qaratılǵan siyasatı hám onıń Qaraqalpaqstannıń sotsiallıq turmısına unamsız tásiri...........................50

**III BAP. Qaraqalpaqstan tariyxı páninde sovet húkimetiniń kadrlar siyasatın úyreniw máselelerin oqıtıwdıń jańa pedtexnologiya usılları** ...........................64

3.1. Sabaqtıń tálim texnologiyası……………………………………………...64

3.2. Metodikalıq usınıs hám kórsetpeler………..………………………………..67

**Juwmaqlaw**………………………………………………………………………82

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**……....……………………………………………....85

# KİRİSİW

**Temanıń aktuallıǵı:** Qaraqalpaqstanda 1925-1930-jıllarda Sovet húkimetiniń kadrlar siyasatınıń tariyxın úyreniw úlken áhmiyetke iye boladı. Sebebi bul dáwirde Ámiwdárya wálayatınıń (1920-1924-jj.) ómir súrgen dáwirinen ayırmashılıǵı kóp sanlı milliy kadrlar siyasiy maydanda payda boldı. XX ásirdiń 20-jıllarınıń ekinshi yarımında Qaraqalpaqstannıń milliy kadrları repressiyalar hám Qaraqalpaqstannan tısqarıǵa súrginge jiberiw dáwirin basınan keshirdi. Qullası jańa tariyxtıń basqa dáwirleri menen salıstırǵanda milliy kadrlar tayarlaw jaǵdayı óz ózgesheliklerine iye boldı.

XX ásirdiń 20-30-jılları Qaraqalpaqstan aymaǵında alıp barılǵan jumıslarǵa keri tásir etiw, sonıń menen birge xalıqlardı bólip olar arasında kelispewshilikler payda etiw, jergilikli basqarıw organlarına bul jerdiń ózgesheliklerinen, mentalitetinen xabardar bolmaǵan shaxslardı lawazımǵa tayınlaw arqalı aymaqtıń rawajlanıwına birqansha tosqınlıqlar boldı. Házirgi dáwirde tariyx iliminiń izertleniwiniń áhmiyetli máseleniń biri Sovet dáwirinde Qaraqalpaqstan aymaǵında alıp barılǵan siyasatın úyreniw máseleleri bolıp tabıladı. Sebebi mámleketimiz ǵárezsizlikke eriskennen keyin milliy mámleketshiligimiz tariyxın úyreniw, ósip kiyatırǵan jas áwladqa biybaha kóp hám áhmiyetli maǵlıwmatlardı jetkerip beriw bugingi kún tariyxshıları aldında úlken bir wazıypa bolıp sanaladı. Sonıń menen birge tariyxıy tájiriybege jańa bahalawlar hám de bolıp atırǵan unamlı hám unamsız tájiriybeni túsinip jetiw zárúrligi tariyxıy izertlewledi ámelge asırıwdı talap etti.

Ózbekstan Respublikası Birinshi Prezidenti «Tariyx – biz ushın turmıs sabańı hám juwmaq shıǵarıw ushın xızmet etedi» – dep atap ótken edi.[1] Sonlıqtan da óz tariyxımızǵa úlken itibar berilip atırǵan waqıtta Respublika sotsial-ekonomikalıq tarawındaǵı bolıp atırǵan ózgerislerdi durıs bahalawǵa, ondaǵı jańalanıw protsessin kórsetiw úlken áhmiyetke iye.

İzertlewdiń xronologiyalıq dáwiri: XX ásirdiń 20-30-jıllar dáwirin óz ishine aladı. Bul dáwir Watanımız tariyxınıń atap aytqanda XX ásirdiń 20-30-jılları

[1] I.A.Karimov. «Biz kelajagimizni o’z qo’limiz bilan quramiz». -T. «O’zbekiston» 1999. 43-45 betler

Qaraqalpaqstan aymaǵında jetilsip shıqqan kadrlarǵa imkaniyat berilmegeni, aymaqqa basqa regionlardan kelgenlerdiń basshı lawazımlarǵa tayınlanıwı hám bunıń nátiyjesinde aymaqta kelip shıqqan qıyınshılıqlardı kórsetiw múmkinshiligin beredi.

**Temanıń izertleniw dárejesi:** Ǵárezsizlik jıllarında Ózbekstan Respublikası, sonıń qatarında Qaraqalpaqstan Respublikasında Sovet dáwirindegi social-ekonomikalıq jaǵdayı hám sonıń menen qatar sovetler tárepinen aymaqta alıp barılǵan kadrlar siyasatına baylanıslı izertlewler boyınsha bir qatar jumıslar ámelge asırıldı.

Sol qatarda S.Kamalov, S.Nietullaev, B.Qoshanov, Ya.Abdullaeva, M.Sarıbaev, R.Bazarbaevlar hám túrli izertlewler mashqalalar qatarında social-ekonomikalıq máseleler kadrlar siyasatı hám sol dáwirde alıp barılǵan jumıslar máselelerine de toqtap ótken.[2] Sonı ayrıqsha atap ótiw kerek 2003 jılı avtorlar jámiyeti basshılıǵında «Qaraqalpaqstan XIX ásirdiń ekinshi yarımınnan XXI ásirdiń basına shekem» Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı jaratıldı.[3]

---

[2] Kamalov S. Aral mashqalasınıń sheshimleri haqqında//Vestnik KKO AN RUz. – N., 2000 g. -№ 1. –S. 3-6; Iz istorii razvitiya Aral`skogo krizisa. //Vestnik KKO AN RUz 1990 g. № 4. –S. 7-14; Nietullaev S.D. Sovershenstvovanie gosudarstvennogo stroitel`stva v Respublike Karakalpakstan (opıt i problemı). – Avtoref. diss. … doktora ist. nauk. – T., 1993. – B.36; Koshanov B., Ametov T. Ocherki noveyshey istorii Respubliki Karakalpakstan. –N. 2015; Abullaeva Ya. Jenskiy vopros v Karakalpakstane v kontse XIX – XX vv. (sotsialno-politicheskiy aspekt). – Avtoref. diss. … doktora ist. nauk. – T., 2005; Sarıbaev M. Politika xlopkovoy monokul`turı sovetskoy vlasti v Karakalpakstane i ee posledstviya (1917-1990 gg.). - Avtoref. diss. … doktora ist. nauk. – T., 2008; Aytmuratov J. Kul`tura Karakalpakstana v 70-90-godı: obshee sostoyanie i tendentsii razvitiya. - Avtoref. diss. … kand. ist. nauk. – N., 1997. – B. 20; Madreimov T. Istoriya vozniknoveniya i razvitiya sredstv massovoy informatsii Karakalpakstana v 1930-1990 gg. (Radioveshanie i televidenie). Avtoref. diss. … kand. ist. nauk. – N., 1997. – B. 20; Kalilaev A. Istoriya razvitiya srednespetsial`nogo obrazovaniya v Karakalpakstane (1925-2000 gg.) (na primere Xodjeylinskogo pedagogicheskogo uchilisha). Avtoref. diss. … kand. ist. nauk. – N., 2003. –B. 21; Mambetov B. Traditsii fizicheskoy kul`turı i sporta Karakalpakstana i problemı vozrojdeniya, XX-vek. - Avtoref. diss. … kand. ist. nauk. – N., 2005. – B. 21; Urazova L. Istoriya vozrojdeniya natsional`noy kul`turı Karakalpakstana (1985-2005 gg.). - Avtoref. diss. … kand. ist. nauk. – N., 2009. – B. 20; Allambergenov K. Istoriya organizatsii profilaktiki chumı v Karakalpakstane v XX veke. - Avtoref. diss. … kand. ist. nauk. – N., 2001. – B. 40; Bazarbaev R. Istoriya formirovaniya nauchnogo tsentra Karakalpakstana (1925-1997 gg.). - Avtoref. diss. … kand. ist. nauk. – N., 1999. – B. 21; Aleynikova E. Istoriya stanovleniya i razvitiya nauchnoy periodiki Respubliki Karakalpakstan (1959-1998 gg.). - Avtoref. diss. … kand. ist. nauk. – N., 1999. – B. 28; Kurbanova Z. Stanovlenie i razvitie etnograficheskoy nauki v Karakalpakstane (1920-2000 gg.). - Avtoref. diss. … kand. ist. nauk. – N., 2006. – B. 31

[3] Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı. Qaraqalpaqstan XIX ásirdiń ekinshi yarımınan XXI ásirge shekem. – Nókis: Qaraqalpaqstan, 2003.

**İzertlewdiń maqseti hám wazıypaları** tiykarınan tómendegilerdi óz ishine aladı:

- Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatın dúziw dáwirindegi kadrlıq ózgerisler;

- Qaraqalpaqstan aymaǵına basqa regionlardan kelgen basshı hám basqarıw kadrları jáne olardıń ózgeshelikleri;

- Qaraqalpaqstanda Sovet húkimetiniń kadrlar siyasatında kadrlardı basshı lawazımlarǵa usınıw;

- Basshı hám basqarıw kadrların tazalaw sebepleri;

- Jergiliklestiriwdiń sovet húkimeti kadrlar siyasatı menen baylanısı;

- Sovet húkimetiniń jergilikli kadrlardıń abıroyın túsiriwge qaratılǵan siyasatı hám onıń Qaraqalpaqstannıń sociallıq turmısına unamsız tásiri;

- Joqarı bilim beriw mákemelerinde «Qaraqalpaqstan tariyxı» páni boyınsha bakalavrlardıń bilimine, bilim asırıw hám kónlikpelerine qoyılatuǵın talapların kórsetiw;

- Sovet húkimetiniń kadrlar siyasatın úyreniw máselelerin «Qaraqalpaqstan tariyxı» sabaqlarında oqıtıwdıń jańa pedtexnologiya usılları haqqında sóz etiw;

- Ízertlewdiń nátiyjeleri boyınsha juwmaqlar shıǵarıw hám usınıslar beriw.

**Magistrlıq disertatsiyanıń metodologiyalıq tiykarları.** İzertlew jumıstı jazıwda tariyxıy haqıyqatlıq, milliy ideologiya metodikalıq tiykar boldı. Sonday-aq ilimiy jumıstı jazıwda jańa obiektiv tariyxıy kóz qarastan bahalawda hám ilimiy juwmaqlardı shıǵarıwda mámleketimiz Birinshi Prezidenti İ.A.Karimov hám Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoevtıń miynetlerinde sonıń menen bir qatar ilimpazlardıń ilimiy dóretpeleri arxiv materiallarındaǵı pikir hám kóz qaraslar basshılıqqa alındı

Jumıstıń metodologiyalıq tiykarın húkimetimizdiń Ózbekstan İlimler Akademiyası tariyx institutınıń jumısın jańalandırıw, jańa tariyxtı dóretiw tarawındaǵı qararlar, ataqlı tariyxshılardıń miynetleri quraydı. Bul mashqala «Ózbekstannıń jańa tariyxı» (Tashkent, 2000-j.) hám «Qaraqalpaqstannıń jańa

tariyxı» (Nókis, 2003-j.) kitaplarında ilimiy jaqtan qoyılǵan hám obiektiv túrde sheshilgen.

**Magistrlik dissertatsiya jumısınıń ámeliy áhmiyeti.** Jumıstıń áhmiyeti sonnan ibarat, bul jumıs joqarı oqıw orınlarında, akademiyalıq licey hám kollejlerde «Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan tariyxı» pánin oqıtıwda qosımsha maǵlıwmat bolıp xızmet etedi.

Bul jumıs kirisiw, úsh baptan, juwmaqlawshı hám paydalanǵan ádebiyatlardan ibarat. Kirisiwde temanıń aktuallıǵı xronologiyalıq dáwiri, izertlewdiń maqseti hám wazıypaları, jumıstıń metodologiyalıq tiykarları hám ámeliy áhmiyeti, sonday-aq dissetratsiyanıń strukturası kórsetiledi.

Birinshi bap Kadrlardı usınıw siyasatı: 1925-1930-jıllarda Qaraqalpaqstan kadrları dep ataladı. Onda Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatın dúziw dáwirindegi kadrlıq ózgerisler, Qaraqalpaqstan aymaǵına basqa regionlardan kelgen basshı hám basqarıw kadrları jáne olardıń ózgeshelikleri, Qaraqalpaqstanda Sovet húkimetiniń kadrlar siyasatında kadrlardı basshı lawazımlarǵa usınıw boyınsha alıp barılǵan jumıslar tereń úyrenilip, analizlenedi. Sonıń menen birge sol dáwirdegi Qaraqalpaqstannıń sociallıq jaǵdayı, ondaǵı ózgerisler haqqında sóz etiledi.

Ekinshi bap - Qaraqalpaqstanda jergiliklestiriw hám partiya sovet kadrların tazalaw siyasatı (1930-1936j.j.) dep ataladı. Onda basshı hám basqarıw kadrların tazalaw sebepleri, jergiliklestiriwdiń sovet húkimeti kadrlar siyasatı menen baylanısı hám de Sovet húkimetiniń jergilikli kadrlardıń abıroyın túsiriwge qaratılǵan siyasatı hám onıń Qaraqalpaqstannıń sociallıq turmısına unamsız tásiri haqqında sóz etiledi.

Úshinshi bap – “Qaraqalpaqstan tariyxı páninde sovet húkimetiniń kadrlar siyasatın úyreniw máselelerin oqıtıwdıń jańa pedtexnologiya usılları» dep ataladı. Onda Sabaqtıń tálim texnologiyası hám metodikalıq usınıs hám kórsetpeler berilgen.

Juwmaqlaw bóliminde izertleniwdiń nátiyjeleri hám usınıslar berilgen. Jumıstıń sońında paydalanǵan ádebiyatlardıń dizimi kórsetilgen.

# I BAP Kadrlardı usınıw siyasatı: 1925-1930-jıllarda Qaraqalpaqstan kadrları.

## 1.1. Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatın dúziw dáwirindegi kadrlıq ózgerisler.

Milliy-mámleketlik bóliniw dáwirinde mámleketlik kadr siyasatı jańasha tús aldı. Endi mámleketlik apparatta lawazım iyelew hám xızmet boyınsha kóteriliw ushın tiyisli partiya uyımınıń kelisimi zárúr boldı. Kadrlardı tayarlaw, dodalaw hám olar boyınsha qararlar qabıl etiw jabıq sıpatqa (xarakterge) iye boldı.

Bul dáwirde mámleketlik kadr siyasatın iske asırıwdıń kadrlardıń rotatsiyası (juwapkerli xızmetkerlerdi bir uchastkadan ekinshi uchastkaǵa ótkeriw) hám usınıw usaǵan mexanizmleri keń tarqaldı.

Nomenklatura institutın tastıyıqlaw «mámleketlik apparatta partiyanıń tásirin turaqlı kúsheytiw» baǵdarı menen tıǵız baylanıstırıldı. Bul kadrlardı basqarıwdı bunnan bılay monopolizatsiyalaw sıpatında ǵana emes, al olardıń sociallıq xarakteristikasın ózgertiw baǵdarı sıpatında qarap shıǵıldı. Nomenklatura mexanizimi nátiyjesinde 1920-jıllardıń aqırına kelip mámleketlik apparattıń basshı kadrlarınıń quramın aytarlıqtay ózgertiwge, is júzinde hákimiyattı VKP (b)daǵı stalinlik topardıń monopoliyalastırıwın támiyinlewge erisildi.

1920-jılları kadrlar menen jumıs alıp barıwda jańa siyasiy baǵdardı iske asırıwdı shólkemlestiriw mexanizimi ámelge asıra basladı. 1926-jılı en jaydırılǵan «byurokratlıqqa qarsı hújim» onıń ideologiyalıq tiykarına aylandı. «Byurokratizimge hám shubalańqılıqqa salıwshılıqqa qarsı gúres usılı sıpatında» repressiyalardı (jazalawlardı) qollanıw zárúrligi ayrıqsha atap kórsetildi. Stalinniń usı kórsetpeleri 1928-1930-jıllarda en jaydırılǵan kadrlardı intensiv túrde ózgertiwlerge tiykar etip alındı. Eski kadrlardı «fabrika hám zavodlarda, tómengi buwın sovet jumısında ósip jetilisken jańa kadrlar menen ózgertiwdiń, sonıń ishinde ǵalabalıq usınıwlar arqalı ózgertiwdiń áhmiyeti ayrıqsha atap kórsetildi.

Qaraqalpaqstanda 1925-1930-jıllarda Sovet húkimetiniń kadrlar siyasaınıń tariyxın úyreniw úlken áhmiyetke iye boladı. Sebebi bul dáwirde Ámiwdárya

wálayatınıń (1920-1924-jj.) ómir súrgen dáwirinen ayırmashılıǵı kóp sanlı milliy kadrlar siyasiy maydanda payda boldı. XX ásirdiń 20-jıllarınıń ekinshi yarımında Qaraqalpaqstannıń milliy kadrları repressiyalar hám Qaraqalpaqstannan tısqarıǵa súrginge jiberiw dáwirin bastan keshirdi. Qullası jańa tariyxtıń basqa dáwirleri menen salıstırǵanda milliy kadrlar tayarlaw jaǵdayı óz ózgesheliklerine iye boldı.

1924-jıldıń 31-yanvarında RKP (b) OK Shólkemlestiriw byurosı óz májlisinde kún tártibiniń basqa máseleleri qatarında Túrkstan, Buxara, Xorezm Respublikaların milliy-aymaqlıq bóliw haqqındaǵı máseleni qarap shıqtı hám Ya.E.Rudzutakqa usı respublikalardıń juwapkerli xızmetkerleri menen birge onı ámelde turmısqa asırıw múmkinshiligin aldın ala dodalawdı tapsırdı.

Bunı ámelge asırıw haqqındaǵı qarar jergilikli xalıqtıń siyasiy erki ıqrarın tolıq pisent etpesten basqarıwshı elitanıń siyasiy máplerinen ǵana kelip shıqtı. Usıǵan baylanıslı Ózbekstan Respublikası Birinshi Prezidenti İ.A.Karimovtıń kútá tiykarlı túrde atap kórsetkenindey: «Bul akciya bir tutas aymaqta jasap atırǵan milletler hám xalıqlardı olardı ústinen biylik júrgiziw maqsetinde jasalma túrde bóliw», boldı.[4]

Orta Aziya xalıqlarınıń ortalıq úyi bolǵan Túrkstandı «milliy-aymaqlıq bóliw» ideyası túpkilikli xalıqtıń milliy – azat etiwshilik háreketlerge umtılıwlarına, musulmanlardıń birligin tek klasslıq ǵana emes, al milliy belgileri boyınsha buzıwǵa qaratılǵan edi. Bul Oraydıń  úlkeni pútkilley ózi basqarıw múmkinshiligin jeńilletetuǵın edi.

Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatı TASSRdıń Ámiwdárya wálayatın hám XXQSRdıń Qazaq-Qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatın birlestiriw nátiyjesinde 1924-jıldıń aqırında dúzildi.

«Orta Aziyanıń tariyxında milliy bóliniw usaǵan eń áhmiyetli waqıya, dep jazdı A.Dosnazarov, - biziń aldımızǵa wálayatımızdıń túpkilikli xalqınan xızmetker kadrlardı dúziw wazıypasın qoydı. Biraq bizde 90%ten aslamı sawatsız

[4] Tsit. Po: Alimova D.A, Golovanov A.A. Uzbekistan v 1917-1990 godı: protivoborstvo idey i ideologiy. Tashkent, 2002. – S.47.

ekenligi bizler ushın sır emes. Bul júz diyqannan tek ǵana birewi sawatlı ekenin kórsetedi».[5]

«A.Dosnazarov kóbinese diyqan hám batraktıń turmısın da, jasaw sharayatların da bilmeytuǵın evropalı xızmetkerlerdi shaqırıwǵa tuwra keletuǵının atap aytadı. Bizge sovet, kooperativlik sonday-aq «qosshı» awqamı usaǵan basqa da shólkemler ushın xızmetkerler zárúr. Bunnan keyin A.Dosnazarov bizler ózlerimizdi pútkilley basqara alıwımız ushın hámmemiz sawatlı bolıwımız zárúr, al oǵan deyin bizge oraydan jibergen joldaslardan paydalanıwımızǵa tuwra keledi».[6]

Usı waqıt kelip hár qıylı sovet uyımlarında payda bolǵan wákillik (kompetentsiya) haqqındaǵı máseleler haqıyqıy tiykarǵa iye bolmaǵanın atap ótiwimiz kerek. Sebebi birotala sheshim qabıl etiw huquqına óz ara dawlasıp júrgen mákemeler emes, al tiyisli partiya uyımı iye boldı. Partiya hám mámleketlik institutlardıń bir qatar parallel túrde rawajlanıwı bir-birine sonshelli jaqın bolǵanlıqtan olardı sarras ajratıw múmkin bolmadı. XKK (TsNK) hám OAK (TsİK) ózleriniń burıngı wákilliklerin joyta basladı. Bul tendentsiya aradan kóp waqıt ótpesten-aq shettegi jerlerge de, sonıń ishinde Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatına da kelip jetti. Qadaǵalaw eki jol menen ámelge asırıldı. Onıń eń joqarısında partiya OK (Oraylıq Komiteti) turdı, sońınan onıń ornın OK Siyasiy byurosı iyeledi. Ol jámiyetlik siyasattıń barlıq máselelerinde eń joqarı tóreshi hám partiya mámleketlik basqarıwdıń pútkil quramalı strukturasında apellyatsiya ushın aqırǵı instantsiya boldı. Tómengi dárejelerde, máselen RKP (b) Qaraqalpaqstan opkomınıń shólkemlestiriw byurosına usaǵan shólkemlestiriw byuroları dúzildi. Olar barlıq hákimshilik institutlarınıń jumısına, jámiyetlik yamasa jeke máselelerge aralasıwǵa umtıldı.

1924-jıldıń 17-oktyabr ayında Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatınıń quramı 8 adamnan ibarat Revkomı tastıyıqlandı.[7]

---

[5] AJK RK, f.1, op.1, d.249, l.28.
[6] AJK RK, f.1, op.1, d.249, l.29.

[7] A.Qudabaev, I.Bekimbetov, M.Petrov, A.Dosnazarov, T.Napesov, A.Ayteshov, K.Adinaev, E.Kojurov Revkomnıń quramında 4 qaraqalpaq, 1 qazaq, 2 ózbek, 1 russ boldı. Olardan tek erjan Kojurov seminariyanı pitkergen edi.

Bul adamlar sol dáwirdiń qarama-qarsılıqların, qıyınshılıqların hám qátelerin óziniń ruwxıy dúnyasında sáwlelendirdi. Búgin olarǵa baylanıslı ayıplaw yamasa aqlaw pikirler bildiriw ańsat emes. Sebebi olar qatań, qıyın dáwirinde jasadı. Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatınıń basshıları da óz dáwiriniń talaplarınan kelip shıqtı, olardıń jumıs stili Orta Aziyada milliy-mámleketlik bóliwdiń qıyın sharayatlarında wazıypalardı sheshiwge baǵdarlandı.

1924-jıldıń oktyabr ayınan -1925-jıldıń apreli aralıǵında siyasiy ǵayratker sıpatında A.K.Dosnazarovtıń xızmetiniń kútá rawajlanǵan dáwiri boldı. Bul dáwirde eki bir-birine qarsı toparlardıń – bir tárepinen A.K.Dosnazarovtıń basshılıǵındaǵı (İ.Bekimbetov, A.Qudabaev, A.Ayteshov, A.Arziev, E.Kojurov hám basqalardıń), ekinshi tárepinen – K.Adinaev, T.Nápesov basshılıǵındaǵı topardıń dúziliwi ayqın kózge taslanadı.

«Saydrasulev topar»nıń bayanat xatında «Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatı ekonomikalıq qurılısı máseleleri ústinde jigerli túrde hám úlken inta menen jumıs alıp barǵan K.Adinaev Sovet-partiya mektebiniń eń belsendi, siyasiy jaqtan tayarlıqqa iye jasları, Shıǵıs Komuniversiteti hám «jumısta joq» isker xojalıq júrgiziwshiler menen jaqınlasıp, obkom byurosınıń kópshilik aǵzalarında narazılıq payda etti.[8] 1925-jıldıń 8-yanvarında obkomnıń byurosı óziniń jabıq májilisinde K.Adinaevti byuro quramınan shıǵarıw haqqında qarar etti hám onı RKP (b) Qazaqstan opkomınıń biyligine jiberdi.

Tilekke qarsı bunday toparlarǵa bóliniw hám daw jánjeller A.Dosnazarov lawazımınan alınǵannan keyin de dawam etti. Bul Qazaqstan ASSRı ayırım basshılarına qol keldi, sebebi Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatınıń basshılıǵı óz betinshe siyasat júrgizdi, al bul QazASSRınıń basshılıǵına unamadı. Usı maqsette QazASSR basshılıǵı Qaraqalpaqstan wálayatınıń ayırım basshıları arasında kelispewshilik keltirip shıǵarıwǵa háreket etti. 1929-jıldıń 27-oktyabrinde Kommunistlik Universitetiniń waqtında A.Dosnazarov VKP (b) Oraylıq Qadaǵalaw Komissiyası partiya kollegiyasının xatkeri Yaroslavskiyge xat jazdı (xattıń kóshirme nusqaları VKP (b) OKnıń Shólkemlestiriw – bólistiriw bólimine

---

[8] AJK RK, f.1, op.1, d.154, l.1.

hám VKP (b) Qaraqalpaqstan obkomınıń juwaplı xatkeri P.Varlamovqa jiberildi – R.B). Biz bul jerde A.Dosnazarovtıń xatın keltiriwdi orınlı dep esaplaymız: «Maǵan kelip jetken xabarlarǵa qaraǵanda, - dep jazadı A.Dosnazarov, - OK sońǵı waqıtları Qaraqalpaqstanda bas kótergen basqınshılıq (banditizm) qa baylanıslı ol jaqqa quramına KUTV oqıwshısı Qudabaev kirgen komissiyanı jibergen. Eger bul xabarlar ras bolsa, onda men, kommunist, Qaraqalpaqstanda tuwılıp ósken hám sol jerde islegen xızmetker sıpatında tómendegilerdi bildiriwdi ózimniń parızım dep esaplayman».[9] Birinshi gezekte A.Dosnazarov Abu Qudabaevtiń sociallıq shıǵısı haqqında pikirin bildiredi: «Qaraqalpaqstan wálayatına bay-biydiń ulı ótmishi námálim bolǵan Qudabaev jiberildi. Ol hátte óziniń milletiniń qanday ekenin de jasırǵan, qaraqalpaqpan dep bildirgen, al haqıyqatında ol qazaq hám qaraqalpaqqa hesh qanday qatnası joq».[10]

Juwapkerli lawazımdı (obkom xatkeri) iyelegennen keyin, A.Dosnazarovtıń sózine qaraǵanda Qudabaev jaramsız, jaman isler islegen: 1) bay elementleri menen siyasiy (olarǵa barlıq sırlardı, sonıń ishinde partiyalıq sırlardı aytqan) hám materiallıq jaqtan baylanısqan (bárhama olarda miymanda bolǵan hám hár qıylı sawǵalar bergen); 2) sovet hám partiya apparatın baylar jáne baylardın adamları menen tolıqtırǵan (Sátim İshmanov, Allaqulov – tutınıwshılar jámiyetleriniń wálayatlıq awqamında; İshimbet Atamov – úlken bay; QazOAK (TsİK) tıń aǵzası hám t.b); 3) bir qatar volostlar bayların ol salıqlardan azat etken (Shaǵal kópirli Shınıbay); 4) Ol keńeslerge saylaw aldı mapazı waqtında baylardıń oǵan belsene qatnasıwına jol qoyǵan (Sheyx Abbat volostı Atqarıw Komitetiniń baslıǵı bolıp sawdager Qutlımurat aǵzası bolıp – Dosan bay saylanǵan); 5) «biziń elimizdiń ishki siyasiy hám partiyalıq jaǵdayı usı baylar arqalı Awǵanstanda hám Persiyada málim bolǵan, dep aytıw múmkin».

A.Dosnazarov «Qudabaevtiń jınayatları haqqında anıq maǵlıwmatlar Qaraqalpaqstan OGPU tárepinen júrgizilgen isler de bar hám bıyılǵı jıldıń jazında

[9] AJK RK, f.1, op.2, d.635, l.1.
[10] AJK RK, f.1, op.2, d.635, l.1.

Qaraqalpaqstan shólkemin tazalaw waqtında tolıq anıqlanǵan (máselen Qudabaev hám onıń adamları tárepinen milliy fondtıń hám múlktiń ózlestiriliwi haqqında)».[11]

«Qazúlkelik komiteti tárepinen bulardıń barlıǵı anıqlandı hám Qudabaev óziniń pútkil apparatı menen jumıstan shıǵarıldı, qala berse 160 adam (onıń adamları bolǵan mollalar baylar, ishanlar hám t.b) túrmege qamalǵan. Qudabaevtiń óz qanday da jol menen qutılıp ketken hám hátte KUTVǵa oqıwǵa kirgen. Qudabaevtiń agentleri Qaraqalpaqstanda qaldı hám endi Moskvadan, óz ruwxlandırıwshısı Qudabaev tárepinen qollap-quwatlawǵa iye bolıp, jasırın túrde ózleriniń zıyanlı háreketlerin dawam etpekte».

A.Dosnazarovtı basqınshılıqtıń kúsheyiwine baylanıslı Qaraqalpaqstanǵa jiberilgen VKP (b) OK komissiyasınıń quramına Qudabaevtiń kirgiziliw fakti ǵázeplendiredi.[12]

Búgingi kúnniń pozitsiyasınan alıp qaraǵanda A.Dosnazarovtıń xatınıń mazmunı subektivlik analizge tolı, ol óz xatında keltirgen maǵlıwmatlar asıra kórsetilgen, buǵan A.Dosnazarovtıń A.Qudabaevqa qattı ókpelewi tiykar bolǵan. Sebebi A. Qudabaev QazASSR basshılıǵınıń tapsırması orınlay otırıp A.Dosnazarovtı Qaraqalpaqstanǵa qatırıw talabın qoymaǵan. O`ziniń dúnya qarası, tolıp tasqan jigeri menen A.Dosnazarov qáliplestirilip atırǵan buyrıq beriw – hákimshilik sistemasına sáykes kelmegen, bul sistemaǵa tereń oy-pikir júritiwshi basshılar kerek bolmaǵan, dep juwmaq shıǵarıw múmkin.

Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatınıń hákimiyatlıq uyımları 1925-jıldıń noyabr ayınıń basına kele birotala qáliplestirildi. «Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatınıń basshı quramın shama menen úsh toparǵa bóliw múmkin», - dep jazadı 1927-jılı hákimiyatqa kelgen P.Varlamov, óziniń VKP (b) Qazaqstan U`lkelik Komitetiniń juwaplı xatkeri F.İ.Goloshekinniń atına 1928-jıldıń 28-martında jibergen xatında. Birinshi topar jergilikli milletler (qaraqalpaqlar, ózbekler, qazaqlar, túrkmenler) ortalıǵınan usınıwlar protsessinde dúzildi. Olardıń barlıǵı óziniń dárejesi boyınsha tiykarınan birdey boldı. Tek ayırımların ǵana almaǵanda

[11] AJK RK, f.1, op.2, d.635, l.2.
[12] AJK RK, f.1, op.2, d.635, l.2.

jumısta aytarlıqtay ázzi edi. Olar ózlerin ele haqıyqıy kommunistler basshılar sıpatında sezbedi, «ańlap jetpedi» hám úlken járdem jáne dıqqattı talap etti. Xızmetkerlerdiń bul toparında tosınnan kelip qalǵanlarda kóp edi. Olardıń ayırımları hár qıylı jınayatlarǵa aralasqan (tiykarınan lawazımlıq), yamasa pútkilley jumısqa uqıpsız bolıp shıqtı. Olar tek anaw yamasa mınaw topardıń (yamasa adamnıń) «málimleme jetkeriwshisi» boldı, yamasa wálayattıń «óz» milletiniń wákili boldı. (Burın bul jerde «milliy arifmetika» dep atalatuǵın talap bar edi. Ol boyınsha lawazımlar hám «tásir etiw salaları» bólistirildi). Sonday-aq bolshevikler partiyasınıń qatarına hám sovet hákimiyatına kirip qalǵan sotsiallıq jat elementler de bar edi.

Xızmetkerlerdiń ekinshi toparı bular jergilikli emes, al sırttan jiberilgen yamasa wálayattıń sorawları boyınsha aldırılǵan, yaki úlkelik komitetten hám ulıwma úlkelik mákemeler menen shólkemlerden jiberilgen adamlar edi. Bul topar kópshilik tárepinen evropalılardan (tiykarınan ruslardan) qazaqlar hám tatarlardan ibarat boldı. Qala berse olardıń bir qatarı Qazaqstannıń basqa guberniyalarında paydalanıw múmkin bolmaǵanlıqtan jumıssızlar sıpatında, yamasa hár qıylı qáte kemshilikleri hám jáne tártip buzıwları ushın jaza sıpatında jiberilgenler edi. Olardıń ayırımları aqsha islep tabıw ushın Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatına keliwge kelisim bildirgenler edi hám t.b. Aqıbetinde geyparaları ishiwshilikke berilip túnlerde soqta oynaytuǵın edi (olardıń ayırımları preferans oynaw mádeniyatlılıqtıń belgisi dep esapladı), tapsırılǵan jumısqa biyparwa qaradı hátte jınayatlar isledi. Ayırımları bolsa mákemelerge barıp hár qıylı nárselerdi aytıp, sınǵa alıp, ózlerin juwapkersiz tuttı. Geyparaları bolsa lawazımınan ayrılıp qalmawı maqsetinde aylıq alıw ushın ǵana isledi. Qay jaqtan shıqqanına qaramastan barlıq usınıslar menen kelisip olardı maqullap júrdi.

Úshinshi topar «ıqtıyarlı hám ıqtıyarsızlardan» ibarat boldı. Bul toparda partiya qatarında joqlar (mákemeler hám shólkemlerdiń qániygeleri, texnikalıq xızmetkerleri hám basqalar) boldı, «Tandırdı qızǵanda jap!», «Shamań barda jasap qal!» degen súrenler astında jasadı hám isledi. Qadaǵalawsızlıq jaǵdayınan paydalanıp olar kóp aqsha alatuǵın edi, ısrapshılıqqa jol qoydı. Qala berse bul

«qániygelerdiń» kópshiligi gúman payda etti. Súrgindegiler (ásirese siyasiy súrgindegiler) belgili dárejede shólkemlesken topardı quradı. Al basqaları bolsa ishiwshilikke, buzaqshılıqqa berildi, yamasa daw jánjel shıǵarıp, ósek aytıp júrdi.[13]

Usıǵan baylanıslı VKP (b) nıń QazASSRındaǵı juwaplı xatkeri Filipp Goloshekinniń dógeregindegilerge minezleme beriw úlken áhmiyetke iye boladı. Olar haqıyqıy byurokratlar edi. Respublikanıń birinshi basshısına qarsı shıqpadı, direktivalardı qatań orınladı, Oraydıń kórsetpelerin hám Goloshekindi hesh qashan sınǵa almadı. Olar konfiskatsiyalaw hám kúsh qollanıp, májbúrlep kollektivlestiriw, sociallıq hám ekonomikalıq protsesslerdi hádden tıs jedellestiriw Qazaq awıllarına apatshılıq alıp kelip, qıyın jaǵdayǵa duwshar etetuǵının túsindi. Biraq olar óz pikirin bildirmedi hám sırttan baqlawshılıq pozitsiyasın iyeledi, jáne Goloshekinge qarsı shıqpadı.

Oraz Jandosov, Uzaqbay Qulımbetov, A`bdiraxman Aytiev, Oraz İsaev, Eltay Ernazarov, İztay Kuramısov, Seytqaliy Mendeshev ózleriniń joqarı lawazımların xalıqtıń máplerinen, maqsetlerinen joqarı qoyatuǵın hámelparazlar edi.[14]

## 1.2 Qaraqalpaqstan aymaǵına basqa regionlardan kelgen basshı hám basqarıw kadrları jáne olardıń ózgeshelikleri.

Siyasiy waqıyalardıń rawajlanıwınıń jańa basqıshına kirgen bolshevikler húkimeti 20-jıllardıń aqırınan baslap socializm qurıw siyasatın ámelge asıra basladı. Ol NEP (Jańa ekonomikalıq siyasat) tı juwmaqlawda hám tutas kollektivlestiriwdi júrgiziwde, industriyalizatsiyalaw siyasatı hám «mádeniy revolyutsiya» siyasatında kórindi. Bolsheviklerdiń bul maqsetleri, jobaları direktivalar, tsirkulyarlar, qaralar túrinde awqamlıq, avtonomiyalı respublikalarǵa hám wálayatlarǵa jiberildi. Bul kórsetpelerdi orınlaw ushın atqarıwshılar talap etildi. Sonlıqtan da partiya İ.Stalinniń belgilep bergenindey «direktivalardı ámelge

---

[13] AJK RK, f.1, op.2, d.112, l.24-25.
[14] A.Mamashulı: Palach kazaxskogo naroda Goloshekin prishel i ushel, proslavlenie ego podruchnıx prodoljaetsya //http://www.centrasia.ru/ newsA/php?st=1315917840

asırıwǵa uqıplı, ózleri de direktivalar qabıl ete alatuǵın hám olardı turmısqa asırap alatuǵın» kadrlarǵa kóbirek dıqqat qarata basladı.[15]

Óz wazıypaların sheshiw ushın oray Qaraqalpaqstanǵa kóp sanlı partiya hám sovet desantın maqsetke baǵdarlanǵan túrde jiberdi. Sonday-aq jergilikli millet wákillerinen kadrlar tayarladı.

Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatında siyasiy-ekonomikalıq ıqlımnıń ózgeriwi kópshilik tárepinen Abu Qudabaevtiń ornına kelgen P.İ.Varlamov (1899-1942) penen baylanıslı. RKP (b) Qazaqstan Úlkelik Komiteti Byurosınıń usınıwı boyınsha ol III konferenciyada Qaraqalpaqstan wálayatlıq partiya shólkeminiń juwaplı xatkeri bolıp saylandı (1927-jıl 26-30-oktyabr). VKP (b) Qazaqstan Úlkelik Komitetiniń P.İ.Varlamovtıń atına jibergen xatında (1927-jıldıń oktyabri) kimge qarsı gúres júrgiziw zárúrligi haqqında tikkeley kórsetilgen: «Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatında ele baylardıń hám din wákilleriniń tásiri ele kúshli… Baylar hám iyshanlardıń ústemliginiń tiykarı olardıń suwdan hám jerden paydalanıw tarawındaǵı jeńillikleri bolıp tabılǵanlıqtan, olarǵa qarsı gúresti tiyisli reformalar járdeminde júrgiziw kerek».[16] Usılay etip «awıllardı sovetlestiriw» baslandı.

1927-jılı Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatı mámleketlik hákimiyatı «apparatın bekkemlew hám salamatlandırıw» maqsetinde Qazaqstan Úlkelik komitetinen 68 juwapkerli xızmetkerler keldi.[17]

Usı kórsetpelerden soń partiya-sovet apparatında joqarıda atap ótilgen baylar hám iyshanlarǵa qarsı gúres usaǵan direktivalardı ámelge asırıw ushın úlken ózgerisler júz berdi. Xalıqtıń eń jarlı qatlamların – bolsheviklerdiń potentsiallıq awqamlasların tartıw jolı menen «apparattı bekkemlew hám salamatlandırıw» iske asırıldı, bolsheviklerdiń baylardıń múlkin tartıp alıw hám mámlkettiń iyeligine ótkeriw ideyası xalıqtıń eń jırlı qatlamlarınıń ideyalarına únles keldi.

---

[15] Aleksandr Velikiy. Partiynaya nomenklatura v Kommunisticheskoy Belarusi: sozdanie, razvitie, krax. www.newsletter.iatp.by / str8-9.htm/

[16] Varlamov Petr Ivanovich (1899-1942) russ 1917-jıldan kompartiya aǵzası, 1927-1930-jıllarda RKP (b) Qaraqalpaqstan opkomınıń juóaplı xatkeri. Qazaqstanda bir qatar basshı jumıslarda islegen. 1942-jılı Stalingrad janındaǵı saóashta qurban bolǵan.

[17] AJK RK, f.1, op.3, d.360, l.3-6.

Sońǵılıǵında Qaraqalpaqstannıń hákimiyatlıq strukturalarınıń jumısına QazASSR Úlkelik Komiteti menen bir qatarda Orta Aziya byurosı (Sredaz byuro) basshılıq ete basladı. Ol Qaraqalpaqstanǵa orta hám buwın basshıların jibere basladı. 1929-jılı Orta Aziya byurosı Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatına barlıǵı bolıp 11 xatker jiberip, olardıń arasında 7 qazaq, 2 ózbek, 1 russ. 1 tatar boldı. Úgit-násiyat jumısları baǵdarında 10 xatker bolıp sonnan 2 qaraqalpaq, 7 qazaq, 1 rus boldı. 1930-jılı Orta Aziya byurosı Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatına barlıǵı bolıp 8 xatker jiberdi. Sonnan 2 qaraqalpaq, 4 qazaq, 1 ózbek, 1 rus boldı. Úgit-násiyat jumısları menen 10 adam shuǵıllandı. Olardıń arasında 1 qaraqalpaq, 8 qazaq, 1 tatar boldı. Partiya hám sovet kadrların jiberiwdi basshılıq etiwshi partiya «tariyxıy jaǵday, Orta Aziya xalıqlarınıń «socializmge kapitalistlik rawajlanıw basqıshınan atlap ótkeni» menen túsindirdi. Xaqıyqatında bul xalıqtıń jámiyetlik-ekonomikalıq turmısınıń barlıq salaları hám milliy kadrlar ústinen qadaǵalaw boldı. Bul jerge kelgen partiya, xojalıq kadrları Qaraqalpaqstandaǵı partiya hám sovet shólkemleriniń jumısın qadaǵalawı tiyis edi.

Joqarıda keltirilgen faktler kadr siyasatında sovetler (keńesler) kadrlar desantın jiberiwdi qollanǵanın hám jergilikli xalıq wákillerin de paydalana baslaǵanın kórsetedi. Biraq bul bolsheviklerdiń olarǵa isenim bildirgenin ańlatpaydı. Haqıyqatın da sociallıq shıǵısına jáne partiyaǵa sadıqlıǵına artıqmashlıq berildi. Sonlıqtan da lawazımǵa bekitiliw ushın partiya uyımınıń kelisimi zárúr boldı. Bunı bolshevikler «basshı kadrlardı siyasiy hám iskerlik sıpatlarına qaray tańlap alıw hám ornı-ornına qoyıw dep túsindirdi. Mámleketlik kadr siyasatın iske asırıwdıń kadrlardıń rotatsiyası usaǵan mexanizmi keń tarqaldı. Bul juwapkerli xızmetkerlerdi bir uchastkadan ekinshi uchastkaǵa jiberiwdi hám ózgertiwdi ańlattı. Faktlerdiń kórsetkenindey partiya opkomınıń quramı keskin túrde 65%ke jańalandı.

Bolsheviklik hákimiyattıń kútá keńeyiwi sovet Rossiyasında partiya – mámleketlik basqarıwdıń hádden tıs oraylastırılıwına alıp keldi. Ol basqa da awqamlıq respublikalarǵa, sonıń ishinde Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatına da tásir kórsetti, onda mámleketlik lawazımlarǵa tayınlaw joqarıdan tómenge qaray

ámelge asırıldı. Joqarı dárejedegi partiya (sonday-aqmámleketlik) uyım ierarxiya boyınsha tómen turǵan vedomstvolardın kadrların tayınlawǵa basshılıq etti, olardı ózgertti, lawazımǵa kóterdi, yamasa tómenletti, yaki lawazımınan túsirdi

Stalin bılay dep kórsetti: «Partiyanıń basshılıq roli tek direktivalar beriwde ǵana emes, al belgili lawazımlarǵa biziń direktivalarımızdı túsiniwge hám olardı haq niyet penen orınlawǵa uqıplı adamlar qoyılıwında kóriniwi tiyis. OKnıń siyasiy jumısı hám shólkemlesiriw jumısı arasında ótip bolmaytuǵınday shegara qoyıwǵa bolmaytuǵının dálillewdiń keregi joq. Jaqsı siyasiy baǵdar alıwdıń ózi jetkilikli, sonıń menen is pitedi, dep sizlerdiń hesh qaysısıńız ayta almaysız. Bul tek jumıstıń bir bólegi ǵana. Durıs siyasiy baǵdar berilgennen keyin xızmetkerlerdi sonday etip tańlap alıw zárúr, lawazımlardı usı direktivalardı tap ózinikindey qabıl etiwge, jáne olardı turmısqa asırıwǵa uqıplı bolǵan adamlar turıwı tiyis. Bunday bolmaǵan jaǵdayda siyasat óziniń mánisin joytadı. Tek ǵana qollardı siltewlerge aylanıp qaladı».[18]

Solay etip Stalin Esapqa alıw – bólistiriw bólimine «ullı perspektivanı» belgiledi. OKnıń tómengi hám joqarı buwınlardaǵı tiykarǵı xızmetkerlerdi esapqa alıwı hám bólistiriwi tiyis bolǵan uyımı, yaǵnıy Esapqa alıw – bólistiriw bólimi kútá úlken áhmiyetke iye boldı. Al buǵan deyin bul bólim uezdlik, guberniyalıq hám wálayatlıq komitetler boyınsha kadrlardı esapqa alıw jáne bólistiriw menen sheklengen edi. Onıń wákillikleri bunnan arı barmadı. Endi bolsa har bir xızmetkerdi ábden úyrenip shıǵıw wazıypası qoyıldı. Endi bólim gubkomlar hám ukomlar menen sheklenip qalmadı.[19]

Sońǵılıǵında esapqa alıw hám bólistiriw bóliminiń jumısı partiya nomenklaturası sıpatında belgili bolǵan sistemaǵa kirdi. Partiya uyımlarınıń qararı yamasa kelisimi boyınsha qoyılatuǵın lawazımlardıń dizimi «nomenklatura» atamasın aldı. Al usı lawazımlarǵa tayınlanatuǵın adamlar «nomenklaturalıq xızmetkerlerge» aylandı.

---

[18] Tsit. Po: Zemlyanoy N. Nevidimaya ruka Uchraspreda // Otechestvennıe zapiski, 2004. №2. – S. 56.
[19] Tsit. Po: Zemlyanoy N. Nevidimaya ruka Uchraspreda // Otechestvennıe zapiski, 2004. №2. – S. 56.

Esapqa alıw maǵlıwmatları tiykarında xızmetkerler rezervin qáliplestiriw hám anaw yamasa mınaw ólshemler boyınsha ózgertiliwi tiyislerdi anıqlaw, partiya, mámleket hám xojalıq apparatında tiyisli lawazımlardı iyelewge kandidatlardı tańlap alıw boyınsha jumıs baslandı. Xızmetkerlerdiń jeke islerinde tek bilim dárejesi, ámeliy stajı hám jumıs kólemi sáwlelendirilip qalmastan, al belgili bir jumısqa baylanıslı potentsiallıq múmkinshilieri, uqıplıqları da kórsetildi. Basshı xızmetkerlerdi nomenklaturalıq esapqa alıwǵa bolǵan jeke islerde hám ómir bayanlardan tısqarı hár qıylı minezlemeler, jumısına siyasiy tayarlıǵına hám jeke sıpatlarına baha berilgen maǵlıwmatnamalar da boldı. Bularǵa sonday-aq olardıń is-háreketleri haqqındaǵı xatlar, olar boyınsha hár qıylı komissiyalardıń tekseriwleriniń nátiyjeleri, usı adamnıń isi boyınsha partiya uyımları qabıl etken qaralar, materiallar qosa tigildi. Jeke istegi maǵlıwmatlar puxta analizlendi, bunda ásirese sáykes kelmewshiliklerge yamasa túsiniksiz jerlerine dıqqat qaratıldı. Bunıń nátiyjesinde partiyalıq minezleme jazıldı. Partiya minezlemesi tiykarında basshınıń iyelep turǵan lawazımına muwapıqlıǵı yamasa onı jane de joqarı lawazımǵa usınıw múmkinshiligi haqqında juwmaq shıǵarıldı. Awqamlıq respublikalar, úlkeler, wálayatlar hám rayonlar dárejesinde tiyisli partiya komitetleri usınday jumıs júrgizdi. Bul ilájlar nátiyjesinde kadrlardı tańlap alıw hám ornı-ornına qoyıwdıń nomenklaturalıq prinsipiniń shólkemlestiriwshilik tiykarı salındı. Buǵan muwapıq basshı lawazımınıń belgili bir nomenklaturanı iyelew partiya uyımlarınıń basshılıǵında, qadaǵalawında ámelge asırıldı.

İdeologiyalıq, siyasiy hám ekonomikalıq turmıs ushın tán bolǵan partiya-mámleketlik monopolizimi nátiyjesinde barlıq hákimiyatlıq strukturalardın joqarı instantsiyalarǵa sózsiz baǵınıwı hám hákimiyattıń xalıq tárepinen qadaǵalanbawı tek ǵana totalitarlıq yamasa tutım júrgiziw ellerde ǵana múmkin bolǵan ayrıqsha sotsiallıq-partiya toparınıń dúziliwine alıp keldi. Bunda tikkeley direktivalıq basqarıwdı ámelge asırıw ushın birden-bir shólkemlerdiń dúziliwi tán edi[20]. Nomenklatura mexanizmi hákimiyattıń háreket etiwi ushın belgili bir sharayatlardı

---

[20] Voslenskiy. Nomenklatura. Gospodstvuyushiy klass Sovetskogo Soyuza. M. «Sovetskaya Rossiya». 1991. j. 45 str.

dúziw boyınsha basqarıwshı topardıń siyasiy wazıypalarına juwap berdi. Nomenklaturaǵa kirgen hár qıylı dárejedegi basshılar sonday jaǵdayǵa qoyıldı bul jaǵday statusınıń tómenlewi yamasa onı tolıq joytıw, demek materiallıq iygiliklerden hám jeńilliklerden ayrılıw, demek keleshekte quwdalawlarǵa hám jazalawlarǵa dus bolıw qáwpi astında olardı bar kúsh jigerin jumsap háreket etiwge májbúrledi.

Basshı xızmetkerdiń lawazımǵa kóteriliwi ádette birneshe basqısh arqalı ótti. Dáslepki basqıshta partiya hám sovet húkimeti apparatında, kárxanalar hám mákemelerdiń iri partiya shólkemlerinde saylap qoyılatuǵın lawazımlarda, xojalıq jumısında yamasa komsomol hám kásiplik awqam uyımlarınıń jumısında ózin kórsetiw zárúr boldı. Bunnan keyin qaladaǵı, rayondaǵı, iri kárxana yamasa mákemedegi jaǵdayǵa juwapkershilik penen baylanıslı óz aldına basshı jumısqa tayınlaw júz beriwi múmkin edi. Tek ózin unamlı tárepinen kórsetken, basqarıwdıń qabıl etilgen texnologiyasın jaqsı meńgergen hám hár qıylı jaǵdaylarda juwaplı xızmetkerdiń ózin tutıwı talaplarına sáykes kelgen basshı xızmetkerler ǵana hákimiyattıń eń joqarı lawazımlarına usınılıwı múmkin edi. Dáslep olar birinshi lawazımdaǵı adamlardıń orınbasarları hám járdemshileri sıpatında lawazımlarǵa qoyıldı, bunnan keyin basqarıwdıń oraylıq apparatı hám xalıq xojalıǵı ayırım tarawlarınıń strukturalarınıń juwapkerli basshıları, sonday-aq regionallıq basshılar lawazımlarına usınıldı.

Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatı RSFSRdıń baǵınıwına ótkerilgennen keyinde partiya hám sovet kadrların jiberiw dawam etti. Bul kadrlar óz-ózinen wálayatlıq áhmiyettegi partiya nomenklaturasına kirgizildi.[21]

Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatı 1930-jıldıń 20-iyulinde RSFSRdıń oraylıq uyımlarınıń tikkeley baǵınıwına ótti. RSFSR OAK (TSÍK)inde Qaraqalpaqstan húkimetiniń turaqlı wákili bolıp Qasım Áwezov tayınlandı.

RSFRS húkimetiniń usı barlıq ilájları «socializmdı» tez qurıwǵa qaratıldı hám usınnan kelip shıǵıp wálayattı avtonomiyalı respublika etip qayta dúziw haqqında húkimetlik dárejede sheshimge keldi. RSFSR VTSİK Prezidiumı 1932-jıldıń 20

[21] AJK RK, f.1, op.3, d.360, l.73.

martında Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatın avtonomiyalı respublika etip qayta dúziw haqqında qarar qabıl etti. Bul haqqında máseleni Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatı Atqarıw Komiteti kirgizdi. RSFSR VTSİK tómendegidey qarar qabıl etti:

1. Onıń miynetkesh xalqınıń bildirgen erk ıqrarına muwapıq Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatın házirgi shegeralarında RSFSRdıń quramında, onıń federativlik bólimi sıpatında Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı Sovet Socialistlik Respublikası etip qayta dúzilsin.

2. Avtonomiyalı SSR aymaǵında hákimiyattıń joqarı uyımı sıpatında onıń Keńesleriniń Respublikalıq siezdin shaqırıwǵa deyin Qaraqalpaqstan wálayatlıq Atqarıw Komiteti esaplansın, oǵan OAKtı saylaw ushın hám hákimiyatlıq apparattı shólkemlestiriw ushın keńeslerdiń birinshi Qaraqalpaqstan Respublikalıq siezdin shaqırıw tapsırılsın.

3. VTSİK prezidiumı janındaǵı Milletler bólimine Qaraqalpaqstan avtonomiyalı SSRdın mámleketlik dúzilisi haqqında Rejeniń joybarın islep shıǵıw hám onı VTSİK prezidiumınıń tastıyıqlawına usınıw tapsırılsın.[22]

1932-jıldıń ekinshi martında K.Nurmuxammedov (baslıǵı), D.Loginov (baslıqtıń orınbasarı), Dosjanov (komissiya xatkeri), K.Áwezov, Chernikov, Yajanaliev hám Sergeev quramında shólkemlestiriw komissiyası dúzildi.[23] 1932-jıldıń 11-mayında VTSİK (OAK) baslıǵı M.İ.Kalinin hám RSFSR (SNK, XKK) baslıǵınıń orınbasarı T.R.Rısqulov «QQASSRdıń mámleketlik dúzilisi haqqında» Rejeni tastıyıqladı.

Qaraqalpaqstan Keńesleriniń birinshi sessiyasında (1932-jıl 30-mart) VTSİK (OAK) dúzildi. Qaraqalpaqstan avtonomiyalı respublikası húkimeti endi kóplegen lawazımlı adamlarǵa iye boldı.

1932-jıldıń 1-oktyabrinde QQASSR VTSİK (OAK) «QQASSR Xalıq Komissarları Keńesi haqqında», «QQASSR Xalıq Komissarları Keńesi

---

[22] TsGARK, RK, f.229, op.1, d.48, l.28.
[23] Kamalov S.K. Qaraqalpaqlardıń xalıq bolıp qáliplesióı hám onıń mámleketliginiń tariyxınan. Nókis. 2001. – 61-b.

májlisleriniń Reglamenti haqqında», «QQASSR Oraylıq Atqarıw Komiteti, Prezidiumı hám aǵzaları háqqında» nızamları qabıl etildi.

Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatı RSFSRdıń quramına kirgennen keyin joqarı siyasiy basshılıqta ózgerdi. P.Varlamovtıń ornına T.İ.Churbanov VKP (b) Qaraqalpaqstan obkomınıń juwaplı sekretari boldı. Qaraqalpaqstanǵa kadrlar desantın jiberiw úlkeniń siyasiy-mádeniy turmısınıń jaǵdayına unamsız tásir etti. «Miynetkesh qaraqalpaq» gazetasınıń 1930-jıl 15-oktyabrdegi sanında İzbenovtıń maqalası járiyalandı. Onda avtor Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatına sırttan kelgen xızmetkerlerdi keskin sınǵa aldı, olardı «ushıp-qonıp júriwshiler», «óz mápin oylawshılar», hesh nársege jaramsız xızmetkerler sıpatında kórsetti. Alıstaǵı wálayatqa tek ózlerin qayta tiklew hám kóp aqsha islep tabıw ushın ǵana kelgenligin jazdı. Partiya obkomınıń byurosı 29-noyabrde maqalaǵa «opportunistlik» hám «klasslıq dushpannıń bir tárepinen mámleketlik apparattıń hám basshı kadrlardıń abıroyın túsiriwge, ekinshi tárepinen milletler arasında alawızlıq payda etiwge urınıw», dep baha berdi.[24]

Bunday jaǵday bunnan keyinde birneshe ret qaytalandı. Máselen 1933-jıldıń may ayında Qaraqalpaqstanda joqarı partiya hákimiyatı taǵı da ózgerdi. Churbanovtıń ornına OK Qaraqalpaqstanǵa İslam Alievti jiberdi. Bul ámelde jáne de Qaraqalpaqstanǵa basshı kadrlardı sırttan jiberiw siyasatın ańlattı. Jańa basshınıń keliwi menen hákimiyatlıq strukturalarda taǵı da ózgerisler júz berdi. Qaraqalpaqstan partiya opkomınıń barlıq buwınlarında, sonıń ishinde rayonlıq kólemde ózgerisler boldı. Rayonlıq partiya komitetleriniń 11 juwaplı xatkerlerinen óz lawazımlarında tek 3 adam ǵana qaldı. Qalǵan 8 adam iyelep turǵan lawazımlarınan alındı, hár qıylı shetlep ketiwlerde ayıplandı, olardıń ornına rayonlıq partiya komitetleriniń jańa juwaplı xatkerleri tayınlandı.

VTSİK (OAK) baslıǵı K.Nurmuxammedov iyelep turǵan lawazımınan túsirilip, onıń ornına N.Saparov tayınlandı. 1925-1930-jıllardaǵı Sovet húkimetiniń kadrlar siyasatın izertlep úyrenip tómendegilerdi atap kórsetemiz:

[24] AJK RK, f.1, op.2, d.358, l.4.

- Oray Qazaqstan hám Rossiyadan basqarıwshılardı «desant etip» jiberiw usılın paydalandı. Sırttan jiberilgen xızmetkerler evropalılar, qazaqlar hám tatarlar boldı. Olardıń kópshiligi jumıssızlar bolıp olardı Qazaqstannıń basqa guberniyalarında paydalanıw múmkin bolmadı, yamasa olar hár qıylı jınayatları ushın jaza sıpatında bul jaqqa jiberildi. Olardıń ayırımları aqsha islep tabıw ushın Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatına keliwge kelisim bildirdi.

Mámleketlik kadr siyasatınıń kadrlar rotaciyası usaǵan mexanizimi yaǵnıy juwapkerli xızmetkerlerdi bir uchastkadan ekinshi uchastkaǵa ótkeriw keń en jaydı.

- 1927-jılı Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatında mámleketlik hákimiyattıń «apparatın bekkemlew hám salamatlandırıw maqsetlerinde Qazaqstan Úlkelik Komitetinen juwaplı xızmetkerler keldi. Bunnan keyin Qaraqalpaqstandaǵı hákimiyatlıq strukturalardıń jumısına QazASSR Úlkelik Komiteti menen bir qatarda Ortaazbyuro basshılıq ete basladı. Ol Qaraqalpaqstanǵa orta hám basshı buwın xızmetkerlerin jiberip turdı.

- 1929-jılı Ortaazbyuro Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatına barlıǵı bolıp 11 xatker – sonıń ishinde milleti boyınsha 7 qazaq, 2 ózbek, 1 russ, 1 tatar xızmetker jiberdi. Úgit-násiyat jumısları boyınsha 10 xatker – 2 qaraqalpaq, 7 qazaq, 1 russ xızmetker boldı. 1930-jılı Ortaazbyuro Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatına barlıǵı bolıp 8 xatker – sonnan 2 qaraqalpaq, 4 qazaq, 1 ózbek, 1 russ xızmetker jiberdi. Úgit-násiyat jumıslarına barlıǵı bolıp 10 adam jiberip, sonnan milleti boyınsha 1-qaraqalpaq, 8 qazaq, 1 tatar xızmetker boldı. Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatı tikkeley RSFSRdıń baǵınıwına ótkennen keyin de Sovet kadrların jiberiw dawam etti.

- Máselen 1931-jılı Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatına 12 xatker jiberilip, sonnan 4 qaraqalpaq, 1 qazaq, 4 ózbek, 1 russ, 2 tatar boldı. Shólkemlestiriw bólimine 7 adam, sonnan 6 qazaq, 1 rus jiberildi. Úgit násiyat jumısları boyınsha 10 adam jiberilip, olardıń arasında 3 qaraqalpaq 7 qazaq xızmetkerler boldı. 1930-jılı raykomlardıń 7 xatkeri hám úgit-násiyat bóliminiń 3 baslıǵı lawazımınan alındı. 1931-jılda raykomlardıń 7 xatkeri, 3 shólkemlestiriw

bóliminiń baslıqları, 5 úgit-násiyat jumısları bólimi baslıqları ózgertildi. Obkomnıń apparatında 1930-jıldan baslap 2 shólkemlestiriw bóliminiń baslıǵı, 3 shólkemlestiriw bólimi baslıǵınıń orınbasarları, 1 úgit-násiyat bóliminiń orınbasarı, 1 mádeniyat (kulttprom) bóliminiń baslıǵı, 1 kadrlar bóliminiń baslıǵı, 2 kadrlar bóliminiń orınbasarları, 1 xayal-qızlar sektorınıń baslıǵı lawazımlarınan alındı.

Solay etip Qaraqalpaqstanǵa sırttan kadrlardı «desant etip» jiberiw úlkeniń siyasiy-mádeniy turmısınıń jaǵdayına unamsız tásir etti.

## 2.3. Qaraqalpaqstanda Sovet húkimetiniń kadrlar siyasatında kadrlardı basshı lawazımlarǵa usınıw

Sovet totalitarlıq siyasiy sistemasınıń qáliplesiwi hám bekkemleniwi dáwirinde jumısshı hám diyqanlardı basshı jáne juwapkerli lawazımlarǵa usınıw kadrlar siyasatınıń áhmiyetli bólegi boldı. Basqarıw kadrların tańlap alıw hám tayarlaw sistemasınıń bir bólegine aylanǵan kadrlardı basshı lawazımlarǵa usınıw 1920-jıllardıń birinshi yarımında hám 1930-jıllarda basshı lawazımlardı basqarıw protsessin ámelge asırıwǵa uqıplı xızmetkerler menen ǵana emes, al kommunistlik jámiyet qurıw haqqındaǵı bolsheviklerdiń ideyasın qollap-quwatlawshılar menen tolıqtırıw mashqalasın sheshiwge múmkinshilik berdi.

1924-jıldan baslap kadrlardı basshı hám juwapkerli lawazım lawazımlarǵa usınıw mámlekettiń kadr siyasatınıń tiykarǵı baǵdarlarınıń birine aylandı. 1924-jıldıń yanvarında ótkerilgen XIII partiya konferentsiyası, bunnan keyin 1924-jıldıń may ayında ótkerilgen RKP (b) nıń XIII siezdi partiya, kásiplik awqamları hám xojalıq uyımları ushın kadrlardı basshı lawazımlarǵa usınıw máselesin birinshi dárejeli wazıypalar qatarına qoydı.

Siezddiń qararında jumısshılardı mámleketlik xızmetke usınǵanda olardıń tayarlıqsızlıǵına, bilim dárejesine dıqqat qarata bermewdi atap kórsetti. Eń baslısı, olardı mámleketlik basqarıw salasında qániygeler etip shıǵarıw emes, al olardıń

partiyalıq tárbiya alıwı, «óziniń pútkil jumısında partiyanıń baǵdarın júrgiziwi hám onıń tolıq jáne tikkeley basshılıǵı astında bolıwı» kerekligi kórsetildi.[25]

Kadrlardı basshı lawazımlarǵa usınıw máselelerine birinshi Ámiwdárya wálayatlıq partiya konferentsiyasında da dıqqat qaratıldı. Ol qabıl etken háwlide bılay dep kórsetildi: «Házirgi waqıtta partiya qatarında joq diyqanlar hám jumısshılar massasınıń eń jaqsı elementlerin belsendi jumısqa tartıw partiyanıń eń áhmiyetli wazıypalarınan biri esaplanadı. Sonlıqtan da usı wazıypanı orınlawǵa dárhál kirise otırıp partiya shólkemi tómendegilerdi basshılıqqa alıwı tiyis:

1. Xalıq qatlamı arasında Sovet húkimetine isenimdi bekkemlewge erisip ǵana qoymastan, al diyqanlar hám jumısshılardın turmıs sharayatları hám mútájliklerin jaqsı biletuǵın, iske uqıplı xızmetkerlerdi, shólkemlestiriwshilerdi Sovet apparatında kóbeytiwge erisiw zárúr.

2. Bul kúshlerdi alıwdıń tiykarǵı dáregi óziniń klasslıq minnetin orınlawǵa haq niyet penen qatnasatuǵın proletariyler hám diyqanlar, Sovet húkimetine sadıq bolǵanlar, bul sadıqlıqtı onı belsene qorǵaw menen dálilleytuǵınlar, sheber shólkemlestiriwshiler hám awıl xalqı arasında abıroyǵa iye bolǵan adamlar bolıwı tiyis.[26]

Usılay bolıwına qaramastan 1925-1926-jıllarda Qaraqalpaqstanda kadrlardı usınday taqılette basshı xám juwapkerli lawazımlarǵa usınıwǵa jetkilikli dıqqat qaratılmadı. Kimdi usınılıwshı dep esaplaw kerekligi haqqında tolıq hám anıq kórsetpeler joq edi. Sonlıqtan da olardı esapqa alıw protsessi rawajlanbay qaldı. Tómengi buwın uyımları, hátte wálayatlıq uyımlardıń ózi de pútkil mákemelerdiń pútkil personalın, sonıń ishinde qarawıllardı, sharbaq xızmetkerlerin, kurierlerdi hám basqalardı da usınılıwshılar dep esapladı. Al ayırım mákemeler bunday adamlardıń qatarına kóp jıllardan beri juwapkerli lawazımlarda islep atırǵanlardı da kirgizdi.

Máselen Shımbay kruglik partiya komitetiniń xatkeri Muxsinniń diziminde 1925-1926-jıllar ushın kórsetilgen 105 lawazımlarǵa usınılıwshılardıń arasında 38

---

[25] Tsit. Po: Gimpel`son e.G. «Orabochivanie» sovetskogo gosudarstvennogo apparata: illyuzii i real`nost` // otechestvennaya istoriya. 2000, №5. – S. 40.
[26] AJKRK, f.1, op.1, d.404, 1.1.

diyqan hám batrak, 27 is júrgiziwshiler, 17 milicioner, 14 qarawıl, kurier, 4 muǵallim boldı.[27]

Lawazımlarǵa usınıwshılardıń kópshiligi mámleketlik basqarıw salasında jumısqa tayarlıǵı joq edi. Sonlıqtan da óziniń lawazımlıq wazıypaların orınlawda qıyınshılıqlarǵa dus boldı. Kadrlar lawazımlarǵa usınıwdıń tiykarǵı wazıypası «mámleketlik apparattı jaqsılaw hám onı jumısshılar menen diyqanlardıń mútájliklerine haqıyqıy xızmet etiwge jaqınlastırıw» boldı. Mámleketlik apparattı jaqsılaw degende «sociallıq jat» qániygelerdi jumıstan bosatıw arqalı onı jańalaw názerde tutıldı. Bunday xızmetkerler byurokratlıq tájiriybe ham basqarıw dástúrlerine úyrenip ketken, dep esaplandı. Bosaǵan lawazımlarǵa jumısshılar hám diyqanlar usınılıwı tiyis boldı. Bul sovet basshılarınıń jańa kadrların dúziwge hám sovet basqarıw apparatlarında byurokratizmdi saplastırıwǵa járdem etiwi kerek edi.

Ótkerilgen izertlewler barısında anıqlanǵan kemshilikler sol dáwirdiń kadrlar jumısı ushın tán boldı. Olar tómendegilerden ibarat edi:

1) kadrlardı usınıw boyınsha derlik barlıq jumıstıń partiya shólkemleriniń qolında bolıwı;

2) bul iske kásiplik awqam shólkemleriniń, sonday-aq vedomstvolar hám mákemeler basshılarınıń kózaba qatnas jasawı;

3) basqarıw apparatlarınıń tómengi buwın xızmetkerleriniń jetkilikli dárejede usınılmawı, olarǵa jumısshılar hám diyqanlar turaqlı usınılıwı tiyis bolǵan lawazımlar diziminiń islep shıǵılmawı;

Usınıń sebebinen qálegen bos lawazımlarǵa xızmetkerler usınıw ámelge asırıldı, usınılǵanlarǵa kópshilik jaǵdayda jańa jumısında talap bolmay qaldı.

Úshinshi wálayatlıq partiya konferentsiyası (1927-jıldıń 26-30-oktyabri) usınıw boyınsha jumısqa baslama saldı, «diyqan massaları arasınan jańa belsendiler usınıw» zárúrligin kórsetti. Biraq 1927-jıldıń dekabrinde partiya, sovet hám kásiplik awqamlar tárepinen usınıwlardıń barısı haqqında opkomnıń byurosına qoyılǵan másele usınıw haqqındaǵı direktivaǵa sarras, anıq kórsetpeler

[27] AJKRK, f.1, op.1, d.367, l.61-64.

kirgizbedi. Bul másele «Málimleme – statistikalıq jumıstı jaqsılaw boyınsha ilájlar haqqında» háwlige kirgizildi.[28]

1927-jılı usılǵanlar Tórtkul, Xojeli, Shımbay, Qońırat okruglerinde jer-suw bólimleri baslıqları, Qońırat okruglik atqarıw komitetiniń baslıǵı, Xojeli miliciyasınıń baslıǵı, xalıq sudyaları lawazımların iyeledi. 35 usınılǵan adamlardan milleti boyınsha 12 qaraqalpaq, 11 ózbek, 8 qazaq, 2 túrkmen okruglik mákemelerde joqarı lawazımlardı iyeledi.[29]

1928-jıldıń báhárinde en jayǵan «Awıllardı sovetlestiriw» mapazı hám usınnan kelip shıǵatuǵın «gedeylerdi qalayınsha shólkemlestiriw, ekonomikalıq jaqtan ayaqqa turǵızıw hám partiya dógeregine jámlew, olardı baylar, iyshanlar hám din wákilleriniń kúsheyip atırǵan belsendiligine qarama-qarsı qoyıw» usaǵan ilájlar awıllarda basqarıw apparatın aytarlıqtay jańalaw menen baylanıstırıldı.[30] Usınıw boyınsha jumıs sovet hám partiya apparatın jańalaw zárúrliginen kelip shıǵatuǵın shólkemlestiriwshilik juwmaqlarǵa ǵárezli bolıp qaldı. Wákillerdiń baslaması boyınsha awıllıq keńeslerdegi kadrlar kóbinese belsendi gedeyler, batraklar hám orta dármiyan adamlar, jańa húkimettiń tárepdarları menen almastırıldı. Jańa hákimiyat olardıń lawazımda ósiwi ushın úlken múmkinshilikler bergenlikten bul jańa basshılar Sovet húkimetine shıntlap xızmet ete basladı. Onıń direktivaların orınladı. Usınıw sonday-aq keskin zárúrlik bolǵan, Keńeslerde, «Qosshı» awqamında, batrachkomlarda, kooperatsiyalarda ózleriniń is-hareketleri menen salıqqa tartılıwı tiyis obektlerdi esapqa alıwdı irkip atırǵan «dushpan elementler» anıqlanǵan jaǵdayda da ámelge asırıldı.

1928-jıldıń 1-avgustına kele Qaraqalpaqstanda 63 adam lawazımlarǵa usınıldı. Sonnan 10 adam jumısshı, 41 batrak, 9 gedey hám 3 orta dármiyan adamlar boldı. Usınılǵanlardıń ulıwma sanınan 7 adam wálayatlıq, 27 adam rayonlıq, 29 adam awllıq kólemlerde lawazımlarǵa usınıldı. Milleti boyınsha qaraqalpaqlar – 24, qazaqlar – 13, ózbekler – 9, basqa millettegiler 17 adamdı

---

[28] AJK RK, f.1, op.1, d.367, l.81.

[29] AJK RK, f.1, op.1, d.717, l.30.
[30] AJK RK, f.1, op.1, d.164, l.173.

quradı. Partiyalılıǵı boyınsha 7 adam VKP (b) aǵzaları hám kandidatları, 20 adam partiya qatarında joqlar edi.[31]

Opkomnıń byurosı kimdi usınılıwshı dep esaplaw tiyisligi haqqında máselede sarras kórsetpe berdi. Usınılıwshılar awıllıq, rayonlıq hám wálayatlıq kólemdegi mákemelerdiń baslıqları, basqarma hám prezidium aǵzaları sıpatında jumısqa usınılǵanlar esaplandı. Usınılǵan adamlar 5 jıl dawamında usınılıwshılar esabında turıwı tiyis boldı. Bunnan keyin olar usınılıwshılar esabınan alıp shıǵarılıwı tiyis edi. Diyqanlar hám batraklardı usınıwda tiykarǵı rol Keńeslerge, «Qosshı» awqamına kooperatsiyalarǵa hám awıllardıń partiya shólkemlerine tiyisli boldı.

Usınıw boyınsha ilájlar qatarında wálayatlıq partiya komiteti 1928-jılı 195 abiturientti Rossiya, Qazaqstan hám O`zbekstannıń joqarı oqıw orınlarına tayarladı. Sonnan qaraqalpaqlar 41%ti, qazaqlar 37%ti, ózbekler 12%ti, tatarlar hám bashqurtlar 3,6%ti, túrkmenler 2,5%ti, ural kazakları 2,5%ti, basqalar 1.4%ti quradı.[32]

1928-jıldıń 28-avgustında wálayatlıq partiya komitetiniń shólkemlestiriw bóliminiń baslıǵı Dvornikov hám málimleme bóliminiń baslıǵı Juravlev Qazaqstan Úlkelik Komitetine jazǵan xatında Qaraqalpaqstanda kadrlar usınıw jumıslarınıń jaǵdayın tallap, analizley otırıp tómendegidey kemshiliklerdi atap kórsetti: jobalı jumıstıń joqlıǵı; mapaz haqqında jetkilikli dárejede ayqın túsinikke iye bolmawı; usınılıwshılarǵa itibarsız qatnas; usınılıwshılar menen tárbiya jumıslarınıń júrgizilmewi; usınıwdan qorqıw; xayal-qızlardı usınıwdıń irkiliske túsiwi; kásiplik awqamlardıń hám «Qosshı» awkamınıń uyańlıǵı (passivligi).[33]

Usınıwdıń tosınnan bolıwı jaǵdayınan sistemalı jumısqa sistemalı túrde ótiw, sovet hám xojalıq apparatın salamatlandırıw ushın Dvornikov hám Juravlev usınıw hám esapqa alıw boyınsha jumıs jobasın islep shıǵıwdı usındı. Usınılıwshılardıń tek sanın ǵana emes al olardıń sapasın esapqa alıwdı, lawazımlar nomenklaturasın islep shıǵıwdı, jańa kadrlardı usınıwda jergilikli millet wákillerinen usınıwǵa

[31] AJK RK, f.1, op.2, d. 247, l.10.
[32] AJK RK, f.1, op.2, d. 247, l.85.
[33] AJK RK, f.1, op.2, d. 247, l.87.

dıqqat qaratıwdı «istiń mápleri» degen sıltaw menen ótkerilip atırǵan ilájlarǵa qarsı turıwǵa tosqınlıq jasawǵa urınıwshılarǵa qarsı barınsha gúres júrgiziw usınıldı.[34]

1929-jıldıń 1-yanvarındaǵı jaǵdayı boyınsha barlıǵı bolıp Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatı boyınsha 121 adam usınılıwshılar sıpatında esapqa alındı. Sonnan wálayatlıq kólemde 21 adam, rayonlıq kólemde 54 adam, awıllıq kólemde 46 adam isledi. Sociallıq shıǵısı boyınsha olar tómendegidey boldı: jumısshılar – 18, batraklar – 65, gedeyler – 24, orta dármiyanlar – 9, xızmetkerler – 6 adam. Milleti boyınsha qaraqalpaqlar – 47 (38,8%), ózbekler – 28 (23,1%), qazaqlar – 22 (18,2%), basqalar – 7 (5,9%) boldı.

Usınılıwshı kadrlar kópshilik jaǵdaylarda úlken basshılar bolıp jetilisti. Máselen olardıń qatarında Fayzulla Erbaev[35], Abdulla Bayramsaǵatov[36], Bekniyaz Jumaniyazovtı[37] kórsetiw múmkin.

1930-jıllardıń basında kadrlardı usınıw boyınsha dáslepki ámeliy tájiriybe toplandı, ol bul siyasattıń eń áhmiyetli baǵdarların anıqlap berdi. Kópshilik jaǵdaydı kommunistler usınılatuǵın boldı. Partiyada joq xızmetkerler kútá az sanda usınıldı. Bulda bolsheviklerdiń «klasslıq qatnas» siyasatınıń kórinislerinen biri edi. Usınılatuǵın kandidaturalar birinshi gezekte sotsiallıq-klasslıq belgisi boyınsha tańlap alındı. Usınıwdı shólkemlestiriw, ótkeriw hám qadaǵalaw boyınsha ilájlar partiya komitetleri tárepinen ámelge asırıldı. Basqarıwdıń hár qıylı tarawlarında

---

34 AJK RK, f.1, op.2, d. 247, l.11.

35 Fayzulla Erbaev 1902-jılı Qıpshaqta tuwılǵan ózbek, 1922-1924-jılları Qıpshaqtaǵı awıllıq mektepte oqıǵan. 1924-1926-jılları Qıpshaq qalasında LKSM xatkeri. 1926-1927-jıllarda Qıpshaq «Qosshı» awqamınıń baslıǵı. 1927-1928-jıllarda Tórtkul` qalasında OblIK instruktorı. 1928-1929-jılları RONO baslıǵı, Shabbaz qalası. 1929-1930-jıllarda OblONO baslıǵınıń orınbasarı. 1930-1935-jılları kursant, Sanaat Akademiyası studenti. 1935-1937-jılları Xojelidegi Paxta zavodı qurılısınıń baslıǵı. 1937-1939-jılları Jergilikli sannaat xalıq komissarı. 1939-1940-jılları Tashkenttegi Qaraqalpaqstannıń turaqlı wákili. 1940-1941-jılları ÓzKP Qaraqalpaqstan opkomınıń xatkeri.

36 Abdulla Bayramsaǵatov 1904-jılı Góne Úrgensh rayonında tuwılǵan, túrkmen. 1913-1930-jıllarda Baydıń shopanı, batrak, diyqan bolǵan. 1930-1931-jılları Xojeli rayonında Awıl sovet baslıǵı. 1931-1933-jılları Xojeli tayarlaw mákemesiniń agenti, basqarıwshısı. 1933-1936-jılları QQASSR OAK instruktorı. 1936-1937-jılları Sovet xızmetkerleri joqarı kursınıń kursantı, Moskva qalası. 1937-1939-jılları Xojeli rayonlıq Atqarıw komitetiniń baslıǵı. 1940-1941-jılları Kuybıshev rayonlıq Nókis qalalıq finans bólimi baslıǵı bolıp islegen. Sońınan 1941-1942-jılları 97 Qaraqalpaqstan brigadası úsh rotasınıń siyasiy bólim boyınsha orınbasarı.

37 Bekniyaz Jumaniyazov 1905-jılı Shımbay rayonında tuwılǵan, qaraqalpaq. Sobpartiya mektebinde oqıǵan. 1925-1929-jılları Qońırat SMS baslıǵı. 1929-jılı Qońırat balalar úyi hám RayONOsınıń baslıǵı. 1929-1930-jılları Qońırat rayonlıq Finans bóliminiń baslıǵı. 1931-1932-jılları wálayatlıq Finans bóliminde islegen. 1933-1934-jılları Xojeli Finans bóliminiń baslıǵı. 1934-1936-jılları Finans bólimi hám kredit sektorınıń baslıǵı. 1936-1937-jılı Xalq bankınıń basqarıwshısı. 1937-jılı Kuybıshev rayonlıq RIKA baslıǵı. 1938-jılı Shabbazda Rayfo sherikligi inspektorı. 1939-1940-jılı Awıllıq dúkán baslıǵı. 1940-1941-jılları Nókis Qarazxanasınıń direktorı. 1941-1942-jılları Kuybıshev rayonlıq Jobalastırıw bóliminiń baslıǵı.

xızmetkerlerdiń jetkilikli yamasa jetkiliksizligin esapqa alıp usınıwdıń belgili bir formaları hám usılları islep shıǵıldı.

Basshı hám juwapkerli lawazımlarǵa usınıwda ideologiyalıq maqset siyasiy maqset penen tıǵız baylanıslı boldı. Basshı lawazımlarǵa 1917-jılı usınılıwı qıyın bolǵan adamlardı usınıw, hátte olar ushın belgili dárejede jeńillikler dúziw bolshevikler hákimiyatınıń sotsiallıq tiregin keńeytti hám bekkemledi. Usınılatuǵın basqarıwshılardın sociallıq topari tiykarınan 1920-jıllardıń aqırına kele qáliplesti. Ol jańa kadrlar menen úzliksiz tolıqtırılıp barıldı.

Usınıń siyasatınıń sociallıq-ekonomikalıq maqseti de áhmiyetli boldı. Usınılǵan jańa basshılar hákimiyat tárepinen tez «socialistlik jámiyet» qurıw ushın islep shıǵılǵan siyasiy, ekonomikalıq hám sotsiallıq baǵdarlamalardı iske asırıwshılar hám juwapkerli orınlawshılarǵa aylandı.

Wálayatlıq partiya komiteti jergilikli xalıqlar arasınan, yaǵnıy jergilikli millet wákillerinen 100 adamdı wálayattıń sovet, xojalıq hám kooperativlik mákemelerinde juwapkerli jumıslarǵa usınıw jobasın islep shıqtı. Olardıń arasında 60 qaraqalpaq, 30 ózbek, 10 túrkmenniń bolıwı belgilendi. Sonnan 50 adam kommunistler, 25 komsomol aǵzaları, 25 partiyada joqlar bolıwı tiyis edi. Usınılatuǵın 100 kadrdıń arasında 20 xayal-qızdıń bolıwı belgilendi. Usınılǵanlardıń barlıǵı jergilikli tillerde sawatlı bolıwı tiyis edi.[38] Usınıwlar awıldıń belsendileri, sovet hám xojalıq jumısında keminde 3 jıllıq stajǵa iye orta dárejedegiler iske asırıldı.

Usınılǵan 100 kadrdan 1931-jıldıń 15-iyuline kele wálayattıń barlıq mákemelerinde 44ti jumıs isledi, olardıń arasında 5 xayal boldı. Usınılǵanlar arasında qaraqalpaqlar – 17 adamdı (sonıń ishinde 3 xayal), qazaqlar – 11, ózbekler – 9 adamdı quradı. Sociallıq quramı boyınsha 24 jumısshı hám batrak, 20 gedey hám orta dárejedegiler boldı.[39]

Usıǵan qaramastan 1931-jıldıń 22-iyulinde Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatı XKQ baslıǵı Q.Áwezovtıń basshılıǵında ótkerilgen wálayatlıq partiya

[38] AJK RK, f.1, op. 2, d.354, l.4.
[39] AJK RK, f.1, op. 2, f.229, op.1, d.65, l.63.

komitetiniń keńesi kadrlardı usınıw boyınsha jumıstıń derlik júrgizilmey atırǵanın atap kórsetti. Máselen, Berdimuratov wálayatlıq suw xojalıǵı baslıǵınıń orınbasarı, Tatiev ekspluatatsiyalıq bólimniń baslıǵı bolıp jiberilgen, biraq olar usı lawazımlarda bolǵan waqıtnda (5-6 ay) hesh nárse islemegen, barıp kelip júrgen. Al wálayatlıq mákeme baslıǵınıń orınbasarı etip jiberilgen Ótegenov egistiń basına jiberilip, onıń basında júrgen waqtında jumıstan bosatılǵan, hátte oǵan xızmet haqı da tólenbegen. Usınılǵan xızmetkerlerdi jumısı menen tanısıw múmkinshiligin bermesten-aq, hár qıylı mapazlardı ótkeriwge jiberiw jaǵdayları ushırasqan. Rayonlardan usınılǵanlarǵa kóbinese hátte jay da berilmegen.[40]

Usınnan kelip shıǵıp keńes tómendegidey qarar etti:

1. Bunnan bılay múmkinshiligi bolǵansha usınılǵanlardı, ásirese ele jumısı menen púktilley tanısıp úlgermegenlerdi múmkinshiligi bolǵansha hár qıylı mapazlarǵa (kompaniyalarǵa) jiberiw siyasatın qısqartıw zárúr dep esaplansın.

2. Usınılǵanlar ushın kurslar ashıw tezletilsin, olarda sabaqlar 12den 3ke deyin ótkerilsin.

3. Qalalıq keńestiń frakciyasına turaq jayı joq usınılǵanlarǵa dárhál jasaw ushın jay beriw usınıs etilsin.

4. Partyacheykalar óz jumısında usınılǵanlar menen jumıs alıp barıw haqqında arnawlı másele qoyıp, bull másele dógereginde óz-ara salamat sınǵa alıwdı en jaydırsın. Usınıń menen birge kommuniyatler ajratılıp olarǵa usınılǵanlar menen jumıs alıp barıw ushın juwapkershilik júklensin.

5. Tiyisli shólkemlerdiń hám mákemelerdiń basshılarına bunnan bılay usınılǵanlar menen tanısıw ushın arnawlı xızmetker ajratıw usınıs etilsin.[41]

Rayonlarǵa 100 adam, sonıń ishinde 20 xayal, 80 er adam usınıw, olardıń arasında 42 qaraqalpaq, 17 qazaq, 15 ózbek, 5 túrkmen, 6 urallılar bolıwın támiyinlew jobasın orınlaw boyınsha kórsetpe berildi. Arxiv maǵlıwmatlarına qaraǵanda usınıwlar 1934-jılı da dawam etken. 1934-jıldıń 9-mayında

[40] AJK RK, f.1, op. 3, d.243, l.33-34.
[41] AJK RK, f.1, op.3, d.243, l.33-34.

Qaraqalpaqstan ASSRı OAK hám XKK «usınılǵanlar arasında jumıs alıp barıw haqqında qarar qabıl etti. Onda bılay dep kórsetildi:

1. Kópshilik sovet-xojalıq shólkemleri basshıları iárepinen usınılǵanlardıń jumısına jetkilikli dıqqat qaratılmadı, kúndelikli basshılıq hám olardıń jumısında ámeliy járdem kórsetiw támiyinlenbedi, sonıń ishinde basqarıw texnikasın úyreniw ushın zárúrli sharayatlar dúzilmedi.

a) anaw yamasa mınaw apparattıń óndirislik hám funkcionallıq ózgesheliklerin úyreniwde járdem etiwdiń ornına mákemelerdiń basshıları usınılǵanlardan qutılıwǵa umtılıp, olardı respublika rayonları boylap uzaq dawam etken xızmet saparlarına jiberedi. (Jer isleri boyınsha xalıq komissariatı (Narkomzem) óziniń eki usınday usınılǵan kadrın 1 ay dawamında xızmet saparında uslaǵan);

b) usınılǵanlardı wálayatlıq partiya komitetiniń hám OAKtın ruxsatın almastan rayonlıq apparatqa jumısqa jiberedi. (ResPO, QQSawda);

v) usınılǵanlardıń jumısında sonday sharayatlar dúzgenlikten, olar respublikalıq apparattaǵı jumısın taslap ketiwge hám awılǵa qaytıwǵa májbúr boladı, usınılǵanlarǵa bunday qatnastı jasırıw maqsetinde basshılar tárepinen oqıwǵa yamasa miynet dem alısına jiberiledi. (Kustpromsoyuz, Bilimlendiriw xalıq komissariatı (Narkompross);

g) mákemeler usınılǵanlardıń jumısın texnikalıq wazıypalardı orınlawǵa qaratadı, agentler, ekspeditorlar sıpatında jumıs belgileydi hám t.b. (Snabsbıt);

2. O`z apparatında usınılǵanlarǵa iye bolǵan birde-bir sovet-xojalıq mákemesi arnawlı dógerekler (krujoklar) shólkemlestiriw bóleginde de, sonday-aq usınılǵan kadrlarǵa anaw yamasa mınaw mákemeniń kommunist basshıların bekitiw bóleginde de olardı zárúrli oqıtıw menen támiyinlemedi.

Bunıń aqıbetinde olar uzaq waqıt apparata bolıwına qaramastan usınılǵanlardıń mamanlıǵı artpadı.

Olardıń siyasiy dúńya qarası keńeymedi hám olar basqarıw jáne basshılıq etiw usılların meńgere almadı.

QQASSR OAK hám XKK prezidiumı qarar etedi:

1. Bilimlendiriw xalıq komissariatına (Narkomprossqa) usınılǵanlar ushın Sovet partiya mektebiniń arnawlı keshki bólimin shólkemlestiriw sabaqlardıń arnawlı baǵdarlamasın islep shıǵıw, oǵan ulıwma bilim beriw pánlerin hám siyasiy pánlerdi kirgiziw usınıs etilsin.

2. Mákemelerdiń basshıları 15-maydan baslap hár bir usınılǵan adamdı belgili bir jumısqa bekitiwge minnetlensin, bul adamǵa júklengen wazıypalardı orınlawında kúndelikli basshılıq etiwdi hám ámeliy járdem kórsetiwdi támiyinlesin. Barlıq basshılar OAK prezidiumınıń usınılǵan xızmetkerge jumısında járdem kórsetiw bólegindegi qararın orınlamaǵan jaǵdayda, bunday basshıǵa kútá qatal tásir ilájları qollanılatuǵını eskertilsin.

3. OAK prezidiumınıń usınılǵan kadrlardı rayonlarǵa jumısqa OAK prezidiumınıń ruxsatısız jiberiw úzil-kesil qadaǵan etiletuǵını haqqındaǵı qararı ekinshi ret qayta tastıyıqlansın.

4. NKSnab (Támiyinlew xalıq komissariatı) 15-maydan keshiktirmesten anaw yamasa mınaw sebepler menen elege deyin bul larekqa bekitilmegen barlıq usınılǵan kadrlardı №2 larekqa bekitiwge minnetlensin.

5. OAKtıń shólkemlestiriw bólimine 3 kúnlik múddet ishinde usınılǵan kadrlardıń jumıs sharayatların tekseriwlerdiń materialların rásmiylestiriw, VKP (b) opkomınıń hám OAK Prezidiumınıń usınılǵanlar menen jumıs alıp barıw haqqındaǵı qararın buzǵan mákeme basshıların partiyalıq juwapkerlikke tartıw ushın bul materiallardı partiya qadaǵalawı komissiyasına jibersin.[42]

Hár qıylı sociallıq toparlardıń wákillerin basshı lawazımlarǵa usınıw, usınılatuǵın xızmetkerdiń eń maqul túrin anıqlaw múmkinshiligin berdi. Bul jumısshı yamasa diyqan partiya hám jámiyetlik jumıstı orınlaǵan hám Qızıl Armiya qatarında urısqa qatnasqan kommunist boldı. Usınılǵanlar arnawlı ilimge iye bolmasa da tapsırılǵan jumıstı óz betinshe orınlay alatuǵın basqarıw tarawları hám basqarıw apparatınıń dárejeleri anıqlandı.

Hár qıylı jıllarda usınıwdıń anıq bir wazıypalarınıń ózgeriwine qaramastan, bul siyasat tiykarǵı maqsetke erisiw, yaǵnıy alda turǵan ekonomikalıq hám siyasiy

---

[42] TsGA RK, f.322,op.1, d.74, l.133.

qayta dúziwlerdi iske asırıwda hákimiyat olarǵa súyene alatuǵın belgili bir sociallıq topardı qáliplestiriw ushın ámelge asırıldı.[43]

1927-1931-jıllarda kadrlar usınıw óziniń eń joqarı rawajlanıw dárejesine jetti. Bul dáwirde usınılǵan basqarıwshılardın sociallıq toparın qáliplestiriw hám keńeytiw protsessi belsene júrgizildi. Basqarıw apparatınıń barlıq basqıshlarında usınılǵan kadrlardıń bolıwı hám olardı kishigirim toparlar etip jaylastırıw, hákimiyatqa olardıń ústinen qatań siyasiy qadaǵalaw ornatıw múmkinshiligin berdi. Bular «jumısshı klasınıń siyasatın túsiniwge, usı siyasattı ózlestiriwge uqıplı hám onı hújdan menen ámelge asırıwǵa tayar bolǵan» jańa kadrlar edi. Stalinniń sózi boyınsha mámleket, atap aytqanda usınday xızmetkerlerge mútáj boldı.

1929-jıldaǵı tazalawlardan keyin ózleriniń lawazımlarınan alınǵan wálayatlıq hám rayonlıq partiya jáne sovet basshılarınıń bir bólegin usınılǵan kadrlar menen almastırıwda oraylıq hákimiyattıń O`zbekstan hám Qaraqalpaqstannıń milliy elitası menen gúresi kórindi.

1932-jıldan 1936-jıllar aralıǵındaǵı dáwir, kadrlar usınıw siyasatınıń juwmaqlawshı basqıshı boldı. Bunnan keyingi jıllarda ápiwayı, qatardaǵı xızmetkerlerdi juwapkerli lawazımlarǵa usınıw toqtamadı, biraq bara-bara onıń dáslepki xarakteri ózgerdi. Arnawlı bilimi, tayarlıǵı bolmasa da jumısshılardı «stanoktan» hám diyqanlardı «gúndeden» alıp birden lawazımlarǵa usınıwdıń ornın, endi jumısshılar hám diyqanlardı sociallıq shıǵısı boyınsha, biraq ulıwma yamasa kásiplik bilimine qaray usınıw iyeledi.

Usınıw túsinigi «alǵa ilgeriletiw, ósiriw» túsinigine barınsha jaqınlastırıldı. Kishigirim basshı jumıstı orınlap atırǵan xızmetker usınday, biraq taǵı da juwapkerlirek lawazımǵa tayınlandı. Jumısta Belgili bir miyrasxorlıq saqlandı, al lawazımlar nomenklaturasında olar arasındaǵı úzilis onshelli úlken bolmadı.

1930-jıllar dawamında usınıw jumısınıń sıpatı ózgerdi. Usınılatuǵın kadrlardı puxta, derlik jeke túrde tańlap alıw, olardıń iskerlik sıpatların úyreniw, usınǵannan

[43] AJK RK, f.1, op.2, d.354, l.65.

keyin dáslepki waqıtta olardıń jumısın qadaǵalaw, buǵan tolıq kepillik bermegeni menen, tosınnan bolǵan hám sátsiz kadrlıq tayınlawlardıń sanın azayttı.

Álbette jumısshılar hám diyqanlardı basshı lawazımlarǵa usınıw siyasatınıń maqsetke muwapıqlıǵı qanday da bir dárejede orınlıday bolıp kórinbewi múmkin. Biraq onı iske asırıw processinde húkimet tárepinen qoyılǵan maqsetler hám wazıypalar kóz qarasınan alıp qaraǵanda «ol ózin tolıq aqladı», al usınıwlardıń siyasiy hám sotsiallıq áhmiyeti jańa basqarıwshılardıń jumıstı jetkilikli bilmewiniń ornın tolıq ótedi.

1930-jıllardıń aqırına kele hádden tıs ideologiyalastırılǵan ǵalabalıq, mapazlıq sıpatqa iye bolǵan bunday usınıwlardan bara-bara shetlew hám kadrlar menen kúndelikli, puxta islesiwge qaratılǵan jumıs partiyanıń kadr siyasatınıń úlken aqılǵa uǵraslıǵınıń kórsetkishine aylandı.

Biraq bunday qatnas tereń burmalanǵan sotsiallıq protsesslerge baslama saldı. Hákimiyatlıq strukturalarǵa bilimi az hám hátte sawatsız jumısshılar menen diyqanlardıń keliwi, olarǵa úlken hákimshilik huquqların hám materiallıq artıqmashlıqlar beriliwi, sonday-aq jańa jámiyet qurıw, klasslıq kúsh kórsetiw, basımshılıq usılların paydalanıw menen keskin gúreste ótedi dep oylaw, partiya, sovet hám mámleketlik apparat jumısınıń buyrıq beriw – hákimshilik usıllarınıń qáliplesiwine baslama saldı.

Solay etip:

- Hár qıylı sociallıq toparlardıń wákillerin basshı lawazımlarǵa usınıw, usınılatuǵın xızmetkerdiń eń maqul túrin anıqlaw múmkinshiligin berdi. Bul jumısshı yamasa diyqan, partiya hám jámiyetlik jumıstı orınlaǵan hám Qızıl Armiya qatarında urısqa qatnasqan kommunist boldı. Bul siyasat tiykarǵı maqsetke erisiw, yaǵnıy alda turǵan ekonomikalıq hám siyasiy qayta dúziwlerdi iske asırıwda hákimiyat olarǵa súyene alatuǵın belgili bir sociallıq topardı qáliplestiriw ushın ámelge asırıldı.

- Sońǵılıǵında usınıw túsinigi «alǵa ilgeriletiw, ósiriw» túsinigine barınsha jaqınlastırıldı. Kishigirim basshı jumıstı orınlap atırǵan xızmetker usınday, biraq taǵı da juwapkerlirek lawazımǵa tayınlandı. Jumısta belgili bir miyrasxorlıq

saqlandı, al lawazımlar nomenklaturasında olar arasındaǵı úzilis onshelli úlken bolmadı.

- Juwmaǵında jumısshılardı hám diyqanlardı basshı jáne juwapkerli lawazımlarǵa usınıw siyasatı totaltarlıq sovet siyasiy sistemasınıń qáliplesiwi hám onıń bekkemleniw dáwirindegi kadrlar siyasatınıń áxmiyetli bólegi bolǵanlıǵın aytıw kerek. Basqarıw kadrların tańlap alıw hám tayarlaw sistemasınıń bir bólegine aylanǵan kadrlardı usınıw 1920-jıldıń birinshi yarımında, 1930-jıllarda basshı lawazımlardı tek basqarıw protsessin ámelge asırıwǵa uqıplı xızmetkerler menen emes, al kommunistlik ámiyet qurıw haqqında bolsheviklerdiń ideyaların qollap-quwatlaytuǵın xızmetkerler menen tolıqtırıw mashqalasın sheshiw múmkinshiligin berdi.

## 2-bap. Qaraqalpaqstanda jergiliklestiriw hám partiya sovet kadrların tazalaw siyasatı (1930-1936j.j.)

### 2.1. Basshı hám basqarıw kadrların tazalaw sebepleri

1920-jıllardıń aqırı 1930-jıllardıń bası sovet húkimetiniń kadrlar siyasatınıń keskin qatallasıwı menen sıpatlandı. Ásirese, bul Qaraqalpaqstanda aydın kórindi. Klasslıq jek kóriwshiliktiń gezektegi ǵalabalıq mapazı (kompaniyası) baslandı. Baspa sóz «Bolsheviklik qıraǵılıq, ideyalıq mawasasızlıq, klaslıq mawasasızlıqtı kúsheytiw haqqında» bir awızdan shaqırdı.

Bul óz gezeginde, eger olar ózleriniń narazılıǵın bildirse, onda húkimet olardı ayawsız túrde basıp taslaytuǵını haqqında túpkilikli xalıq ushın, eskertiw boldı. Sonlıqtanda qosshı awqamınıń jumısı keskin sınǵa alındı.[44]

Tiykarǵı kemshilikler retinde onıń quramında kóp sanda (52,3%) orta dárejedegilerdiń bolıwı hám onda gedey-batraqlar ózeginiń, negiziniń bolmawı kórsetildi. Sonlıqtanda shólkemniń wazıypası basshı quramdı qayta qarap shıǵıw, onıń qatarın suǵılısıp, tosattan kirip qalǵan elementlerden tazalaw, batrak-gedeyler massasın tartıwdan ibarat boldı. «Qosshı awqamın tazalaw»dan keyin shólkemde 5142 adamnan 4131 adam qaldı (80%).

Q.Áwezov hám A.Qudabaev basshılıǵında Awıl xojalıq kooperatsiyası keńesi dúzildi. Onıń aldına jergilikli xalıqtı kooperatsiyalaw formaların hám usılların anıqlaw, ónermentlerdi kooperatsiyalaw formaları haqqında máseleni islep shıǵıw wazıypası qoyıldı.[45]

1927-jıldıń ortasına kelip, Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatı awıl xojalıq kooperatsiyasında 1818 adam boldı.[46]

---

[44] Kambaǵallar komitetleri hám awqamları bazasında 1920-jılı «Qosshı» awqamı payda boldı. Barlıq usınday shólkemler sovet húkimeti awıldıń ishki sistemalıq turmısın áste-aqırın, biraq maqsetke baǵdarlanǵan túrde buza basladı. Bul shólkemler sońǵılıǵında «awıllardı sovetlestiriwde», «burjuaziyalıq milletshillerge» hám «klasslıq jat elementlerge» qarsı gúreste, «diyxanlardı baylardıń tásirinen azat etiwde» óz rólin atqardı.

[45] AJK RK, f1, op 1, d 614, l. 188.

[46]Sonda, d. 611, l. 37

1927-jıldıń 27-avgustında Qazaqstan ASSRı OAİ hám XKK baylardı konfiskatsiya etiw hám kóshirip jiberiw haqqında qarar qabıl etti. Onda «Yarımlay feodallıq, patriarxallıq hám ruwlıq qatnasıwlardı saqlap qalǵan olar, mal-múlki hám jámiyetlik tásiri arqalı awıldı sovetlestiriwge tosqınlıq etpekte dep kórsetildi.[47]

Bul qarardıń nátiyjesi kútilmegen bolıp shıqtı. Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatı atqarıw komiteti «Miynetkeshler hám diyqanlarǵa Úndew qabıl etip, onda baylar hám iyshanlar gedeyler hám orta dárejedegi diyqanlardıń sawatsızlıǵınan paydalanıp, olarǵa jer qıytaqların satpaqta. Jer mámlekettiń menshigi hám jeke aylanıs predmeti bolıwı múmkin emes dep kórsetti.

«Awıllardı sovetlestiriw» wazıypasın ámelge asırǵannan keyin partiya áste-aqırın sovet apparatın tazalawǵa tayarlana basladı, bul haqqında rásmiy túrde 1929-jıldıń may ayında járiyalandı. Túsinik jumısları wálayatlıq «Miynetkesh qaraqalpaq» gazetası arqalı alıp barıldı. Jumısshı diyqan inspektsiyası baǵdarı boyınsha Qaraqalpaqstannıń jumısshı diyqan inspektsiyasınıń barlıq rayonlıq wákillerine miynetkesh diyqan massası arasında tayarlıq jumısların júrgiziw boyınsha bir qatar ámeliy ilájlardı kórsetiw menen xat jiberildi. Onıń tiykarında rayonlarda belsene túsinik jumısın júrgiziw boyınsha tayarlıq komissiyaları dúzildi. Sovet apparatın tazalaw boyınsha barlıq tayarlıq jumısları jumısshı diyqan inspektsiyası tárepinen ámelge asırıldı.

15-iyunda VKP(b) obkomı tárepinen rayonlarǵa jiberiw ushın sovet apparatın tazalaw boyınsha jumıslar shólkemlestirilip, ol 1929-jıldıń 20 iyuninde baslandı.

1929-jıldıń 14-mart kúni bolıp ótken Obkomnıń hám Atqarıw komiteti Prezidiumnıń birlesken májilisinde Qáwli qabıl etilip, onda «Ońshıl uklonistlerdiń orın alǵan qıyınshılıqlardan paydalanıp, partiyamızdıń házirgi siyasatın qayta qarap shıǵıwǵa urınıwlarına sheshiwshi túrde soqqı beriliwi tiyis. Zárúr jaǵdaylarda ideologiyalıq tásir ilájlarınan basqa shólkemlestiriwshilik sıpattaǵı ilájlarda kóriliwi kerekligi kórsetildi.

[47] Kollektivizatsiya sel`skogo xozyaystva Qazaxstana. Sb. dokumentov Alma-ata, 1967.00-S. 170

Aradan kóp waqıt ótpesten-aq hújjetlerde baylar menen baylanısta bolǵanı ushın qaralanǵan wálayattıń juwapkerli adamları Toqmambetov, Qurbanaev, İshimbetov, Babaniyazov hám basqalardıń isleri qaraldı.

Qaraqalpaqstan, avtonomiyalı wálayatında tazalawdıń baslanıwı 1929-jıldıń 1-avgustına belgilendi. Biraq, tek 18-avgustta ǵana mámleketlik apparat hám basqada jámiyetlik shólkemlerdi «tazalaw boyınsha» arnawlı komissiya dúzildi. Qazaqstan úlkelik partiya komiteti 11-avgustta kolxoz qurılısın sheshiwshi túrde rawajlandırıw hám kulaqlarǵa qarsı islerdi tabanlılıq penen alıp barıw haqqında qarar qabıl etti.

13-avgusta Qazaqstan úlkelik partiya komiteti barlıq okruglik hám rayonlıq partiya komitetlerine kolxozlardı kulaklar hám baylardan tazalaw hám kollektivlik «jámáátlik» háreketti «Bunnan bılay batıl hám tabanlılıq penen en jaydırıw haqqında» múrajat penen xat jiberdi. Partiya komitetlerine qıraǵı bolıw kórsetildi. Keńeslerge saylaw huqınan ayırılǵan adamlar kolxoz aǵzalıǵına alınbawı, al qabıl etilgenleri bolsa onıń qatarınan shıǵarılıwı tiyis boldı[48].

S.Mámbeevtiń basshılıǵında «tazalaw» boyınsha komissiya jumısınıń dáslepki nátiyjeleri 1929-jıldıń 21-sentyabrinde «Tazalaw boyınsha» Qazaqstan Oraylıq komissiyasına jiberilgen bayanat xatında málim etildi.

Bir ay ishinde komissiya tárepinen tiyisli úgit-násiyat jumısları júrgizildi. Wálayatlıq sud, prokuratura wálayatlıq kredit awqamınıń jumısı tekserildi. Tekseriw barısında xızmetkerlerdiń 12 % jaqını tazalandı. Awıllarda, jergilikli apparatlar shólkemlestiriwshilik jaqtan ázzi bolǵanlıqtan «tazalaw boyınsha» tek túsinik jumısları júrgizildi.

1929-jıldıń sentyabr ayında wálayattıń partiya shólkemlerinen 300 ge jaqın adam sovet apparatınan tazalandı. Awıl sovetler quramınıń 75 % ti jańalandı.

Oktyabr ayında tekserilgen 930 partiya aǵzasınan 150 adam 16,1% aǵzalıqtan shıǵarıldı[49].

[48] NAK, f. 247, op. 1, d. 207, l. 43-44.
[49] AJK RK, f. 1, op. 2, d. 666, l. 5.

Baylarǵa járdem kórsetkeni, sociallıq shıǵısın jasırǵanı, klaslıq liniyanı ayqın alıp barmaǵanı ushın rayonlıq kólemdegi juwapkerli xızmetkerler — Qaraózek rayonlıq partiya komitetiniń xatkeri S. Eltezerov, Qıpshaq rayonlıq partiya komitetinń xatkeri Baybazarov, Qıpshaq rayonlıq atqarıw komitetiniń baslıǵı Rozubaev, Qaraózek rayonlıq atqarıw komiteti baslıǵınıń orınbasarı Beknazarov, Qońırat rayonlıq partiya komitetiniń xatkeri İsanov, Shımbay rayonlıq partiya komitetiniń xatkeri Tájibaev jumıstan alınıp, partiyadan shıǵarıldı hám sudqa berildi[50].

Rumyancevtiń «Sovet apparatın tazalaw hám tekseriw xaqqında»ǵı bayanatı boyınsha qabıl etilgen, wálayatlıq partiya komiteti ekinshi Plenumınıń qáwlisinde (1930-jıldıń 5-fevralı) bılay dep kórsetildi:

1 Házirgi waqıtta bizge «Bekkem, iykemli miynetkeshlerdiń keń massasınıń isenimine iye bolǵan atqarıwshı mámleketlik apparat kerek. Apparattıń jeke quramın túpkilikli jaqsılamay, onnan sovet nızamların burmalawshı, buzılǵan kulaklar hám baylar menen awız biriktirip ketken, shubalanqılıqqa salıwshılarǵa qarsı gúresiwge kesent etetuǵın elementlerdi sheshiwshi túrde shıǵarmay turıp buǵan erisiw múmkin emes.

2. Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatınıń sovet apparatı xalıqtıń mádeniy jaqtan izde qalıwshılıǵı, awıllarda milliylik belgileri boyınsha apparatqa kirgen adamlar menen klasslıq ilajlardıń ótkerilmewi, apparatqa kirgen adamlardıń klasslıq sıpatlarına baha berilmewi sharayatlarında qáliplesti. Bulardıń barlıǵı avtonomiyalı uálayat mámleketlik apparatına jaramsız adamlardıń, geyde kontrrevolyutsiyalıq elementlerdiń, sonday-aq revolyutsiyaǵa deyin kolonizatorlıq siyasat júrgizgen adamlardıń kirip ketiwine alıp keldi.

3. Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatında texnikalıq mádeniy kúshlerdiń bolmawı ásirese, jumıslar batraq-diyqan massaları qatarınan bolmawı, saqlaw ushın tólemniń jetispewi, protektsionizm, wálayatlıq apparattıń ázzi hám jaramsız bolıwına wálayatına basqa jaqlardan kelgen xızmetkerler menen tolıǵıwına alıp keldi.

[50]AJK RK, f. 1, op. 2, d. 504, l. 10.

4. Bir qatar ǵalabalıq siyasiy kompaniyalardıń (mapazlardıń) ótkeriliwi, qayta saylaw komissiyaları h.t.b. awıllardaǵı klasslıq baǵdardaǵı ilajlar, jumısshı diyqan inspektsiyası bir qatar wálayatlıq mekemeleriniń jeke quramın tekseriwler sovet apparatın jat jaramsız, byurokratlasıp ketken elementlerden tazalawda, ásirese rayonlıq tómengi buwın sovet apparatında tazalawlarda ayırım unamlı nátiyjelerin berdi.

Ekinshi plenum qarar etedi:

1. Sovet apparatın joqarıdan hám tómennen tekseriw hám tazalaw 19-iyuńnen baslansın, usı waqıtqa kele barlıq tayarlıq jumısları pitkerilsin.

2. Sovet apparatın tazalawdı tabıslı ótkeriwdiń sózsiz shárti oǵan keń miynetkeshler massasınıń qatnasıwı bolıp tabıladı.

3. Jańa kadrlardı jumısshılar massası qatarınan, aldıńǵı, rawajlanǵan, kásiplik awqam belsendileri bolǵan, ózlerin jaqsı jumısı menen kórsetken komitet baslıqları, socialistlik qurılıs isine hám sovet mámleketine sadıq bolǵan keńes aǵzaları qatarınan alıw zárúr.

4. Usınılǵanlardı jámáátlerde, jergelikli komitetlerde, sovetlerde jarlı-gedey toparlarında jeke dodalawlardan ótkeriw zárúr.

Qazaqstan úlkelik komiteti shifrlanǵan (qupıya) telegramma menen 1930-jıldıń 9-fevralında Qaraqalpaqstan boyınsha jer awdarılǵan hám konfiskatsiyalanatuǵın baylardan 300 xojalıqtı belgiledi.

1930-jıldıń 17-martında Atqarıw komiteti «Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatında eń iri, tásiri kúshli yarım feodallardı saplastırıw haqqında»ǵı qarar qabıl etti. Qararǵa baslıq wazıypasın waqıtsha atqarıwshı A.Pozdnyakov hám xatker Kublandin qol qoydı. Onda 298 xojalıqtıń barlıq múlki konfiskatsiya etiliwi tiyisligi, jer awdarılatuǵın shańaraqlarǵa eki ayǵa jetetuǵın azıq-awqat ónimleri, bir at-arba, bir sıyır yamasa tórt qoy qaldırılıwı tiyisligi haqqında aytıldı[51].

[51] TsGA RK, f. 115, op. 1, d. 201, l. 205

Wálayatlıq partiya komiteti málimleme bólimi tárepinen dúzilgen dizim boyınsha Qaraqalpaqstanda 1929-jıldıń 1-yanvarınan 1930-jıldıń 1-mayı aralıǵında 147 adam atıldı, 29 adam kontsentratsionlıq lagerlerge jiberildi[52].

1931-jıldıń 25-fevralında VKP (b) OK Ortazbyurosı Qaraqalpaqstan obkomınıń bayanatı boyınsha qabıl etken qararında ishki partiya jumısınıń bosańlıǵı sınǵa alındı.

VKP (b) OK Ortazbyurosı Qaraqalpaqstan obkomınıń byurosı bul ilajlardı ótkeriwde kábinetten basshılıq etiw menen sheklengeni, bunnan sociallıq jat elementler paydalanǵanı haqqında kórsetti. (Qamsızlandırıw kassası isi. Emlew komissiyası isi)[53].

1931-jıldıń 26-martında Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatı sovet apparatın tazalawdıń juwmaqları shıǵarıldı. Wálayatlıq kólemde 143 adam, sonıń ishinde birinshi kategoriya boyınsha 12, ekinshi kategoriya boyınsha 14, úshinshi kategoriya boyınsha 17, kotegoriyasız 5 adam, rayonlarda birinshi kategoriya boyınsha 67, ekinshi kategoriya boyınsha 35, úshinshi kategoriya boyınsha 34, kategoriyasız 86 adam tazalawdan ótti [54].

Wálayatlıq atqarıw komitetiniń 1931-jıldıń 9-maydaǵı Prezidium májilisinde Fadeevtiń «Sovet apparatın tazalaw haqqında» bayanatı tıńlandı, sovet apparatın tazalaw hesh qanday mapazlıq (kompaniyalıq) sıpatqa iye bolmawı kerekligi atap kórsetildi. Tazalaw proletarlıq shıǵısı hám komunistlik partiyaǵa tiyisliligin esapqa alıp emes, al jumıstıń sapasına baha beriw tiykarında ótkeriliwi tiyisligi kerekligi kórsetildi. Tazalanǵan kadrlardıń ornın toltırıw birinshi dárejeli hám ayrıqsha áhmiyetke iye ekenligi haqqında aytıldı. Wálayatlıq Atqarıw komitetiniń Prezidiumı apparat ushın xızmetkerler hám birinshi dárejeli basshılıq jumısqa usınılatuǵınlardı tayarlaw, qayta tayarlaw boyınsha kurslar shólkemlestiriwde qıstawlı túrde ilajlar islep shıǵıwdı usındı. Apparattı tolıqtırıw, kadrlar tayarlaw

---

[52] AJK RK, f. 1, op. 2, d. 664, l. 246.
[53] AJK RK, f. 1, op. 3, d. 946, l. 1.
[54]Sonda, op. 2, delo 874, l. 95.

boyınsha kurslar shólkemlestiriw ushın İrjanov, Mambeev, Nazarov quramında «U`shlik» dúzildi. Sovet apparatın tazalaw 1932-jılıda dawam etti[55].

VKP (b) OK Ortaazbyurosı hám RSFSR prokuraturası arnawlı brigadasınıń 1933-jıldıń basındaǵı tekseriwleri barısında Qaraqalpaqstannıń bir topar juwapkerli xızmetkerleriniń jumısına «churbanovshılıq» dep baha berildi hám 1933-jıldıń 26-avgustınan 4-sentyabri aralıǵında Tórtkúlde VKP (b) Obkomınıń birinshi xatkeri T.İ.Churbanov, VKP (b) obkomınıń ekinshi xatkeri P.A.Morin, VKP (b) obkomınıń úshinshi xatkeri K.Allambergenov, Djanaliev, QQASSR prokurorı B.Tadjiev, VKP (b) obkomı xatkeri Ageychik, Tórtkúl qalalıq atqarıw komiteti baslıǵı U.Nurmuxamedov, Miynet xalıq komissarı orınbasarı İ.İ.Shevle, V.Kondrashev, mámleketlik bank baslıǵı orınbasarı Kondionov, K.Ponyatov, Parshinler ústinen sud protsessi júrgizildi.

Qaraqalpaqstan ilim-izertlew institutınıń direktorı A.P.Tetyushev bılay dep jazdı: «O`ziniń burıngı jumıs ámeliyatında tiykarınan 1932-jılı partiyanıń bas baǵdarın jınayatlıq penen burmalaw, klasslıq pozitsiyalardan shetlep ketiw, qamsızlandırıw kassası hám emlew fondınan mámleketlik qarjılardı talan-taraj etiwdi shólkemlestirgen sociallıq jat elementler menen awız biriktiriwge jol qoyǵan 12 adamnan ibarat ayıplanıwshılardıń bunday ayırıqsha quramınıń bolıwı bul sud potsessin QQASSR shegaralarınan shıǵıp ketetuǵın kútá úlken siyasiy áhmiyettegi waqıyaǵa aylandıradı[56].

1933-jıldaǵı usı siyasiy procestiń nátiyjeleri boyınsha Churbanov, Morin, Kondrashev, Shevle hám Ageychikke basshılıqtı támiyinlemew, klasslıq qıraǵılıqtı joytıwda siyaqlı ayıplar qoyıldı.

Aradan kóp waqıt ótpesten olar atıp taslandı. Qalǵanları 2 jıldan 6 jılǵa deyin múddetke qatań jazaǵa húkim etildi[57].

Tutas alǵanda, joqarıda atı atalǵan adamlardan basqa bul is boyınsha 30 dan aslam adam ayıplandı. Hákimshilik (administrativlik) bólim baslıǵı Krupininge qamsızlandırıw kassası boyınsha sógis járiyalandı. Wálayatlıq partiya komiteti

---

55 TsGA RK, f. 50, op. 1. d. 17. l. 1-2.
56 AJK RK f.1, op. 3, d. 1214, l. 2.
57 AJK RK f.1, op. 3, d. 1214, l. 12.

kadrlar bólimi baslıǵınıń orınbasarı Kozlov qamsızlandırıw kassası isi boyınsha partiyadan shıǵarıldı.

Sonday-aq «Basshılıqtı támiyinlemegeni, klasslıq qıraǵılıqtı joytqanı ushın Qaraqalpaqstan jumısshı diyqan inspektsiyası baslıǵı J.Djanaliev, wálayatlıq partiya komiteti partiya kollegiyasınıń juwaplı xatkeri F.A.Kirilin, «Sovetkaya Karakalpakiya» gazetasnıń juwaplı redaktorı Kokarev, «Sovetskaya Karakalpakiya» gazetası redaktorınıń orınbasarı Plexanov, bilimlendiriw hám kadrlar bóliminiń baslıǵı Turmanov partiyadan shıǵarıldı.

Usınday anıqlama boyınsha «Qızıl - Qaraqalpaqstan» gazetasınıń redaktorı Tureevke partiyalıq sógis járiyalandı. KSM Obkomı juwaplı xatkeri Qusekeevke sógis járiyalandı. KSM OK shólkemlestiriw bólimi baslıǵı Truskov komsomol qatarınan shıǵarıldı, KSM OK áskeriy sektorı baslıǵı Qadırovqa sógis járiyalandı.

Qalalıq partiya komitetiniń juwaplı xatkeri Aleynikov partiyadan shıǵarıldı, Qaraózek rayonlıq partiya komitetiniń xatkeri Matkarimov «Egisti úziliske túsirgeni ushın» partiyadan shıǵarıldı.

Qıpshaq rayonlıq partiya komiteti shólkemlestiriw bólimi baslıǵı Rasulxojaev, (administrativlik) bólimi baslıǵı Urazımbetovlarǵa sógis járiyalandı.

Xojeli rayonlıq partiya komiteti shólkemlestiriw bólimi baslıǵı Aysin, Kegeyli rayonlıq partiya komiteti administrativlik bólimi baslıǵı Xalekeev, Xojeli rayonlıq partiya komiteti administrativlik bólimi baslıǵı Yakubov partiya qatarınan shıǵarıldı. Qıpshaq rayonlıq KSM xatkeri Matqurbanov, Qaraózek rayonlıq KSM xatkeri Akimov komsomol qatarınan shıǵarıldı. Bunnanda basqada bir qatar partiya, komsomol xızmetkerleri tiyisli jazalar aldı.

Solay etip, Qaraqalpaqstan basshıları Churbanov hám Morinniń jınayatı Orayǵa qol keldi. Ortaazbyuro hám prokuratura bul jınayattı ashtı. Biraq ekinshi tárepinen olar qorqıtıw hám basımshılıq kórsetiw jolı menen milliy intellegentsiya wákillerinen ibarat oppozitsiyalıq kúshlerdi joq etiwge urındı. Bunday jaǵdaylar haqqında L.D.Trotskiy bılay dep jazdı: «Kreml tárepinen tayınlanǵan ámeldarlar milliy respublikalarda jergilikli sharayatlar hám keypiyatlardan ǵárezli bolıp qaladı hám olarǵa bara-bara Moskvanıń «tunshıqtıratuǵın» oraylastırıwına» oppoziciyalıq

ruwx sińe baslaydı. Olar «Suyikli kósemdi qulatıw hám qısımdı bosańlastırıw haqqında árman etedi hám ayta baslaydı. SSSR dıń barlıq milliy respublikalarınıń basshılarınıń jaqında lawazımınan túsiriliwiniń haqıyqıy sebebi usınday[58].

VI Partiya konferentsiyasında (1933) VKP (b) Qaraqalpaqstan Obkomı plenumınıń jańa quramı saylandı. VKP (b) Qaraqalpaqstan obkomınıń birinshi xatkeri Ortaazbyuro qararı menen Qaraqalpaqstanǵa jiberilgen İ.Aliev boldı[59].

Solay etip, burınǵı hákimiyatlıq strukturalar ornına putkilley jańası payda boldı.

Qaraqalpaqstannıń joqarı basshılıǵı repressiyalar menen kelispey joqarı instantsiyalarǵa xat jazdı. OGPU xızmetkerleri tárepinen buǵan: «Burjuaziyalıq milletshiler» toparınıń dúziliwi sıpatında baha berildi: Solay etip «Tórtlik» (Q.Áwezov, Q.Allabergenov, P.Djanaliev, P.Toreev) «Onlıq» (X.Abdixaliqov, D.İshimbetov, A.Mambediyarov, R.Matchanov, M.Nurjanov, J.Raxmatullaev, B.Tájiev, X.Temirxanov, K.Shamuratov) toparları tariyxqa kirdi[60].

Olarǵa uzaq jıllar dawamında xalıq dushpanları «tamǵası» basıldı. Tutas alǵanda 1929-jıldan 1932-jıllar aralıǵında Qaraqalpaqstanda 100 adam, sonıń ishinde milliy intellegentsiya wákilleri A.Adaqaev, U.Bekimbetov, S.Eltezerov, F.Matkarimov, Dj.Mirmanov tazalawdan ótti. Toqmambetov, D.Qurbanbaev, İshimbetovlar ústinen is qozǵaldı[61].

1933-jıldan baslap, Qaraqalpaqstanda partiyalıq tazalawlardıń gezektegi mapazı baslandı. Bunıń ushın Moskvadan jiberilgen Gorodetskiydiń basshılıǵında respublikalıq komissiya dúzildi[62].

Onnan keyin respublikalıq komissiyaǵa basshılıq etken Zaytsev 1924-jıldıń 5-dekabrinde Moskvaǵa bılay dep málimleme berdi:

---

[58]Trotskiy L.D. Predannaya revolyutsiya. Chto takoe SSSR i kuda on idet?

[59]AJK RK, f. 1, op. 3, d. 496, l. 47.

[60] Allaniyazov B. Qaraqalpaqstandaǵı repressiyalar «Qaraqalpaqstan jasları» 1999-jıl. 12 aprel`, 28 may, 17 iyuń.

[61] Nurjanov S. U. Karakalpakskaya avtonomnaya oblast`. istoriya i istochniki (1925-1932 g.g.) Avtoref. dis. kondidat istoricheskiy nauk. Nukus. 1998.

[62] AJK RK, s. 15.

1-dekabrge kelip Qaraqalpaqstanda 485 partiya aǵzası, 683 kandidat tazalawdan ótti. Sonnan 133 aǵza hám 79 kandidat ózgertildi. 191 adam partiya qatarınan shıǵarıldı[63].

Tazalawlarǵa belgili mámleketlik ǵayratkerler Badraddin Seydrasulov hám Qasım Áwezovlar duwshar boldı. VKP (b) tazalaw boyınsha Orta Aziya úlkelik komissiyası 1925-jıldıń 30-martında B.Seydrasulovtıń isin qarap, onıń Xiywa medresesinde oqıǵanın, milliy bólekleniw waqtında milliy toparǵa qatnasqanı, ákesi molla bolǵanı, Seydrasulov SAKUdi pitkergeni, Qaraózek rayonlıq partiya komiteti xatkeri lawazımınan túsirilgenin atap kórsetildi.

Tazalawlar boyınsha respublikalıq komissiyanıń qararı menen 1924-jıldıń 26-noyabrinde jumısına juwapkersizligi, basshılıq islerde biyparwalıq, byurokratlıq kórsetkeni, baspa, ádebiyat, shıǵarǵanda kóplegen qáteler jibergeni ushın VKP (b) qatarınan shıǵarılǵanı atap kórsetildi.

Qasım Áwezov óziniń sotsiallıq shıǵısın jasırıwda, VKP (b) qatarına aldaw jolı menen kiriwde ayıplandı. Usınıń ózide úlken tártip buzıw ekenligi kórsetildi. XKK (SNK) baslıǵı Áwezov 1932-jılda ómirbayanlıq maǵlumatlarında ózin diyqan, gedey, úsh jıl dawamında batrak boldım,-dep jalǵan maǵlıwmatlar bergenligi aytıldı.

Al, tekseriw barısında 1933-jılı onıń ákesi iyshan, diniy bilimge iye ekenligi anıqlanǵan, sonday-aq komissiya quramı Áwezov 1919-jılı Shımbay kóterilisi waqtında ákesi menen birge sovetlerge qarsı gúreskenligi, milliy toparlarda qatnasqanı haqqında maǵlıwmatlar bar ekenligin kórsetken. Usınıń menen birge Áwezovtı Obkomǵa saylaǵanda nadurıs dawıs berilgen dep kórsetken. Teleginniń xatındaǵı faktlerdiń tutas alǵanda tastıyıqlanǵanı haqqında bildirilgen.

Joqarıda atap ótilgenlerden tómendegidey juwmaqlar shıǵarıw múmkin:

Partiyalıq tazalawlar kompaniyası Qaraqalpaqstanda sovet húkimetiniń pútkil kadr siyasatına úlken tásirin tiygizdi. «Jat» tosattan kirip qalǵan element hám jaramsız elementler» ornına bolshevikler partiyası xalıqtıń eń jarlı qatlamları arasınan sadıq dep esaplaǵan adamlardı tańlap ala basladı. Bunday siyasat

[63]Sonda, f. 1, op. 4, d. 416, l. 10.

Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatında sovetlerdiń kópshiligi bay, iyshan, mollalardıń tásiri astında, tómengi sovet apparatına sociallıq jat hám zıyanlı elementler kirip qalǵan, - dep esaplanıwı tiykar boldı.

Dáslepki tazalawlar (1927-jıldıń gúzinen 1929- jıldıń iyunine deyin) 1928-jıldıń ózinde Qaraqalpaqstan partiya shólkemi qatarınan 200 adam, al, sovet xojalıq hám kooperativlik shólkemlerden 100, qosshı awqamınan 1000 nan aslam adamnıń shıǵarılıwına alıp keldi.

Ekinshi basqıshta 1929-jıldıń sentyabrinde wálayattıń partiya shólkeminen 300ge jaqın, sovet apparatınanda usınshelli adam shıǵarıldı. Awıl sovetlerdiń quramı 75% jańalandı.

Partiyalıq-klasslıq belgileri boyınsha basshı jumıslarǵa tayınlaw nátiyjesinde keshegi jalańayaq-gedeyler qısqa waqıt ishinde mámleket, ekonomika hám jámiyet turmısınıń basqada tarawların basqarıwda basshı lawazımlardı iyeledi.

Hákimiyattıń isenimli tiregine, basqarıwda kórsetpelerdi buljıtpay orınlaytuǵın mexanizmge aylandı.

**Jergiliklestiriwdiń sovet húkimeti kadrlar siyasatı menen baylanısı**

20-jıllardıń ekinshi yarımında milliy siyasatta jergiliklilestiriwge qaray baǵdar alındı. Jergiliklestiriw 1920-jıllarda hám 1930-jıllardıń basında sovet húkimetiniń milliy máselede júrgizgen ózine tán siyasatı boldı. Onıń maqseti sovet húkimetin bekkemlew hám orınlarda bolshevikler hákimiyatın nıǵaytıw maqsetinde partiya hám sovet uyımlarında jergilikli milliy kadrlar wákilleriniń úlesin kóbeytiw boldı.

Kópshilik milliy respublikalar hám avtonomiyalardaǵı partiya hám sovet uyımlarında milliy kadrlardıń az bolıwı oraylıq basshılıqtaǵılardan nızamlı tınıshsızlanıwın payda etti.

Sebebi, bul jergilikli xalıqtıń kóz aldında, húkimettiń abıroyın hám oǵan bolǵan qızıǵıwshılıqtı aytarlıqtay páseytti.

T.Rıskulov bılay dep jazdı: «Eger biz shıǵısta musılmanlardan revolyutsiya avangardın ósirip, jetilistirmekshi bolsaq, onda sırttan kelgenler emes, al musılmanlardıń ózleri-ózlerin basqarıwǵa úyreniwi kerek»[64].

Orınlardaǵı kóplegen partiya hám sovet xızmetkerleri jergilikli xalıqtıń tilin bilmedi hám olardıń dástúrlerine jáne mádeniyatına nemquraylı qaradı.

Bunday jaǵdaydı saplastırıw maqsetinde Oraylıq hákimiyat milliy kadrlardı basqarıwǵa tartıw, milliy intelegentsiyanı qáliplestiriw ushın shárayatlar dóretiwge umtıldı. Biraq, bul bolsheviklerdiń jergilikli kadrlarǵa tolıq isenetuǵının ańlatpadı.

Sebebi, milliy siyasattıń tiykarı klasslıq jek kóriwshilik hám proletariatta millet joq degen túsinik, revolyutsiyanı eksport etiwge umtılıw boldı.

1926-jıldıń 1-iyunine kele sovet mákemeleriniń wálayatlıq apparatında 437 shtatlıq lawazım jergiliklestirilip, sonnan 31i juwapkerli lawazımlar, 85 i orta hám kishi texnikalıq lawazımlar boldı.

Biraq, máseleniń ekinshi tárepi bul adamlardıń arasında tek 26,3% ǵana jazıwdı biletuǵın edi. Jergiliklestirilgenlerdiń 1,9% qarawıllar, at baǵarlar, sipsekeshlerden ibarat boldı. Olar jergiliklestiriw talaplarına juwap bermedi.

1927-jılı jergiliklestirilgen xızmetkerler ushın kurslar shólkemlestiriliwi bul iste burılıs payıtı boldı. İs júrgiziw hám esap-sanaq boyınsha 2-3 aylıq kurslar shólkemlestirildi.

1929-jıldıń 1-sentyabrine kelip Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatı sovet apparatı 42,4%, kooperativlik apparat 47,9%, partiya apparatı 56,5% jergiliklestirildi. Apparattıń 950 lawazımınan 425 lawazım jergilikli kadrlar menen tolıqtırıldı.

Jergiliklestiriw tiykarınan tómengi buwın xızmetkerleri-kurierler, qarawıllar, milicionerler esabınan ámelge asırıldı. Orta buwında bul is ázzi júrgizildi, al joqarı kategoriyadaǵı xızmetkerlerge derlik tiyisli bolmadı.

[64]T.Rıskulov. Sobranie sochineniy v trex tomax. Alma-Ata: Qazaxstan, 1998. T. 1, s. 99.

1932-jıldıń 22-yanvarında wálayatlıq partiya komitetiniń keńesi bolıp, onda «Jergiliklestiriw hám kadrlar tayarlaw wazıypaları haqqında» XKK (SNK) baslıǵı Q,Áwezov bayanat jasadı.

Shıǵıp sóylegen Seydrasuliev jergiliklestiriw hám milliy kadrlar tayarlaw tiykarǵı másele ekenin atap kórsetti. Daliev bolsa, lawazımlarǵa tartılǵanlar menen heshqanday jumıs alıp barılmay atırǵanın ayttı. Barlıq direktivalar rus tilinde beriletuǵının olardı jergilikli kadrlar túsinbeytuǵının, kolxoz basshılarınıń kópshiligi sawatsız ekenin, jergilikli tillerde is júrgiziwdi jolǵa qoyıw kerekligin atap kórsetti.

J.Seytova hayallardı basshı lawazımlarǵa qoyıw zárúrligine dıqqat qarattı. Qaraqalpaqstan partiya shólkeminde tek 13% hayal-qızlar bar ekenin bildirdi. Usı keńestiń materialların úyreniw kadrlar tayarlaw, apparattı jergiliklestiriw, is júrgiziwdi jergilikli tilde alıp barıw áhmiyetli máseleler ekenin kórsetti.

Jergilikli kadrlardıń sanı kóbeygeni menen oraylıq mákemelerde hám xalıq komissariatlarında rayonlar menen baylanıs kópshilik jaǵdayda rus tilinde júrgiziletuǵını aytıldı.

Jergiliklestiriw xalıq komissariatlarında tek basshı lawazımlarda ámelge asırılǵanı, texnikalıq apparat hám is júrgiziwde áhmiyetli lawazımlar jergilikli kadrlar menen tolıqtırılmaǵanı atap kórsetildi.

Oraydan kadrlar shaqırıw kerek, biraq joqarı mamanlıqtaǵı qánigelerdi shaqırıw, al, basqa xızmetkerlerdi respublika ishinen, sonday-aq oraylıq oqıw orınlarına jiberiw arqalı tayarlaw kerekligi atap ótildi.

1927-jıldıń 1-avgustında Qaraqalpaqstan wálayatlıq partiya komiteti jańa latın alfavitin eńgiziw haqqında qarar qabıl etti. Bul ilájdı jańa oqıw jılınan baslap wálayattıń barlıq oqıw orınlarında baslaw názerde tutıldı.

Wálayattıń hár bir okruginde keshki kurslar shólkemlestirildi, doslar dógerekleri hám jańa alfavitti úyreniwge járdem kórsetiw komitetleri dúzildi. «Erkin Qaraqalpaq» gazetasında latınsha alfavittiń eńgiziliwiniń áhmiyeti keń sáwlelendirilip barıldı.

1933-jıldıń sentyabr ayında VKP (b) OK Ortaazbyurosına «QQASSR sovet apparatın milliylestiriwdiń jaǵdayı haqqında» bayanat xat jiberildi.

Onda milliy xızmetkerlerdiń procenti bunnan aldıńǵı jıllar menen salıstırǵanda keskin páseyip ketkeni haqqında aytıladı: 1930-jılı 31,5 %, 1931-jılı 41 %, 1932-jılı 16,5% bolǵanı kórsetildi.

Respublikalıq sovet apparatına jergilikli milletlerden xızmetkerler tartıw, qaraqalpaqlar sanınıń azǵana izde qalıwı hám t.b millet wákilleriniń joqlıǵına qaramastan bir bapta ámelge asırıldı. Apparattı jergiliklestiriw tiykarınan jumısta ósiriw hám sovet apparatınıń orta buwını ushın xızmetkerler hám keńse-texnikalıq personaldı tartıw esabınan ótkerildi.

Eń kóp jergiliklestirilgen QQASSR dıń húkimetlik mákemeleri 22,8 procent — 7% qaraqalpaqlar, 6% ózbekler, 9% qazaqlar hám 0,7% túrkmenler boldı.

Respublikalıq awıl-xojalıq, sawda-kooperativlik, tayarlaw, qurılıs hám transport shólkemleri 11-12% dárejesinde boldı. Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatı aymaǵında da sovet partiya mektepleri dúzile basladı, 1925-jılı olarǵa 70 adam alındı.

Sońǵılıǵında tıńlawshılar sanı ósip bardı. 1926-jılı 3 toparda olardıń sanı 73 adamǵa jetti. Tıńlawshılar batraqlar hám orta dárejedegilerdiń qatarınan edi.

Joqarıdaǵı atap ótilgenlerden tómendegidey juwmaqlar shıǵarıw múmkin:

Orınlardaǵı partiya hám sovet húkimetin jergiliklestiriwge qaratılǵan háreketler jarım jartılay túrde boldı. Jergilikli millet wákilleri tek basqarıw apparatınıń tómengi buwınında kópshilikti quradı, bular qarawıllar, aǵash ustaları, mashinistkalar, laborantlar referentler boldı.

1930-jıllardıń basında «Burjuaziyalıq milletshilikke qarsı gúres»ke baylanıslı, bul siyasiy mapaz toqtatıldı. Gúres barısında jergilikli xızmetkerlerdiń tiykarǵı bólegi repressiyaǵa ushıradı.

Milliy siyasat salasında nemets qánigesi Gerxard Zimon jergiliklestiriw, milletshil kúshlerdiń rawajlanıwınıń aldıń alıwı tiyis edi. Til, mádeniyat hám kadr siyasatında barımǵa barıwlar avtonomiyalıq hám separatistlik keypiyatlardıń tarqalıwın toqtatıwı kerek edi, - dep jazadı.

Jergiliklestiriw 1927-39-jıllarda rusifikaciyaǵa qaytıw menen tamamlandı.

Kópshilik milliy respublikalar hám avtonomiyalardıń partiya hám sovet uyımlarında milliy kadrlardıń protsentiniń salıstırma onsha kóp emes ekenligi oraylıq basshılıqta nızamlı tınısshızlanıw payda etti. Sebebi, bul jaǵday jergilikli xalıqtıń kóz aldında húkimettiń abroyın hám oǵan bolǵan qızıǵıwshılıqtı aytarlıqtay páseytti.

1926-27-jıllardaǵı jergiliklestiriw tájireybesi túpkilikli xalıq, sonday-aq evropalılar qatarınanda kópshilik xızmetkerlerdiń apparattı jergiliklestiriwge jeterli baha bermegenin, ekinshi tárepinen onı nadurıs túsingenin hám hátte bunıń zárúrligin túsinbegenin kórsetti.

Eń kóp jergiliklestirilgen QQASSR dıń húkimetlik mákemeleriniń apparatı boldı. Respublikalıq awıl xojalıq sawda koperativlik tayarlaw, qurılıs hám transport shólkemleri 11-12% dárejesinde jergilikli kadrlar menen tolıqtırıldı. Orınlarda partiya hám sovet húkimetin jergiliklestiriw ilajları tolıq emes, jarım-jartılay túrde ótkerildi.

## Sovet húkimetiniń jergilikli kadrlardıń abıroyın túsiriwge qaratılǵan siyasatı hám onıń Qaraqalpaqstannıń sociallıq turmısına unamsız tásiri

Sovet totalitarizmniń ornawı xalıqqa ǵalaba qısım jasaw menen ámelge asırıldı. Olardıń anıq sanı elege deyin belgili bolmaǵan represiyalar barlıq sociallıq qatlamlardı qamtıdı. Millionlaǵan adamlardıń táǵdirine tiyisli boldı.

İzertlenip atırǵan dáwirde (1930-1941-jıllar) burıńǵı SSSR da 3 million 778 mıń adam kontrrevolyutsiyalıq jumıstı shólkemlestiriwde ayıplandı. Sonnan 786098 (20%) atıp taslandı. 2 million 369 mıń adam qamaldı. 765 mıń adam súrgin etildi.

Jańa izertlewler bul dáwirde jigirma millionǵa jaqın adam represiyaǵa ushıraǵanın kórsetedi.

1930-jıllardıń basında siyasiy procesler tiykarınan basshı partiya, sovet xojalıq kadrlarına baylanıslı júrgizildi.

1933-jıldıń 14-iyul kúni «Onlıq» milletshil topar haqqında gazetalarda jazıldı[65].

Aradan kóp waqıt ótpesten-aq Q.Áwezov basshılıǵındaǵı «tórtlik» ústinen is qozǵaldı[66].

1933-jıldıń 25-aprelinde VKP (b) Ortaazbyurosı hám wálayatlıq partiya komiteti qararı menen Q.Áwezov lawazımınan alındı.

1925-jıldıń 25-yanvarında Moskva qalasında «Metallist» zavodınıń direktorı bolıp islep atırǵan A. Dosnazarov qamaqqa alındı.

Ol, RSFSR JK 58-8 statyası boyınsha kontrrevolyutsiyalıq islerge qatnasıwda ayıplandı. 8-aprelde SSSR Joqarǵı sudınıń áskeriy kollegiyası A.Dosnazarovtı on jıl erkinen ayırıwǵa húkim etti. Ol, Leningrad wálayatına Belomor-Baltıq kanalı qurılısına jiberildi[67].

Eger 1929-jıllardıń aqırı, 1930-jıllardıń basındaǵı repressiyalar tiykarınan burınǵı sovetlerge qarsı háreketlerdiń qatnasıwshılarına, basqa partiyalardıń aǵzalarına, kulaklarǵa, awıllardıń bay adamlarına eski intelegentsiya wákillerine qarsı qaratılǵan bolsa, al, 1924-jıldıń dekabrinen baslap, (S.M.Kirov óltirilgennen keyin) basqada sotsiallıq qatlamlardı «óz iyrimine» tarta basladı. 1930-jıllardıń ortalarında hám ekinshi yarımında repressiyalar partiya hám sovet apparatına, xojalıq xızmetkerleriniń keń qatlamına qaratıldı.

Stalinniń kórsetpesi boyınsha dáslep, burınǵı ideyalıq qarsılaslar oppozitsionerler repressiyaǵa ushıradı. Olar «İmperializiniń hám sırt el barlawshılarınıń agenti»,- dep járiyalandı.

Usınday ayıplawlar hesh qanday oppozzitsiyalarǵa qatnaspaǵan basqada komunistlerge hám partiyada joqlarǵa qoyıldı.

Miynetkeshler massasınıń kóz aldında usınday ǵalabalıq represiyalardı aqlaw ushın, Stalin OK nıń 1927 jıl fevral-mart Plenumında:

---

[65] «Onlıq» topar qatarında Hákimbay Nasrullaev, Ábdikerim Mámbetiyarov, Jollıbek Raxmettullaev, Bekman Tájiev, Xalmurat Temirxanov, Qaraman Shaqmuratov, Radjap Matchanov, Dáóletyar Ishibetov, Xojan Abdixaliqov, Murat Muxammedov, usaǵan partiya, sovet komsomol huqıq qorǵaó uyımları xızmetkerleri kórsetildi. Olarǵa baylanıslı hár qıylı jazalar tayınlandı.

[66] Tórtlik isi qozǵalıp oǵan Qasım Áóezov, Pirimbet Tóreev, Qazaqbay Allambergenov hám Jaqsımurat Janalievlerdiń isleri qarap shıǵıldı.

[67] 1937-jıldıń 10-noyabrinde NKVD Leningrad basqarması ayrıqsha isler boyınsha «úshlik» A.Dosnazarovtı eń joqarı jazaǵa húkim etti.

Sotsialistlik qurılıs tabısınıń artıwına qaray, klasslıq dushpannıń qarsılıǵıda kúsheyedi, al klasslıq gúres qattı keskinlesedi, degen tezisti alǵa qoydı.

Sırt el ádebiyatında «Úlken terror» degen atama alǵan 1927-1938-jıllardaǵı kadrlar represiyası haqqında aytıwdan aldın, 1937-jıldaǵı Qaraqalpaqstan avtonomiyalı Respublikasında kadrlardıń sanlıq hám milliy quramın, sociallıq shıǵısın, bilim dárejesin sıpatlap ótiw maqsetke muwapıq boladı.

Bir tárepinen qıyın hám quramalı bolǵan Qaraqalpaqstan tariyxınıń usı dáwirinde belgili waqıyalarda júz berdi.

1936-jıldaǵı SSSR Konstituciyasına muwapıq, Qaraqalpaqstan Ózbekstannıń quramına kirdi. Ózbekstan sovetleriniń ayrıqsha VI siezdinde 1927-jıldıń 18-fevralında Ózbekstan Xalıq Komissarları Keńesiniń baslıǵı Fayzulla Xojaev:

«QQSSRdıń Ózbekistanǵa kiriwi ózbek hám qaraqalpaq xalıqlarınıń tuwısqanlıq baylanıslarınıń bekkemleniwiniń, olardıń arasındaǵı doslıqtıń kórinisi bolıp tabıladı. Bul, quwanıshlı!

Bizler, usı isenimdi saqlawımız, qásterlewimiz, bunnan bılayda tuwısqanlıq baylanıslardı bekkemlewimiz kerek. Xojalıǵı hám mádeniyatınıń bunnan bılayda ósiwinde qaraqalpaq xalqına járdem beriwimiz tiyis»,- dep atap kórsetti[68].

Qaraqalpaqstan ASSRnıń Ózbekstannıń quramına kiriwi tuwısqan xalıqlardıń turmısında áhmiyetli tariyxıy waqıya boldı. Ózbekstan húkimeti Qaraqalpaqstannıń xalıq xojalıǵın kóteriw ushın múmkin bolǵan barlıq nárselerdi isledi.

1927-jıldıń 1-yanvarına Qaraqalpaqstan wálayatlıq partiya shólkeminde 1679 adam, sonnan 884 partiya aǵzası, 795 aǵzalıqqa kandidatlar boldı. 1679 kommunistten shıǵısı boyınsha 477 adam (28.4%) jumısshılar, 660 diyqan (39.3%) 542 xızmetkerler (32.3%) edi.

Partiya shólkemleri qatarında 492 qaraqalpaq (29.3 %), 545 qazaq (32.4 %) , 234 ózbek (13.9 %), 229 rus (13.6 %), 41 túrkmen (2.4 %) basqada milletlerdiń wákilleri (8.4 %) boldı.

VII Wálayatlıq partiya konferenciyasında (1927-jıl 19-25-may) onıń basshı quramı saylandı. Obkomnıń birinshi xatkeri bolıp, İslam Aliev saylandı.

---

[68] TsGA RUz, f.r-86,op.10, d.1274, l.78.

İdeologiya boyınsha xatkeri bolıp, Aynalxat Kulenov, awılxojalığı xatkeri Grigoriy Kvachev, shólkemlestiriw partiya máseleleri boyınsha xatkeri Osman Eyubov, LKSM Obkomı xatkeri U.Axmetov boldı. Rayonlıq partiya shólkemlerine: Moynaq (Ya.P. Geger), Shabbaz (İ.Mamadaliev), Kuybıshev (Fedorov), Taxtakópir (Valiullin), Kegeyli (Klıchev) Tórtkúl qalalıq partiya komitetine Gornev basshılıq etti.

OAK (TSİK) baslığı bolıp Nurım Saparov xatkeri Fexretdin Sunchaliev saylandı. Húkimet baslığı balıp Juma Qurbanov tayınlandı.

Húkimet quramı tómendegidey boldı:

Jergilikli sanaat xalıq komissarı Vorojtsev, komunallıq xojalığı İsamuxamedov, ishki sawda Sokolov, diyqanshılıq A.Qudabaev, Qaraqalpaqstan jol trans baslığı Sizov, UNKVD baslığı Yakunin, mámleketlik bank basqarıwshısı Panichev, áskeriy komissar Mustafin, bas sudya Pirnazarov, prokuror Kuzmich, «Sovetskaya-Karakalpakiya» gazetasınıń redaktorı Oshpkov, «Qızıl Qaraqalpaqstan» gazetasınıń redaktorı Saǵitov boldı.

Rayonlıq atkarıw komitetlerine Áwezov, A.Ayteshov, E.Arzıev, Rzabekov, K.Xalilaev, Xodjimuratov, K.Yusupov basshılıq etti.

Bul dáwir Stalinlik repressiyalardıń eń kúsheygen dáwiri edi. Máselen; Mark Yunge hám Rolf Binner «Qalayınsha terror úlken boldı?» maqalasında 1927-jılğı terror kompaniyası burınğı kulaklar, jınayatshıl hám basqada sovetlerge qarsı elementler hám milliy azshılıqqa qarsı operatsiyalar arqalı «úlken terrorǵa aylanǵanı haqqında» jazadı.

Kútá kóp sandağı adamlardıń ólim jazasına húkim etiliwi tutımnıń repressivlik xarakterin ayqın kórsetti, «Úlken terrordıń haqıyqıy nıshanı boldı».

Bul dáwirdi «úlken qırǵın» dáwiri dep atawǵa bolar edi. 1930-jılları ólim jazasına húkim etiw óziniń eń joqarı dárejesine jetti. Kulaklardı saplastırıwdıń birinshi jılı (1930-jılı 20201 adam bolsa) 1925-jılı ol 1229 hám 1936-jılı 1118 adam boldı.

Biraq bunnan keyingi eki jıl ishinde keskin kóbeydi. 1924-1953-jılları siyasiy isler boyınsha shıǵarılǵan ólim jazasınıń derlik 86% jaqını «úlken terrordıń qısqa dáwirine tuwra keledi»[69].

Ózbekstan SSRında jazalawlar háreketleri 1937-jıldıń 10-avgustında baslandı. Repressiya etiletuǵınlar eki kategoriyaǵa bólindi. Birinshi kategoriyaǵa dárhal qarmaqqa alınıwı hám olardıń islerin «Úshlik» qarawı tiyis bolǵanlar, yaǵnıy atıw jazasına húkim etiletuǵınlar kirdi.

Ekinshi kategoriyaǵa qalǵanlardıń barlıǵı, yaǵnıy onsha belsendilik kórsetpese de, bári bir dushpan elementler sanalatuǵınlar kirdi. Olar qamaqqa alınıwı hám 8 jıldan 10 jıl múddetke deyin lagerlerge jiberiliwi tiyis boldı.

Al, olardıń arasında eń sociallıq qáwiplileri «Úshlik» tárepinen usınday múddetke, qamaq jazasına húkim etildi[70].

Usıǵan baylanıslı İ.V.Stalinniń Ózbekstan KP(b) Okke jibergen basshı kadrlardıń quramın ózgertiw haqqındaǵı 1927-jıldıń 2-avgustındaǵı №1167/sh telegrammasın keltirip ótiw orınlı boladı. Onda bılay delingen: «Bizge Ózbekstanda sovetlerge qarsı elementlerge, qarsı gúres júrgizilmey atırǵanday, al İkramovtıń dógereginde usınday elementler jıynalıp, ol olardı kórmey hám elemey atırǵanday túyiledi[71].

Ózbekstanda 1937-1953-jıllar aralıǵında 100 mıńǵa jaqın adam repressiyaǵa ushıradı.

Tek 1937-1939-jılları Qaraqalpaqstanda «kontrrevolyuciyalıq isleri ushın» 3139 adam sudlandı. 1431 adam atıw jazasına húkim etildi, sonnan 459ı barlıq dárejedegi basshı xızmetkerler boldı[72].

Al, 1939-jılda ótkerilgen pútkil awqamlıq xalıqtıń sanın alıwlar boyınsha Qaraqalpaqstan xalqı barlıǵı bolıp 475664 adamdı quraydı[73].

---

[69] Yunge M. Binner R. Kak terror stal bol`shim»? —M.: Izd-vo AIRO —XX. Pervaya publikatsiya v Rossii. — Pod red. G.A. Bordyugova. — M.,2003. — S.34.

[70] Rossiya XX vek. GULAG. 1918-1960//Sost. A.I. Kokurin i N.V. Petrov. Pod nauch. Red. V.N. Shostakovicha. — M., 2002. — S. 101.

[71] Rossiya XX vek. GULAG. 1918-1960… — S. 292.

[72] Babashev Sh. Politicheskiy terror v Karakalpakstane v 1937-1938 gg.//Materialı nauchno sessi Uchenogo Soveta, posvyashennoy itogam NIR 2000 goda. Nukus, 2001. — S.33.

[73] Narodnoe xozyaystvo Uzbekskoy SSR. Statisticheskiy ejegodnik. — Tashkent: Uzbekistan. 1967. — S. 7.

1937-jılı Qaraqalpaqstan wálayatlıq partiya komitetiniń birinshi xatkerleri İslam Sadıkovich Aliev, Davlet Rizaev, Karim Baltaev, Georgiy Fedorovich Kvachev partiya qatarınan shıǵarıldı hám repressiya etildi.

Qaraqalpaqstan wálayatlıq partiya komitetiniń xatkerleri K.Alimov, K.Allabergenov ta usınday táǵdirge duwshar boldı.

Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatı OAK (TSİK) burıngı baslıǵı Kóptilew Nurmumedovta repressiyadan qutıla almadı.

QQASSR NKVD qálbeki, jalǵan ayıplawlarǵa tiykarlanǵan materialları boyınsha (bunday materiallardı shólkemlestiriwshi hám tikkeley jıynawshı-leytenant B.Shteyin bolǵan). Júzlegen partiya hám mámleketlik ǵayratkerler, sonıń ishinde A.Ayteshov, K.Bajanov İ.Bekbawliev, Ó.Bekimbetov, A.Bekmuratov, Ya.Djanaliev, S.Qlıchev, A.Qudabaev J.Qurbanov, T.Nizamatdinov, A.Pirnazarov, S.Tóreevlar xalıq dushpanları dep járiyalandı.

Professir Sh.Babashevtiń maǵlıwmatlarına qaraǵanda 1938-jıldıń 13-oktyabrinde SSSR Joqarǵı sudınıń áskeriy kollegiyası 22 adamdı atıw jazasına húkim etken[74].

«Kontrrevolyutsiyalıq is háreketi ushın» Qaraqalpaqstan rayonlıq partiya komitetleriniń birinshi xatkerleri İ.Abdraxmanov (Moynaq rayonı), Atabaev (Qaraózek rayonı), M.Vabgachev (Qıpshaq rayonı), V.P. Valiullin (Taxtakópir rayonı), M.İmamnazarov (Tórtkúl rayonı), İ.Mambedaliev (Shabbaz rayonı), T.Tawmanov (Kegeyli rayonı), P.Usmanov (Tamdı rayonı) qamaqqa alındı.

Rayonlıq atqarıw komitetleriniń baslıqları B.Bekmurzaev (Qaraózek rayonı), S.Dáwletmuratov (Shımbay rayonı), O.Dilmanov (Shabbaz rayonı), S.Qarabaev (Xojeli rayonı), B.Yusupov (Tamdı rayonı) repressiya etildi.

Bunnan tısqarı SSSR VTSİK aǵzası, Shımbay rayonı Kirov atındaǵı kolxozdıń baslıǵı E.Abiev, QQASSR Joqarǵı Soveti Prezidumı xatkeri F.Sunchaliev, Respublika Joqarǵı Sudınıń aǵzaları S.N.Seydfi, K.İrmanov, Kegeyli

[74] Babashev Sh. Jertvı politicheskix repressiy v Karakalpakstane (1937-1938 gg.) Vestnik KKO AN RU, 2001. — №4. — S.72.

rayonınıń prokurorı S.Qozıbaev, Xojeli rayonınıń prokurorı B.Quramısov hám basqada xalıqtıń danqlı penzentleri repressiya qurbanlarına aylandı.

Professor Sh.Babashevtiń maǵlıwmatları boyınsha 1924-1939- jılları 9 mıńǵa jaqın adam qamaqqa alındı. Sonnan 495 i basshı xızmetkerler boldı.

1938-jıldıń may ayına deyin 2538 adam sudlandı[75].

Qaraqalpaqstannıń derlik barlıq basshı xızmetkerleri wálayatlıq partiya shólkeminiń 10 xatkeri hám bólim baslıqları, rayonlıq partiya komitetleriniń 26 xatkeri, respublikanıń 22 xalıq komissarı, rayonlıq atqarıw komitetleriniń 12 basshısı, huqıq qorǵaw uyımlarınıń 36 xızmetkeri, kolxozlar hám awıl sovetlerdiń 30 baslıǵı, bir neshe júzlegen intelegentsiya hám din wákilleri repressiyaǵa ushıradı.

1930-jılları milliy intelligentsiyanıń ayırım wákilleri, Máselen: S.Májitov, O.Ermanov, İ.Fazılovlar eki retten qamaqqa alındı.

Solay etip, sovet totalitarizimniń ornawı xalıqqa ǵalaba basımshılıq kórsetiw menen birlikte alıp barıldı. Olardıń anıq sanı elege deyin málim bolmaǵan repressiya qurbanları barlıq sociallıq qatlamlardı qamtıdı, kóplegen adamlardıń táǵdirine tiyisli boldı.

Sol dáwirdegi siyasiy leksikada «Milletshilik qaldıqların saplastırıw», «Milletshilikke qızdırılǵan temir basıp joq etiw», «milletshiliktiń ózegin jenship taslaw, mayda burjuaziya milletshilikke qarsı kompaniyanı kúsheytiw, sıyaqlı sózler jiyi-jiyi qollanılatuǵın boldı».

Olar jámiyetshiliktiń dıqqatın diktaturanı tán almaǵanlarǵa qarsı «timiskeniwler júrgiziwge» qarattı.

Ekinshi baptıń juwmaqların shıǵara otırıp, tómendegilerdi atap kórsetiw kerek:

1925-26-jıllarda kadr siyasatınıń tiykarǵı motivi Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatında Sovetlerdiń kópshiligi baylar, iyshanlar, mollalardıń tásiri astında bolǵan, dep esaplanıwı, tómengi buwın sovet apparatına bir qansha jaǵdaylarda sociallıq jat hám zıyanlı elementler kirip ketken, dep esaplanıwı boldı.

---

[75] Sonda.

XX ásirdiń jigirmalanshı jıllarında kadrlar menen jumıstı jańa siyasiy baǵdarda iske asırıwdıń shólkemlestiriwshilik mexanizimi qáliplese basladı. Onıń ideologiyalıq tiykarı 1926-jılı en jaydırılǵan. «Byurokratizimge qarsı hújim» boldı. Byurokratizimge hám shubalanqılıqqa salıwshılıqqa qarsı gúres quralı sıpatında repressiyalardan paydalanıw zárúrligi ayrıqsha atap kórsetildi.

1920-1930-jılları ǵalabalıq tazalawlar kadrlar siyasatın iske asırıwdıń tiykarǵı quralına aylandı.

Bul siyasat óz mápin gózlegen Stalinlik toparlardıń mámleketlik hákimiyat apparatın ámelde basıp alıwına qaratıldı.

Basshı elitanıń kadrlar mashqalasın sheshiw ushın, jumısshılar hám diyqanlar arasınan lawazımlarǵa usınıwdı hám ǵalabalıq tazalawdı qollanıwı nomenklaturanıń rolin túsiriwdi ańlatpadı. Kerisinshe tazalawlar hám basshı lawazımlarǵa usınıwlar nomenklaturalıq mexanizmniń sociallıq tásirin tolıqtırǵanday boldı.

Tazalawlar haqqında qarar OAK (TSİK) hám SSSR XKK (SNK)tiń 1929-jılı 1-iyuldegi «Mámleketlik uyımlar kooperativlik hám jámiyetlik shólkemler apparatın tazalaw haqqında» qararı menen rasmiylestirildi.

Bul 1928-jıldan baslap, tártiplestirilmey júrgizilip atırǵan kompaniyası ushın normativlik baza dúzdi. Eger oraylıq mákemelerde tiykarınan (byurokratlıq hám shubalańqılıqqa, salıwshılıq ushın lawazımnan alınsa, al orınlarda klasslıq hám partiyalıq baǵdardı burmalaǵanı ushın jumıstan bosatıldı.

Ǵalabalıq tazalawlar, ǵalabalıq lawazımlarǵa usınıwlardı ańlattı. Sebebi, basqarıw apparatında bosaǵan orınlar tez tolıqtırıwdı talap etti.

Basshı hám juwapkerli lawazımlarǵa usınıw menen bir qatarda en jaydırılǵan «sociallıq birlikte alıp barıw», «mámleketlik apparat ústinen jumısshı qáwenderligi» kompaniyaları, mámleketlik apparattan partiyada joq qániygelerdi shetletiwge qaratıldı.

Kadrlar siyasatı mexanizminiń mazmun-mánisi mámleketlik xızmetke «sociallıq birlikte alıp barıwshılar sıpatında stanokta islep atırǵan jumısshılar jiberiliwi» boldı.

Olarǵa hújjetlerdi úyreniw hám ajıratılǵan lawazımlar sheklerinde qararlar qabıl etiw, eń tiykarǵısı olar ústinen qáwenderlik ornatılǵan qániygelerdiń jumısın qadaǵalaw múmkinshiligi berildi.

Bunnan tısqarı áskeriy kommunizm-usılları óz-ózinen bul islerge ótkerildi. Ǵalaba mawasazlıq, dushpanlıq, gúmanshıllıq jaǵdayı dúzildi.

Ǵalabalıq repressiyalar kadrlarda kósemshilik, ózin joqarı qoyıw, real processlerdi sın kóz benen qaramastan qabıl etiw, byurokratlıq, ózbasımshılıq, óz ıqtıyarına beriliwshilik, gúmanshıllıq hám qorqınısh qusaǵan unamsız sıpatlardı payda etti hám kúsheytti.

Bas iyip, sıyınıwshılıq kadrlardıń inta kórsetiwin hám óz betinsheligin basıp tasladı.

Kósemlerdiń dógeregine haqıqıy jetekshiler emes, al intasız orınlawshılar, iske emes, al óz basshısına sadıq adamlar toplandı.

Bul dáwir partiya hám mámleketlik apparattıń sanınıń tez ósiwi menen sıpatlandı. Onıń professionallıq, sapa jaqtan rawajlanıwı san jaǵınan ósiwinen aytarlıqtay izde qalǵanın atap kórsetiw kerek.

Kadrlar korpusı ázzi bilimge iye, bosań, dúzimge sadıq basshılardan ibarat boldı. Olar pútkil hákimiyatqa biylik etti.

Kadrlar siyasatı partiyanı «xatkerler (sekretarlar) ierarxiyasına» hám partiya massasına bóliwge, apparatıń qatardaǵı, ápiwayı miynetkeshlerge qarsı qoyıwǵa, jańa basqarıwshı elitanı qáliplestriwge emes, kommunistlik ierarxiyalıq kastanıń qáliplesiwine alıp keldi».

Sovet húkimeti apparatınıń tergew-jazalaw sisteması — Jumısshı-diyqan inspektsiyası hám wálayatlıq partiya komiteti janında qadaǵalaw komissiyası iske qosıldı.

Bul uyımlardıń tiykarǵı wazıypası apparatlarda jat elementlerdi izlew hám tazalaw, olardıń jumısında kemshiliklerdi anıqlaw, partiya hám sovet húkimeti belgilegen baǵdarı ámelge asırıwǵa olardıń uqıplılıǵın tekseriwden ibarat boldı.

Tazalawdıń birinshi basqıshında (1927-jıldıń gúzgi-1929-jıldıń iyun ayı aralıǵında).

1928-jıldıń ózinde Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatı partiya shólkeminen 200 den aslam adam shıǵarıldı. Sovet, xojalıq hám kooperativlik shólkemlerden 100 ge jaqın adam bosatıldı. «Qosshı» awqamnan mıńnan aslam adam shıǵarıldı.

Ekinshi basqıshta 1929-jıldıń sentyabrinde wálayattıń partiya shólkeminen 300 ge jaqın adam, sovet apparatınanda usınshelli adam tazalandı. Awıl sovetlerdiń quramı 75% jańalandı.

1930-jıllardıń basında mámleketlik apparattı jergileklestiriw máselesi úlken áhmiyetke iye boldı.

1926-27-jıllardaǵı is tájiriybesi jergilikli xalıq qatarınan, sonday-aq evropalılardan kópshilik xızmetkerler bir tárepinen apparatı jergiliklilestiriwdiń áhmiyetine jeterli baha bermeytuǵının, ekinshi tárepinen onıń mazmun-mánisin nadurıs túsinetuǵının, hátteki túsinbeytuǵının kórsetti.

1929-jıldıń 1-sentyabrine kele, Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatı sovet apparatı 42,4%, kooperativlik apparat 47,9%, partiya apparatı 56,9%, jergileklestirildi. Barlıǵı bolıp 950 apparat xızmetkerinen, 425 adam (44,8%), jergilikli kadrlar eabınan tolıqtırıldı.

Sovet apparatınıń mámleketlik múlkke aylandırıwda artta qalaw sebepleri atap ótildi: sovet apparatınıń jat hám buzılǵan elementler menen ádewir pataslanıwı; kelisimpazlıq hám apparattı ıdıratıwǵa qarsı gúrestiń bolmawı; lawazımınan paydalanıp jınayat islew, talan-taraj hám orınsız jumsaw; apparattı shetten kelgen jumısshılar menen tolıqtırıwdıń qıyınlıǵı; awır turmıs sharayatları sebepli shetten kelgen jumısshılardıń turaqsızlıǵı.

QQASSR hkimeti mákemeleriniń apparatı anaǵurlım turaqlastı. Respublikalıq awıl xojalıq, sawda-kooperativlik, tayarlawshı, qurılıs hám transport kárxanaları 11-12% dárejede turdı.

Qaraqalpaqstandaǵı 1930-jıldıń baslarındaǵı siyasiy protsesslerdiń repressiyalıq ótkir ushı, aldı menen, endi ǵana avtonomiyalı oblasttı respublikaǵa aylandırǵan partiya, sovet, xojalıqlardıń basshı kadrlarına qarsı baǵdarlandı.

1930-jıldan baslap kóp jıllarǵa shekem elde «xalıq dushpanı» degen túsinik júrdi. «Dushpanlardıń» bolıwı qálegen adamdı solardıń qatarına qosıp qoyıwǵa

múmkinshilik berdi, demek qatań túrde, hátteki atıw jazasına shekem jazalandı. «Xalıq dushpanı» tamǵası xalıq arasında úlken qorqınısh boldı, «xalıq dushpanlarınıń» tek ózlerin ayawsız repressiyaǵa ushıratıp ǵana qalmay, olardıń shańaraǵı hám aǵayinlerin de xalıq dushpanına aylandırdı. Bul boyınsha Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı G.Esemuratova bılay dep jazadı: «O`zbekistan Qaharmanı, O`zbekistan xalıq shayırı İbrayım Yusupovtıń ákesi «xalıq dushpanı» dep ayıplandı hám qamaqqa alındı, shańaraǵı óziniń baǵıwshısınan ayırıldı hámot jaǵılmaǵan, ızǵar úyde ashtan-ash jasadı, anası 9 jasar İbrayım menen Shımbay qalasında jasaytuǵın aǵayinlerinen pana izledi, aǵayinleri olardı jaqsı kútip almadı, qaqaman suwıq bolıwına qaramastan úylerine kirgizbedi, sebebi olardı da xalıq dushpanı atawınan qorıqtı»[76].

1925-1930-jılları milliy processlerdi basqarıwdıń dinamikalıq mexanizmi dúzildi hám júdá sátli háreket etti. Biraq, kadrlar menen qarjı jetispedi. Bolshevistlik mentalitette milliylik klasslıq prioritetke qaraǵanda bárqulla ekinshi dárejeli áhmiyetke iye edi.

Milliy protsesslerdi «partiyalıq basqarıw «joqarıdan — OK RKP Siyasiy byurosı, Orgbyurosı, siezdlerde, plenumlarda, pariya aktivlerinde ámelge asırıldı. Xalıqqa óz «ónimin» tómennen ósiriwge múmkinshilik beriwdiń ornına, OK polpredleri — Túrkbyuro, Sredazbyuro, Zakbyuro hám t.b. «qurılısshılar brigadaların» jiberip turdı. Juwmaǵında respublikalıq shegaralarda taza siyasiy kombinatsiyanıń nátiyjesi bolǵan «boslıqlar»dı qaldırdı, xalıqtı birinshi hám ekinshi dárejelige bólip tasladı.

1937-1939-jıllardaǵı qaraqalpaq xalqınıń milliy intelligentsiyasına qarsı repressiyalar júwensiz úlken derjavalıq-shovinistlik xarakterge iye bolıp, keń masshtabtı qamtıdı. Máselen, 1937-1938-jıdlları Ózbekstannıń direktivalıq uyımlarınıń «Zıyan keltiriwshiliktiń aqıbetlerin saplastırıw boyınsha ilajlar haqqında» qararına muwapıq, xalıq bilimlendiriwi salasında, sonıń ishinde, oqıtıw jergilikli xalıqtıń tillerinde alıp barılatuǵın mekteplerde, uchilishelerde, pedagogikalıq institutta bir neshe ret oqıtıwshı kadrlardı tazalawlar ótkerildi. Tek

[76] Erkin Qaraqalpaqstan, 2008, 17-noyabr.

1937-jıldıń sońǵı 4 ayı ishinde «xalıq dushpanları» sıpatında Qońırat rayonınan 28 muǵallim, Xojeli rayonınan 27 muǵallim, Kuybıshev rayonınan 11 muǵallim qamaqqa alındı[77].

Xalıq bilimlendiriw salasındaǵı ideologiyalıq jumıs belgili aǵartıwshılarǵa qarsı turaqlı quwdalawlar hám repressiyalar menen birlikte alıp barıldı, joqarıda atap ótilgen qararda qáliplestirilgen «xalıq dushpanları», «shet el mámleketleriniń tıńshıları» A.İkramov, F.Xojaev hám basqalar bilimlendiriw xalıq komissariatındaǵı óz tárepdarları arqalı xalıq bilimlendiriwi tarawında Ózbekstan miynetkeshlerine kútá úlken zıyan keltirdi, degen juwmaqqa tiykarlandı. Barlıq ayıplaw húkimlerinde tómendegidey juwmaqlar boldı: «olar barlıq ilajlardı qollanıp, ózbek xalqın aldıngı mádeniyattıń iyeleri — ullı rus xalqınan bóleklewge urındı; olar jaslardı milletshilik záhári menen uwladı; olar ózbek mekteplerinde rus tilin úyreniwge tosqınlıq etti, jaslardı sol dáwirdegi klassiklerdiń shıǵarmaların negizgi dárekleri boyınsha úyreniw múmkinshiliginen ayırdı; olar klassiklerdiń shıǵarmaların rus tiline awdarıwdı úziliske túsirdi hám jaslardı sawatsız qaldırdı». QQASSR oraylıq partiya komiteti 1938-jıldıń martında joqarıda atap ótilgen qarardı qaytalawshı «QQASSR Bilimlendiriw xalıq komissariatı salasında zıyan keltiriwshilik haqqında» qarar qabıl etti. Onda «xalıq dushpanları», shet el mámleketlerdiń agentleri, burjuaziyalıq milletshiler: İ.Aliev, Alimov, Rizaev, Qulenov, Axmedov, K.Tureev (Shımbay peduchilishshesiniń direktorı R. B.) S.Tureev (QQASSR Bilimlendiriw xalıq komissarı — R.B.), P.Suleev, T.Aytımov hám basqalar xalıq bilimlendiriwi salasına kútá úlken zıyan keltirgeni haqqında aytıldı. Bul «xalıq dushpanları» qaraqalpaq xalqın ullı rus xalqınıń mádeniyatınan bóleklewdi qáledi, olar qaraqalpaq mekteplerinde rus tilin úypeniwge tosqınlıq etti hám jaslardı sawatsız qaldırdı»[78].

Ǵalabalıq siyasiy repressiyalar jazalaw aktsiyalarına jergilikli milletlerdegi partiya — sovet xızmetkerleri, sonday-aq siyasatqa hesh qanday qatnası joq, onnan uzaqta bolǵan adamlar da (jazıwshılar, muǵallimler hám t.b.) duwshar boldı.

[77] TsGA RUz., f. R-837, op.32,d.1336, l.13.
[78] TsGA RUz., f. R-837, op.32,d.1336, l.15.

Bolshevikler partiyasınıń hám onıń repressivlik uyımlarınıń jumısı, atap aytqanda, qaraqalpaq xalqınıń milliy intelligentsiyasınıń siyasiy hám sotsiallıq jaqtan belsendi, patriotlıq ruwxtaǵı bólegin, sonday-aq ekonomikalıq jaqtan ayaǵında bekkem turǵan, sonlıqtan da sovetler hám bolsheviklik partiyası ushın «potentsial qolaysız» bolǵan jergilikli xalıq toparların joq etiwge qaratıldı.

Jergilikli xalıq, ásirese intelligentsiya ushın repressiyalar — bul ótmishtegi koloniyalıq tutımnıń dawamı bolıp qalmastan, basımshılıq etiw menen kútá úlken keńislikte ornasıp alǵan bolshevikler húkimeti tábiyatınıń mazmunı ekenligi ayqın boldı[79].

Solay etip, tolıq emes maǵlıwmatlar boyınsha, tek 1934-1939-jılları Qaraqalpaqstanda 10 mıńnan adam repressiya etildi, onıń aytarlıqtay bólegin dinge iseniwshiler quradı.

Jazıwshı-shayırlar Seyfulǵabit Majitov ulı Raxim Majitov penen birge, İzbasar Fazılov, belgili jurnalistler Xojan Ábidixalıqov, Orazalı Qosekeev, mamleketlik teatrdıń direktorı İbat Bekbauliev, Ámet baqsı Matnazarov hám basqa da kóplegen jazıwshılar jáne kórkem óner ǵayratkerleri tiykarsız túrde qamaqqa alındı[80].

Qaraqalpaqstanda repressiyalıq siyasattıń qayǵılı tárepi sonnan ibarat, jazalaw aktsiyalarınıń kópshiligi sol waqıttaǵı awqamlıq Oray tárepinen ámelge asırılǵan bolsa da repressiyalar bir qatar jaǵdaylarda jergilikli hákimiyat wákilleri hám respublika jámiyetshiligi tárepinen qollap quwatlandı. Respublikada barlıq jerlerde shıǵıp sóylewler, partiya-sovet, kásiplik awqam xızmetkeleriniń, ilimpazlardıń, jazıwshılardıń, ilimiy-pedagogikalıq xızmetkerlerdiń, gazeta-jurnallarda maqalaları shólkemlestirildi, mitingler, oqıwshılardıń, studentlerdiń, sonday-aq miynet jámáátleriniń jıynalısları ótkerildi.

…Bunnan 70 jıldan aslam burın Qaraqalpaqstannıń Ózbekistan quramına kiriwdey tariyxıy akt qaraqalpaq hám ózbek xalıqlarınıń máplerine juwap berdi. Sebebi, olardı mádeniyat, din, til, úrp-ádetler, dástúrler tarawındaǵı áyyemnen

[79] Berdyaev N.A. Istoki i smısl russkogo kommunizma
[80] AJK RK, f.1, op.4, d.1608. l.10.

kiyatırǵan tuwısqanlıq baylanıslar, ulıwma milliy hám ekonomikalıq mápler baylanıstırıp keldi hám baylanıstırmaqta.

Ózbek hám Qaraqalpaq xalıqları totalitarlıq tutım sharayatlarında ózleriniń ruwxıylıǵın hám ádep-ikramlılıǵın saqlap jáne qorǵap, maqtanısh penen jasadı, haq niyet penen miynet etti, erkinlikke hám ǵárezsizlikke erisiwge umtıldı.

Solay etip, ǵárezsizlik hám erkinlik ushın biziń xalqımızǵa qımbatqa tústi. Erkinliktiń bahası — bul bárhama áwladlardıń táǵdiri, olardıń ómiri, olardıń isenimi hám olardıń hújdanı bolıp tabıladı. Sovet imperiyası dáwirinde repressiya etilgenler, basımshılıqtıń gúnasız qurbanına aylanǵanlar da óz úlesin qostı, erkinliktiń irge tasın qaladı. «Biziń ullı babalarımızdıń jarqın obrazı, — dep ádil túrde atap kórsetedi O`zbekistan Respublikası Birinshi Prezidenti İ.Karimov, — ǵárezsizlik jolında biziń islerimizdi qollap-quwatlaydı[81].

Házirgi waqıtta biz uzaq ásirler dawamında ezilip hám kemsitilip kelgen, ar-namısı hám qádir-qımbatı ayaq astı etilgen xalqımızdıń arzıw-ármanların ámelge asırıwǵa eristik. Endi biz ǵárezsiz óz aldına mámleket qurmaqtamız. Biziń mámleketshiligimizdiń tez qáliplesiwi, onıń qúdiretiniń artıw, dúńya júzilik sheriklikte ılayıqlı orın iyelewi, birinshi gezekte, xalıqtıń intellektuallıq dárejesine, onıń ruwxıylıǵına baylanıslı boladı. Jańa jámiyet qura otırıp, biz tiykarǵı wazıypalarımız qatarına xalıqtıń haqıyqıy tariyxın, onıń ádep-ikramlılıq qádiriyatların qayta tiklewdi qoyamız. Biziń búgingi kúnimizdiń qádirine jetiw ushın bizler keshegi kúnimizge, biziń ótmishimizge názer taslawımız hám oǵan ózimizdiń qatnasımızdı anıqlap alıwımız tiyis.

---

[81] Karimov I.A. Ózbekstan: milliy ǵárezsizlik, ekonomika, siyasat, ideologiya. — T.1. — Tashkent. Ózbekiston, 1996 — S.75.

## Qaraqalpaqstan tariyxı páninde sovet húkimetiniń kadrlar siyasatın úyreniw máselelerin oqıtıwdıń jańa pedtexnologiya usılları

### 3.1. Sabaqtıń tálim texnologiyası

**Tema: XX ásirdiń 20-30-jılları Sovet húkimtetiniń Qaraqalpaqstan aymaǵında alıp barǵan kadrlar siyasatı.**

**Jobası:**

1. Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatın dúziw dáwirindegi kadrlıq ózgerisler
2. Qaraqalpaqstan aymaǵına basqa regionlardan kelgen basshı hám basqarıw kadrları jáne olardıń ózgeshelikleri
3. Qaraqalpaqstanda Sovet húkimetiniń kadrlar siyasatında kadrlardı basshı lawazımlarǵa usınıw

**Ádebiyatlar:**


1. Karimov İ.A. Jańasha oylaw – dáwir talabı N. 1997
2. Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı N.2003


| Tema | XX ásirdiń 20-30-jılları Sovet húkimtetiniń Qaraqalpaqstan aymaǵında alıp barǵan kadrlar siyasatı. |
|---|---|

(Lektsiya –2 saat)

**Lektsiyani ótkeriw texnologiyasi**

| *Sabaq túri* | *Tema boyınsha lektsiya* |
|---|---|
| **Lektsiya jobası** | 1. Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatın dúziw dáwirindegi kadrlıq ózgerisler.<br>2. Qaraqalpaqstan aymaǵına basqa regionlardan kelgen basshı hám basqarıw kadrları jáne olardıń ózgeshelikleri.<br>3. Qaraqalpaqstanda Sovet húkimetiniń kadrlar siyasatında kadrlardı basshı lawazımlarǵa usınıw. |
| **Oqıw sabaǵınıń maqseti** | **Tómendegi bilim hám kónlikpelerdi qáliplestiriw:**<br>- pánniń strukturası hám reyting kriteriyaları<br>- anıq tariyxıy waqıyalardı hújjetler tiykarında sánelerin belgilewdi.<br>- studentler sovet húkimetiniń XX ásirdiń 20-30-jıllarında Qaraqalpaqstan aymaǵında alıp barǵan kadrlar siyasatın ózlestiredi.<br>- Qaraqalpaqstan aymaǵına basqa regionlardan kelgen basshı hám basqarıw kadrları jáne olardıń ózgeshelikleri hám unamsız nátiyjeleri haqqında keń túrde túsinikleri rawajlanadı. |
| **Tayanish túsinikler** | Kadrlar siyasatı, basqa aymaqtan kelgen kadrlar, jergilikli kadrlar, jańa ekonomikalıq siyasat, h.t.b. |

| **Pedagogikalıq wazıypalar:** | **Oqıw iskerligi nátiyjeleri:** |
|---|---|

| | |
|---|---|
| Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatın dúziw dáwirindegi kadrlıq ózgerisler haqqında maǵlıwmat beriw | Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatın dúziw dáwirindegi kadrlıq ózgerisler haqqında túsinikleri payda boladı hám bul haqqında aytıp bere aladı. |
| Qaraqalpaqstan aymaǵına basqa regionlardan kelgen basshı hám basqarıw kadrları jáne olardıń ózgeshelikleri haqqında maǵlıwmat beriw | Qaraqalpaqstan aymaǵına basqa regionlardan kelgen basshı hám basqarıw kadrları jáne olardıń ózgeshelikleri haqqında túsinikleri payda boladı hám bul haqqında aytıp bere aladı. |
| Qaraqalpaqstanda Sovet húkimetiniń kadrlar siyasatında kadrlardı basshı lawazımlarǵa usınıw haqqında maǵlıwmat beriw | Qaraqalpaqstanda Sovet húkimetiniń kadrlar siyasatında kadrlardı basshı lawazımlarǵa usınıw haqqında maǵlıwmat beriw haqqında túsinikleri payda boladı hám bul haqqında aytıp bere aladı. |

| | |
|---|---|
| Oqıtıw usılları | Lektsiya, kórgizbe, aqılıy hújim, klaster |
| Oqıtıw quralları | Lektsiya teksti, karta, kompyuter texnologiyaları, slaydlar |
| Oqıtıw sharayatı | Texnikalıq qurallar menen támiyinlengen, oqıtıw usılların qollanıw múmkin bolǵan oqıw bólme |
| Monitoring hám bahalaw | Baqlaw, awızeki tekseriw, jazba jumıs, oqıw tapsırma |

**Lekciyanıń texnologiyalıq kartası**

| **Jumıs barısı basqıshları, waqtı** | **Jumıstıń mazmunı** | |
|---|---|---|
| | **Oqıtıwshı** | **Student** |
| **1-basqısh kirisiw (15 minut)** | 1.1. Oqıw pániniń atın aytadı, predmettiń dáslepki ulıwma túsinikler beredi. Metodikalıq hám shólkemlestiriwshi tárepleri, studentlerdiń bilimlerin bahalaw reytinglerin hám pán strukturasın tanıstıradı (1-qosimsha)<br>1.2. Bul pánniń úyreniletuǵın temaları boyınsha teoriyalıq hám seminar sabaqları, olardıń baylanısı haqqında qısqasha maǵlıwmat beredi. Tiykarǵı ádebiyatlar menen tanıstıradı. (2-qosimsha)<br>Oqıw dástúrin talabalarǵa tanıstıradı.<br>1.3. Lekciya sabaqlıǵınıń maqseti hám oqıw nátiyjelerin aytadı. Studentlerdi aqılıy hújimge tartıw ushın qızıqtırıwshı sorawlar beredi. (3-qosimsha). | Tańlaydı hám jazadı, anıqlastıradı, sorawlar beredi<br><br>Temanıń atın jazıp aladı.<br><br>Sorawlarǵa juwap beredi |
| **2-basqısh tiykarǵı protsess** | 2.1. Lekciya jobasınıń barlıw sorawları boyınsha vizual materiallardı kórsetedi. (4- qosimsha). Temanıń tiykarǵı jerlerin jazıp alıw kerekligin | Tıńlaydı, úyrenedi, jazadı, anıqlaydı, |

| | | |
|---|---|---|
| **(55 minut)** | aytadı. Qızıqtırıwshı soraw-juwap ótkeredi.<br>1. Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatın dúziw dáwirindegi kadrlıq ózgerisler.<br>2. Qaraqalpaqstan aymaǵına basqa regionlardan kelgen basshı hám basqarıw kadrları jáne olardıń ózgeshelikleri.<br>3. Qaraqalpaqstanda Sovet húkimetiniń kadrlar siyasatında kadrlardı basshı lawazımlarǵa usınıw.<br>2.2. Temanıń tayanısh túsinikleri hám kerekli belgiler qosıladı. Juwaplardı tuwrılaydı hám juwmaqlaydı. (5-qosimsha)<br>2.3. talabalardıń erkin pikirlewine ruxsat beredi hám olardı jarıstıradı. | sorawlar beredi. Tiykarǵı jerlerin jazadı sorawlarǵa juwap beredi. Hár bir tayanısh túsinikler hám belgilerdi talqılaydı, jazadı, juwap beredi, tıńlaydı |
| **3-basqısh juwmaqlawshı basqısh (10 minut)** | 3.1. Tema boyınsha ulıwma juwmaqlaydı.<br>3.2.Talabalardıń bilim hám kónlikpelerin bahalaydı<br>3.3. Kelesi saatta kóriletuǵın máseleni aytıp ótedi hám óz betinshe tayarlıq kóriwin aytadı.<br>3.4. Studentlerge úyge tapsırma etip:<br>(1). XX ásirdiń 20-30-jılları Sovet húkimtetiniń Qaraqalpaqstan aymaǵında alıp barǵan kadrlar siyasatı temasında esse jazıw;<br>(2). Óz betinshe ushın temalar usınıladı;<br>(3). Keyingi tema járiyalanadı hám oǵan tayarlanıp keliwdi aytadı.<br>(4). Ózin-ózi tekseriw ushın sorawlar beriledi.<br>(5). Usınıs etilgen ádebiyatlardı úyreniwge beredi. | Óz betinshe tayarlıq kóriwi ushın temalardı jazıp aladı.<br><br>Dokladlar temasına tayarlanadı. |

## 3.2. Metodikalıq usınıs hám kórsetpeler

Ózbekstan Respublikası ǵárezsizlikke eriskennen soń tálim-tárbiya protsessinde úlken ózgerisler júz berdi. Házirgi kúnde tálim procesinde interaktiv metodlar, innovacion texnologiyalar, pedagogikaliq hám axborot texnologiyalarınan oqıw protsessinde qollawǵa bolǵan qızıǵıw itibar kúnnen kúnge háwij alıp barmaqta, bunday bolıwınıń sebepleriniń biri, usı waqıtqa shekem dástúriy tálimde oqıwshılardı tek ǵana tayar bilimlerdi iyelewge úyretken bolsaq zamanagóy texnalogiyalar olardı iyeleytuǵın bilimlerin ózleri qıdırıp tabıwlarına, ǵárezsiz úyrenip, analiz etiwine, hátteki juwmaqlardı da ózleri keltirip shıǵarıwlarǵa úyretiledi.

Oqıtıwshı bul protsesste shaxstıń rawajlanıwına, qáliplesiwine, bilim alıwına hám tárbyalanıwına sharayat jaratıladı hám sonıń menen bir qatarda basqarıwshılıq baǵdar beriwshi funkciyasın orınlaydı. Tálim protsessinde oqıwshı tiykarǵı figuraǵa aylandı. Sonıń ushın tariyx sabaqlarında zamanagóy oqıtıw interaktiv metodlar, innovacion texnologiyalardıń ornı hám roli úlken áhmiyetke iye. Pedagogikalıq texnologiya hám pedagog sheberligine baylanıslı bilim, tájriybe hám interaktiv metodlar oqıtıwshılardı bilimli, sawatlı bolıwına imkaniyat jaratadı.

İnnovatsiya - jańalıq kirgiziw, jańalıq esaplanadı. İnnovacion texnologiyalar pedagogikalıq process hám de oqıtıwshı hám oqıwshı iskerligi jańalıq, ózgerisler kirgiziw bolıp, onı ámelge asırıwda tiykarınan interaktiv metodlardan tolıq paydalanıladı.

İnteraktiv metodlar bul jámáát bolıp pikirlew dep júrgiziledi, yaǵnıy pedagogik tásir etiw usıları bolıp tálim mazmunnıń quramlı bólimi esaplanadı. Bul metodlardıń ózine tánligi sonnan ibarat olar tek ǵana pedagog hám oqıwshılardan birgelikte jumıs islewi arqalı ámelge asırıladı.

Bunday pedagogikalıq birge islew protsesi ózine tán qásiyetlerge iye bolıp, olarǵa tómendegiler kiredi.

- Oqıwshınıń sabaq dawamında oqıwǵa itibarsızlıq qılmawǵa erkin pikirlewge, óz ústinde islewge májbúr etiwi.
- Oqıwshılardı oqıw protsessinde bilimge bolǵan qızıǵıwların hámme waqıtta itibarǵa alıw hám támiyinlew.
- Oqıwshılardıń bilimge bolǵan qızıǵıwshılıǵın ǵárezsiz ráwishte hár bir máselege dóretiwshilik tárizde kúsheytiw.
- Pedagog hám oqıwshınıń hámme waqıt birgelikte jumısınıń qáliplesiwi.

Pedagogikalıq texnologiyalar máseleleri, mashqalalardı úyrenip atırǵan oqıwshılar, ilimiy izertlewshiler pikirinshe, pedagokalıq texnologiya bul tek ǵana axborot texnologiyası menen baylanıslı bolǵan hám oqıtıw processinde qollanıw múmkin TSO, kompyuter, aralıqta turıp oqıtıw, yaki hár qıylı texnikalardan paydalanıw deb belgilenbeydi.[82]

Biziń pikirimizshe pedagogikalıq texnologiyanıń eń tiykarǵı negizi oqıtıwshı hám oqıwshınıń belgilengen maqsetke qamsızlandırılǵan nátiyjege birgelikte erisiwde qollanılatuǵın hár bir tálim texnalogiyası oqıtıwshı hám oqıwshı arasında

---

[82] T.Tashpulatov, Ya.Gafarov «Tarix óqitish metodikasi» -T., «Óqituvchi» 2002 y. 48-b.

birge islesiwdi ornata alsa, oqıw protsesinde oqıwshılar erkin pikirley alsa, izlense analiz ete alsa, ózleri juwmaq shıǵara alsa ózlerine, gruppaǵa, gruppa bolsa olarǵa baha bera alsa oqıtıwshı ózi bolsa olardıń bunday jumısları ushın imkaniyat jarata alsa, usı waqıt oqıtıw procesiniń tiykarı esaplanadı.

Hár bir sabaq, tema, oqıw, predmetin ózine tán texnologiyası bar, yaǵnıy oqıw processindegi pedagogik texnologiyası bar bul jeke tártiptegi process bolıp ol oqıwshının mútájliginen kelip shıqqan halda bir maqsetke baǵdarlanǵan aldınan jobalastırılǵan hám qamsızlandırılǵan nátiyje beriwine qaratılǵan pedagogikalıq process bolıp tabıladı.

Oqıtıwshı hám oqıwshınıń maqsetten nátiyjege erisiwinde qanday texnologiyanı olar ıqtıyarına, sebebi hár eki táreptiń tiykarǵı maqseti anıq. Nátiyjege erisiwge qaratılǵan, bunda oqıwshılardıń bilim dárejesi, klass xarakteri, sharayatqa qarap islenetuǵın texnologiyaǵa tańlanadı. Mısalı, nátiyjege erisiw ushın, bálkim kompyuter menen islew lazım, bálkim film, tarqatpa material, sızılma hám plakatlar, hár qıylı ádebiyatlar, axborot texnologiyası kerek bolar, bul tek ǵana oqıtıwshı hám oqıwshıǵa baylanıslı.

Sonıń menen bir qatarda oqıtıw processiniń aldınan jobalastırıw zárúr, bul protsesste oqıtıwshı oqıw predmetiniń ózine tán tárepin, orın hám sharayatın, eń tiykarǵısı, oqıwshınıń imkaniyatı hám imkaniyatına hám birgelikte islewin shólkemlestire alıwın, esapqa alıw kerek, sonda ǵana, kerekli kafolatlanǵan nátiyjege erisiwi múmkinshiligine iye bolamız. Solay etip aytqanımızda, oqıwshını tálimniń orayına alıp shıǵıw kerek.

Oqıtıwshı tárepinen hár sabaqtı anıq jaǵdayda kóre alıwı hám onı elesletiw ushın bolajaq sabaq procesin jobalastırıp alıw kerek. Bunda oqıtıwshıǵa bolajaq sabaqtıń texnalogiyalıq kartasın hár bir tema, hár bir sabaq ushın oqıtılatuǵın predmet, pánniń qásiyetinen. Oqıwshılardıń imkaniyatı hám mútájliginen kelip shıqqan halda dúziledi. Bunday texnologiyalıq karta dúziw birqansha quramalı degen menen bunıń ushın oqıtıwshı, pedagogika, psixologiya, metodika, pedagogikalıq hám axborot texnologiyadan, xabardar bolıw kerek, sonday-aq hár qıylı metodlardı maqsetke muwapıq biliw kerek. Usıllardı biliw kerek boladı. Hár sabaq qızıqlı bolıwı ushın aldın puxta oylap dúzilgen sabaqtıń jobalastırǵan texnologiyalıq kartasına baylanıslı boladı.

Sabaqtıń texnologiyalıq kartasın qay kóriniste yaki formada dúziw, bul oqıtıwshınıń tájriybesi, qoyǵan maqseti hám ıqtıyarına baylanıslı. Texnologiyalıq karta qanday dúzilgen bolmasın, onda sabaq protsesin, anıq halda kórsetilgen bolıwı hámde anıq belgilengen maqset hám wazıypalarǵa, nátiyje sabaq protsesiniń shólkemlestiriw texnologiyası tolıq óz kórinisin tapqan bolıw kerek.[83] Texnologiyalıq kartanıń dúziliwi oqıtıwshını sabaqta keńeytirilgen konspektini jazıwdan azat boladı, sebebi bunday kartada sabaq protsesiniń hámde tárepleri óz kórinisin kóriwge boladı. Tariyx oqıtıwda baslanǵısh kursı boyınsha tómendegi texnologiyalıq kartasın dúzsek boladı.

[83] Farberman B.L. «Ilǵor pedagogik texnologiyalar». -T., «Fan» 2001 y. 73-b.

## Texnologiyalıq karta

| Tema | Tariyxıy kartalar |
|---|---|
| Maqset hám wazıypalar | Oqıwshılarǵa temanıń tariyxı áhmiyetin túsindiriw. Karta haqqında oqıwshılar tárepinen jeke hám toparlar tártibinde ózlestirip alıw waqıya haqqında túsiniklerdi payda tártibinde etiw. Oqıwshılardıń karta haqqında bilimin bahalaw. |
| Oqıw protsessiniń mazmunı | Házirgi zaman tariyxın kartasınıń túrleri hám olardıń jaylasıw orınların anıqlaw kontr kartaǵa tarixıy tarixıy esteliklerdiń waqıyaların jaylasqanlıǵın sızıp úyreniw. |
| Oqıw procesiniń ámelge asırıw texnologiyası | Bunda metod: karta mashtabların, Kartanı karta túrlerin topar hám jeke jaǵday da úyreniw.<br>Forma: ámeliy shınıǵıw, kontr kartada islesiw kishi hám jeke, jámáát bolıp islesiw.<br>Qural: Kontr karta tariyxıy hám siyasiy karta<br>Baqlaw: awız-eki soraw-juwap, óz-ózin baqlaw<br>Bahalaw: xoshametlew 5 ballıq sistema. |
| Kútiletuǵın nátiyje | Oqıtıwshı: Temanı qısqa waqıt ishinde barlıq oqıwshılar támiyinlewden ózlestiriwge erisildi. Oqıwshılar iskerligin asıradı. Oqıwshılarǵa karta haqqında qızıǵıwshılıǵın arttıradı. O`z aldına qoyılǵan maqsetine erisedi.<br>Oqıwshı: Jańa bilimlerdi úyrenedi. Jeke hám topar halında islesiwdi úyrenedi Eslep qalıw qábileti rawajlanadı. Qısqa waqıt ishinde tarıyxiy maǵlıwmatlar haqqında kóp maǵlıwmatqa iye boladı. |
| Kelesi rejeler | Oqıtıwshı jańa pedagogikalıq texnologiyanı ózlestiriw hám sabaqqa engiziw, quramalastırıw. Óz ústinde islew, jańa pedagogikaliıq texnologiyanı jánede tereń úyrenip temaların turmıs tarawlarına baylanıstırıw |

## Pedagogikalıq karta

| Tema | XX ásirdiń 20-30-jıllары Sovet húkimtetiniń Qaraqalpaqstan aymaǵında alıp barǵan kadrlar siyasatı. |
|---|---|
| Maqset hám wazıypalar | Oqıwshılarǵa waqıyanıń tariyxı, áhmiyeti kelip shıǵıwın túsindiredi. Temaǵa baylanıslı tarqatpa materiallardı oqıwshılar tárepinen jeke yamasa topar halında ózlestirip alıwı yaki jeke túsindiriwin baqlaw arqalı alǵan bilimin bahalaw. |
| Oqıw protsessiniń mazmunı | Texnikalıq qurallardan paydalanadı. Kartalardaǵı mámleketlerdiń jaylasıwın úyretiw. Bunda metod: Awız-eki bayan etiw, sáwbet qılıw. |
| Forma:<br>Qural: | Ámeliy shınıǵıw: Oqıtıwshılarǵa tema haqqında úyretip barıw hám olardan sabaqtı talap etiw. Basqada temadaǵı waqıyalardı úyreniwdi talap qılıw. |

| | |
|---|---|
| Baqlaw: | Awız eki bahalaw olardıń bilimlerin bahalaw hám bilimlerin tekserip bal qoyıp barıw. |
| Oqıtıwshı: | Temanı sabaq dawamında barlıq oqıtıwshılar tárepinen ózlestiriw. Oqıwshılardıń sabaqqa bolǵan qızıǵıwshılıǵı bilimi artadı. |
| Oqıwshı: | Oqıwshınıń jańa bilimi rawajlanadı jeke halda hám topar bolıp islesiwdi úyrenedi, Oqıwshı óziniń eslep qalıw qábiletin rawajlandıradı hám kóp maǵlıwmat toplaydı. |
| Oqıtıwshı | Jańa ped texnologiyanı ózlestiredi. Oqıtıwshı jáne de óz ústinde isleydi. Pedagogikalıq sheberligi asadı. |


1929-жылы Орта Азия бьюросы Қарақалпақстан автономиялы ўәлаятына жиберилген 11 хаткердиң миллий өзгешеликлери
татар
өзбек
қазақ
русс


1929-жылы үгит нәсият жумыслары бағдарында жиберилген 10 хаткердиң миллий өзгешеликлери
Қарақалпақ
Қазақ
Русс


1930-жылы Орта Азия бьюросы Қарақалпақстан автономиялы ўәлаятына жиберилген 10 хаткердиң миллий өзгешеликлери
Қарақалпақ
Қазақ
Өзбек
Русс


1930-жылы үгит нәсият жумыслары бағдарында жиберилген 10 хаткердиң миллий өзгешеликлери
Продажи
Қарақалпақ
Қазақ
Татар

Oqıtıwshı tárepinen ózi oqıtıp atırǵan pánniń hár bir teması, hár bir sabaq waqtında dúzilgen joqarıdaǵı sıyaqlı texnologiyalıq karta oǵan páni predmetlik jaqsı halda esletiw, túsiniwge, oqıw processiniń baslanıwı, erisiletuǵın nátiyjesine qarap alıwına járdem beredi. Ásirese texnologiyalıq kartanıń oqıwshınıń imkaniyatına, mútájligine kelip shıqqan halda dúziliwi, onıń shaxs sıpatında tálimniń orayına alıp shıǵıwına alıp keledi. Bul óz gezeginde oqıtıwdıń nátiyjeligin asırıwǵa imkaniyat jaratadı.[84]

Oqıtıw procesinde oqıtıwshılarǵa shaxs sıpatında qaralıwı, hár qıylı pedagogakalıq texnologiyalar hám de zamanagóy metodlardı qollanıw olardı ǵárezsiz, erkin pikirlewge, izleniwge, hár bir máselege dóretiwshilik penen qaraw, juwapkershilikti seziw, ilimiy izertlew jumısların alıp barıw, analiz qılıw, ilimiy ádebiyatlardan únemli paydalanıwǵa, eń tiykarǵısı oqıwǵa, pánge, pedagogika hám ózi tańlaǵan kásipke bolǵan qızıwǵıwshılıǵın kúsheytedi.

Bunday nátiyjege erisiw ámeliyatta oqıw processinde innovaciyalıq hám de xabar texnologiyalardı qollaw maqsetke muwapıq hám de nátiyje beredi. Oqıtıw procesinde qollanıw múmkin bolǵan ayrım treninglerge xarakteristika beremiz.

«Tarmaqlar» metodı - oqıtıwshını logikalıq pikirlew, ulıwma pikirlew sheńberin keńeytiriw, ǵárezsiz ráwishte ádebiyatlardı paydalanıwdı úyretiwge qaratılǵan.[85]

«3x4» metodı - oqıtıwshılardı erkin pikirlewine keń kólemde hár qıylı idealardı berip biliwi, tálim procesinde jeke, kishi topar halında analiz etip, juwmaq shıǵara alıwı, táriyipley alıwına qaratılǵan.

«Blits-oyın» metodı - háreketler izbe-izligin tuwrı shólkemlestiriwge, pikirlewge, úyrenip atırǵan predmeti tiykarında kóp, hár qıylı pikirlerden, maǵlıwmatlardan kereklerin tańlap alıwın úyretiwge qaratılǵan.

«İntervyu» texnikası - oqıwshı soraw beriw, esite alıw tuwrı juwap beriw, sorawdı tuwrı dúziwge úyretiwge qaratılǵan.

«Bumerang» texnikası - oqıwshılardı sabaq processinde, sabaqlıqtan tıs ádebiyatlar, tekstler menen islew, úyretilgen materialda yadında saqlap qalıw, sóylep bere alıw, pikirin erkin halda bayan ete alıw hámde bir sabaq dawamında barlıq oqıwshılardı bahalaw alıwǵa qaratılǵan.

«Oqıwshı» trening - oqıwshılar menen individual jaǵdayda jumıs islew oqıtıwshı hám oqıwshı arasındaǵı tosıqtı joq etiw, birlikte jumıs islew jolların úyretiwge qaratılǵan.

«Basqarıw» texnikası oqıtıwshılardı auditoriyanı basqarıwdaǵı usıllar hám de oqıwshılardı auditoriyanı basqarıwdaǵı usıllar hám de oqıwshılardı jumıs processinde basqarıw usılları menen tanıstırıwshı hám sońǵı úyretiwge qaratılǵan.

Oqıwshılardıń bilimlerdi iyelewde, qızıǵıwshılıǵın, óz wazıypasın biliwi, juwapkershilikti seziwi tálim nátiyjeligi támiyinleytuǵın baslı faktorlar bolıp, bunnan tısqarı oqıwshılardıń qızıǵıwshılıǵın oyatıwshı oqıw jańalıqları oqıw derekleriniń qızıqlıǵı hám tálim protsessiniń tıyimlılıǵın asırıwǵa járdem beredi. Pedagogika hám metodika tarawında izertlewlerge tiykarlanıp tálim nátiyjeligin

---

[84] «Tarix fanini kasbiy sohalarga yónaltirib óqitish metodikasi». -T., TDPU. 2012 y. 79-b.

[85] T.Tashpulatov, Ya.Gafarov «Tarix óqitish metodikasi» -T., «Óqituvchi» 2002 y. 49-b.

támiyinlew shárt sharayatları sıpatında jańa pedagogikalıq texnologiyalardıń túrleri hám usılları tómendegishe.[86]

Pikirlerdiń tarmaqlanıwı (Klaster) bolıp, bul pedagogikalıq strategiya esaplanıp bul metod oqıwshılarda qandayda bir temanı tereń úyreniwlerge járdem berip, oqıwshılardı temaǵa baylanıslı túsiniklerdi yamasa anıq pikirlerdi erkin hám ashıq ráwishte izbe-izlik penen baylanıstırǵan jaǵdayda tarmaqlastırıwǵa úyretedi.

Klaster metodı bul temanı tereń úyreniwden aldın oqıwshılardıń pikirlew iskerligin tezlestiriw hám keńeyttiriw ushın xızmet qılıwı múmkin. Sonday-aq temanı bekkemlew, jaqsı ózlestiriw, ulıwmalastırıw hám de oqıwshılardı usı tema boyınsha óz aldına keltiriwin sızılma formasında sıpatlawǵa iytermeleydi.

**İnnovacion texnologiya.** Bul texnologiyada innovacion texnologiyalar qatarına kirip sabaq dawamında oqıw materialın tereń hám anıq jaǵdayda úyreniw, temanı túsinip alıwǵa, erkin iyelewge baǵdarlanǵan.

Bumerang hár qıylı mazmun hám xarakterge (mashqalalı, hár qıylı mazmunlı) iye bolǵan temalardı úyrengende qollansaq júdá paydalı bolıp, óz ishine awız-eki hám jazba jumıs formaların qamtıp aladı hám de hár bir sabaq waqtında hár bir qatnasıwshınıń hár qıylı tapsırmalardı orınlawı, gezek penen oqıwshı hám oqıtıwshı rolinde bolıwı jáne de kerekli baldı toplawǵa imkaniyat tuwdıradı. Kritikalıq pikirlew, sananı qáliplestiriwge imkaniyat jaratadı, esti, ideyalardı, pikirlerdi dálillerdi jazba hám awız eki formalarda bayan etiw kónlikpelerin rawajlandıradı.

Bilimlendiriw menen bir qatarda usı metod tárbiyalıq xarakterdegi bir qansha wazıypalardı ámelge asırıw imkaniyatın beredi.

**«Skarabey» texnologiyası.** «Skarabey» interaktiv texnologiya bolıp, ol oqıwshılardıń pikirine baylanıslı, aqıl esiniń rawajlanıwına imkaniyat jaratadı. Qanday da bir mashqalanı sheshiwde óz pikirin ashıq hám erkin súwretlewdegi sheberligin qáliplestiredi. Usı texnologiya oqıwshılarǵa ǵárezsiz ráwishte bilimniń sıpatı hám sapasın ádil bahalaw, úyrenilip atırǵan tema haqqındaǵı túsinik hám esletiwlerdi anıqlawǵa imkanın beredi. Ol házirgi waqıtta hár qıylı idealardı súwretlew hám de olar arasındaǵı baylanıslardı anıqlawǵa imkan payda etedi.

«Skarabey» texnologiyası hár tárepleme bolıp, onnan oqıw materiallarınıń túrli basqıshların úyreniwde paydalanıladı.

- basında oqıw iskerligin marapatlaw sıpatında («Aqılıy hújim»).

- temanı úyreniw processinde onın mánisi, dúzilisi hám mazmunın belgilew, olar arasındaǵı tiykarǵı bilimler, túsinikler baylanıslar xarakterin anıqlaw, temanı jáne de tereńirek úyreniw, jańa tároplerin súwretlep beriw.

- aqırında alınǵan bilimlerdi bekkemlew hám juwmaqlaw maqsetinde.

«Skarabey» texnologiyası oqıwshılar tárepinen ańsat qabıl etiledi, sebebi biliw, pikirlew qásiyetlerin inabatqa alınǵan halda islep shıǵılǵan. Ol oqıwshılar tájiriybesinen paydalanıwdı kózde tutadı, pikirley alıw tájiriybesin ótkiziw imkaniyatına iye. Usı texnologiyanıń ayrım abzallıqları sıpatında ańsat túsinip alıwdı jeńillestiriwshi sızılma formalardan paydalanıwdı kórsetiw múmkin. «Skarabey» óz aldına, kishi gruppalarda hám oqıw protsessinde qollanıw múmkin.

[86] Tolipov Ó., Usmonboeva M. «Pedagogik texnologiyalarning tarkibiy asoslari» -T., «Fan» 2006 y. 44-b.

**«Beep» texnologiyası.** Bul texnologiya quramalı, ilajı barınsha, mashqalalı xarakterdegi temalardı úyreniwge qaratılǵan. Texnologiyanıń áhmiyeti sonnan ibarat, bunda temanıń hár qıylı tarmaqları boyınsha bir maǵlıwmat beriledi. Házirgi waqıtta olardıń hár biri óz aldına tochkalardan talqı etilgedi. Mısalı, jaman hám jaqsı tárepleri, abzallıǵı, páziylet hám kemshilikleri, payda hám ziyanları belgilenedi. «Beep» texnologiyası ulıwma temanıń ayırım tarmaqların talıqlawda kishi toparlardıń hár bir qatnasıwshının, topardıń aktiv islewine qaratılǵan.

Bul interaktiv texnologiya kritikalıq analizlew, anıq pikirlewde nátiyjeli rawajlandırıwǵa hám óz idealarы, pikirlerin jazba yaki awız eki formada ıqsham bayan etiwge múmkinshilik jaratadı. «Beep» texnologiyası temanı úyreniwdiń hár qıylı basqıshlarında qollanılıwı múmkin.

Tiykarǵı túsinikler tómendegishe.

Aspekt penen predmet, hádiyse, túsinik tekseriledi.

Abzallıq bir nárseni salıstırǵandaǵı ústinlik.

Páziylet-jaqsı sıpat.

Nuqsan-qaǵıyda hám kreteriyaǵa durıs qaramaw.

Juwmaq qandayda bir pikirge juwmaqlawshı nátiyjege keliw.

**İlimiy, baylanıslıq, izshillik usıllar.** Pedagogikalıq izertlewlerden belgili qızıǵıwshılıq hám háreketshińligi tálimdi juwmaqlastırıw imkaniyatın beredi. Balalardı oqıw xızmetine qızıqtırıwdıń tiykarǵı deregi eń áwele onıń mazmunı metodisttin ózi mazmunlıq xarakterdegi usıl wazıypasın atqaradı. Mazmun kúshli marapatlawshı tásir kórsetiwi ushın oqıtıw princplerine qáliplestirilgen bir qatar talabalar (ilimiylik turmıs penen baylanıslılıq izshillik hám basqalar) juwap beriwi kerek.[87]

Tariyx táliminde oyınlardan nátiyjeli paydalanıw oqıtıwshı hám oqıwshılar qarım-qatnasın muwapıqlastırıwǵa járdem beriw izertlewden belgili boldı. Oyın dawamında oqıwshı dosları menen oqıtıwshı menen baylanısta boladı. Bul baylanıs ádettegi pikir alısıwdan parıqlı bolıp oyında bir wazıypanı orınlaw menen baylanıslı soraw pikir bildiriw hám basqalar pikirlerin qabıllaw yaki inkar etiwden ibarat. Bul bolsa náwbetinde jaslardıń aqılıy jaqtan ósiwine járdem beredi. Respublikamız ulıwma orta tálim mektepleriniń tariyx boyınsha ámeldegi oqıw dástúrlerin talqılaw sonı kórsetedi, onda tariyx tálim boyınsha bilimler mazmunın belgilewshi tómendegi altı baǵdar bar.

1. Tariyxtıń teoriyalıq tiykarları.
2. Tariyxıy izertlew metodları.
3. Tariyxıy sotsiallıq-ekonomikalıq obiektler.
4. Hádiyseler hám processler.
5. Barlıqtı qabıllawdıń materiallıq hám ruwxıy mádeniyatta dúziliwi.
6. Territoriyalıq topografiyalıq dúzilisi, oqıtıwshılar iyelewi kerek bolǵan tariyxıy kónlikpeler bolsa tómendegi kórsetkishler járdeminde tekserilgen.

1. Ayta (kórsete) alıw
2. Waqıyanı anıqlay alıw
3. Súwretley biliw

---

[87] Ya.Gafarov, M.Gafarova «Metodı prepodovaniya istoriy Uzbekistana» -T., «Sharq» 1996 g. –S.57

4. Túsindirip biliw

5. Prognoz etip biliw.

Demek, oqıwshıdan keń qamırawlı tariyxıy bilim kónlikpelerdi iyelew talap etilgen. Bunda didaktik oyınlardan paydalanıw kerek hám úlken nátiyje beredi. Tariyxtan hár bir sabaqta bilim kónlikpelerdi qáliplestiriwge imkan beriwshi didaktik oyınlardı shólkemlestiriw múmkin.

**Aqılıy hújim.** Aqılıy hújim gruppalar aralıq jumıslarda qollanılatuǵın, kóplegen ideyalardı islep shıǵıw múmkin bolǵan metod. Bul haqıyqatında da talabalardıń oqıw protsessinde aktiv qatnasıwları, hár qıylı ideyalardı bayan etiw waqtında basqalardı da qızǵın jumısqa tartıwı, ilham menen islewlerine imkaniyat beriwi hám oǵan xoshametlew metodı. Aqılıy hújim sonıń ushın da aktivlestiriwdin hár qıylı usılı, onda jalǵız islew múmkin emes, bir ǵana ideya gruppanıń hámme qatnasıwshıların bir qıylı da tartıp aladı. Oqıtıwshı tema yaki sorawdı ajıratıp alıwı zárúr, keyin bolsa oqıw aktivligi 5-10 minut aralıǵındaǵı waqıt shegarasında jeńillestiredi.

Aqılıy hújim túrli tárizde qollanılıwı múmkin, máselen, qanday da bir temanı dodalaw ushın, jańa soraw qoyıw yaki qálegen qanday da bir mashqalanı sheshiw ushın.

Tiykarǵı qaǵıydalar tómendegiler:

1. Aytılıp atırǵan bárshe ideyalar bir-birine qaraǵanda áhmiyetliliginde ten.
2. Kiritilip atırǵan ideyalarǵa qaraǵanda kritika joq.
3. İdeyanı berip atırǵan waqıtta sóylewshinin pikirin bólmew.
4. Sóylewshige qaraǵanda bahalawshı komponent joq.[88]

Metodtı isletiwge kirisiw:

**1-metod. Gruppanıń bárshe qatnasıwshılarına bir tema hám bir soraw qoyıladı.**

1. Oqıtıwshı oqıw protsessinde alǵa ilgerlewine óz qolına sonday tárizde aladı. Ol auditoriyadan bárshe talabalarǵa soraw beredi hám qandayda bir arnawlı temaǵa baylanıslı bárshe múmkin bolǵan pikirlerdi aytıwdı soraydı.

2. Bárshe, hátte, al paydasız ideyalardı da aytıwǵa ruxsat beriledi. Aytılıp atırǵan pikirler ishinde bir ǵana tiykarǵı tema saqlanıp qalıwı shárt.

3. Birewiniń de pikiri dodalanbaydı, kritika qılınbaydı, bahalanbaydı.

4. Tiykarǵı pikirlerdi oqıtıwshı flip-karta, doskaǵa jazıp aladı yaki ekranda kórsetiledi.

**2-metod. Bárshe tema hám sorawlar ulıwma jónelisi saqlanǵan halda úlken gruppa quramındaǵı kishi gruppalarǵa bólinedi.**

1. Oqıtıwshı ulıwma tema boyınsha bir neshe, 4-6 soraw tayarlawı múmkin.

2. Úlken gruppa kishi gruppalarǵa ajıratıladı hám hár bir gruppaǵa aqılıy hújim ótkeriw ushın óz aldına soraw beriledi.

[88] Yóldoshev J.Ǵ., Usmonova S.A. «Pedagogik texnologiyalar asoslari» -T., «Fan», 2004 y. 128-b.

3. Hár bir gruppa aqılıy hújim nátiyjesin jazıp alıw ushın bir ǵana kishi gruppa ajıratıladı, keyin ala process tamam bolıwı menen onı gruppanıń bárshe aǵzalarına beriledi.

4. İdeyalar hár bir gruppa tárepinen úlken (kóriniske yamasa) qaǵazǵa markerden paydalanıp jazıp alınıwı múmkin. Usınday kórinis plakattıń joqarısına tayarlanǵan sorawlar jazıp qoyıladı. Kórinis plakat processiniń aqırında hár bir qálewshi ne jazılǵan hám jámlengenin kóriwi ushın asıp qoyıladı.

5. Aqılıy hújimniń bul metodı waqıttıń qısqasha dáwirinde bir sorawdıń bir neshe tárepi islep shıǵılıwı zárúr bolǵan jayda ásirese paydalı.

6. Oqıtıwshı basshı járdemshi sıpatında háreket qıladı hám bir gruppadan ekinshi gruppaǵa aqılıy hújim ámelge asırılıp atırǵan waqıtta ótip turadı.

**Pikirler hújimi.** Bul metodtan maqset múmkin bolǵanınsha úlken muǵdardaǵı ideyalardı jıynaw, talabalardı bir qıylı pikirlew inerciyasınan awlaq qılıw, dóretiwshilik wazıypaların sheshiw protsessinde dáslep payda bolǵan pikirlerdi jeńiw. Bul metod A.F.Osborn tárepinen usınılǵan. Bul metodtıń tiykarǵı wazıypası hám qaǵıydası bahs qatnasıwshıları islep shıqqan. İdeyalar kretiriyasın ulıwma qadaǵalaw, hár qıylı házillerdi xoshametlew. Bul metodtan paydalanıwdıń jetiskenligi kóp tárepten oqıtıwshı shınıǵıw basshısına baylanıslı. «Pikirler hújimi» qatnasıwshıları muǵdarı 15 adamnan aspawı kerek. Shınıǵıwlardıń dawamlılıǵı bir saatqa shekem.

Jalpı «Pikirler hújimi». Bul metod J.Donald Filips islep shıǵılǵan. Ol úlken gruppalarda jańa ideyalar islep shıǵıw nátiyjeligin sezilerli dárejede asırıwdı támiyinleydi. Bárshe qatnasıwshılar kishi-kishi 5-6 adamnan ibarat gruppalarǵa bólinedi hám hár bir kishi gruppa sheshiletuǵın dóretiwshilik wazıypa hám mashqala boyınsha 15 minut dawamında ǵárezsiz ráwishte óz-ara «Pikirler hújimi» ótkeriledi. Usınnan soń hár bir kishi gruppa wákili óz gruppalarında islep shıǵılǵan ideya haqqında xabar beredi hám oqıtıwshı basshılıǵında jámáát bolıp oǵan baha beredi hám olardan eń jaqsıları, qaytalanbaytuǵınları tańlap alınadı.

Joqarıdaǵı pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanǵan halda sabaq processinde túrli mashqalalardı sheshiwge, olardıń kelip shıǵıw sebepleri, dúzetiw jolların tabıwǵa oqıwshılardı bolsa ǵárezsiz izleniwge, pikirlewge, óz pikirlerin sıpatlaw hám túrli sharayatlardan shıǵıwqa úyretiwge «mashqalalı sharayat» formasın qollaw múmkin.

**Trening imkaniyatın jaratıw.** Usı texnologiya oqıtıwshı talabalardı sabaq processinde, sabaqtan tısqarı túrli ádebiyatlar úyrenilgen materiallardı yadında saqlap qalıw, sóylep bere alıw hám de bir sabaq dawamında hámme oqıwshı talabalardı bahalay alıwǵa qaratılǵan. Maqset trening dawamında tıńlawshılarǵa tarqatılǵan materiallardı olar tárepinen jeke hám gruppa halatında ózlestirip alıwları hám de óz-ara sáwbet, qarım-qatnas arqalı, túrli sorawlar arqalı, tarqatpa materiallar, ondaǵı temalar qay dárejede ózlestirilgenin baqlaw. Trening dawamında oqıwshı talabalar tárepinen baha, balların iyelewge imkaniyat jaratıw.[89]

Trening texnologiyası bir neshe basqıshta ótkiziledi.

---

[89] S.Ziyamuxammedova, B.Ziyamuxammedov «Novaya pedagogicheskaya texnologiya» -T., «Fan» 2002 y. 143-b.

**1-basqısh.** Trening tuwrıdan-tuwrı tıńlawshılardı 4-5 adamnan ibarat kishi gruppalarǵa bóliwden baslanadı; trener hár bir gruppa hám onıń hár bir aǵzasına ǵárezsiz úyreniw, pikirlew hám yadta saqlap qalıw ushın jeke-jeke anıq jazıw tarqatpa material beredi. Trener tárepinen tańlanǵan tema boyınsha ulıwma birden-bir kólemdegi tekst beriledi. Olardıń sanı gruppalar hám tıńlawshılar sanına baylanıslı. Eger tórt kishi gruppa bolsa ol jaǵdayda ulıwma tema 4 tekstlerge bólinip hár bir gruppaǵa bólinedi. İskerlik nátiyjeli bolıwı ushın hár bir gruppaǵa tekstlerden hár bir tıńlawshılarǵa beriledi. Solay etip, 4 gruppaǵa ulıwma tema tiykarında 4 túrli tekstke iye, hár bir tıńlawshı bolsa óz gruppasına túsken tekstine iye boladı.

**2-basqısh.** Gruppalarǵa berilgen tekstti gruppa aǵzalarına jeke tártipte óz aldına úyreniwi tekstti yadlap alıwı keyin ala kerek bolsa basqalarǵa yaki trenerge aytıp beriwi, ilajı bolsa tekstti ózlestirip alıwı kerekligin trener úyretedi hám tayarlıq ushın tekstti úlken-kishiligine qarap 10-15 minut waqıt beredi. Ol bolsa gruppa hám tıńlawshılardı iskerligin baqlaydı.

**3-basqısh.** Trener aldınan tayarlap qoyılǵan sanlar jazılǵan kishi qaǵaz benen hár bir gruppa qasına kelip gruppa aǵzalarınan usı qaǵazlardı birewden san tartıp alıwların soraydı. Gruppalardaǵı hámme tıńlawshılar sanlar jazılǵan qaǵazdan alıwı kerek. Qansha gruppa bolsa sonsha gruppaları aǵzaları sanına qarap sanlar jazılǵan qaǵazlar tayarlanadı. Trener sanlar boyınsha tıńlawshılardan jańa gruppalar dúziwin soraydı. Mısalı, hámme bir sandı alǵanlar bir ǵana jańa gruppa, 2 sanlılar ekinshi gruppa, 3 sanlılar úshinshi gruppanı, 4 sanlılar tórtinshi gruppanı, 5 sanlılar besinshi gruppanı shólkemlestiriwlerin soraydı. Gruppa aǵzaları jańa gruppaǵa ótiwinde ózleri menen úyrengen tekstlerdi aladı.

**4-basqısh.** Sanlar boyınsha jańa gruppalar dúzilgende hár bir jańa gruppada aldıńǵı gruppalardan birewden wákiller óz-ózinen toplanıp qaladı, yaǵnıy 4 gruppada 4 qıylı tekst úyrenilgen bolsa, bir jańa gruppada hár birewinen birewden wákil toplanadı, ulıwma tema boyınsha 4 tıńlawshı hám 4 qıylı tekst toplanadı.

**5-basqısh.** Jańa dúzilgen gruppanıń hár bir aǵzası endi ózine 2 wazıypa yaǵnıy oqıtıwshı menen oqıwshı wazıypasın aladı hám tómendegishe iskerlik kórsetedi.

1. Oqıtıwshı sıpatında ózi aldıńǵı úyrengen materialdı aytıp beredi, túsindiredi, ózi erkin úyrengen materialdıń tiykarǵı orınlarına dıqqatın awdaradı, basqa gruppa aǵzalarınıń túsiniwi hám ózlestiriw qábiletlerin tekseredi.

2. Oqıwshı sıpatında gruppa aǵzaların náwbetpe-náwbet aytıp túsindirip atırǵan tekstlerin esitedi, analizleydi, pikirleydi hám yadta saqlawǵa háreket qıladı. Trener bolsa olarǵa óz pikirlerin olarǵa aytıp birewi kerek ekenligin úyretedi hám oǵan 20 minut waqıt beredi. Bul basqıshta trener baslanıwında tarqatılǵan barlıq material tıńlawshılar tárepinen ózlestirilgen esaplanadı.[90]

**İnteraktiv usıllar.** Tariyx sabaǵqları oqıwshılarda sóylew mádeniyatınıń eń baslı belgisi esaplanıp, balalardıń sóz baylıǵın rawajlandırıp barıwına, durıs sóylewin qáliplestiriw menen birge olarda aqılıy hám estetikalıq gózzallıqtı tanıw sezimlerin qáliplestirip, tárbiyalap baradı, bilim káni bolǵan kitaptı súyip oqıwǵa

[90] Tolipov Ó., Usmonboeva M. «Pedagogik texnologiyalarning tarkibiy asoslari» -T., «Fan» 2006 y. 47-b.

da ámeliy kónlipe sıpatında xızmet etedi. Juwmaqlap aytqanda, innovacion usıllardan paydalanıp ótilgen sabaqlar oqıwshınıń sabaqqa belsene qatnasıwına, onıń jazba hám awız eki sóylew tiliniń rawajlanıwına, oylawına hám salıstırıwǵa, bolıp atırǵan waqıyaǵa óz pikirlerin bildire alıwǵa tárbiyalap baradı. Bunday sabaqlarda oqıwshı zerikpeydi, qaytama belsene qatnasadı, sabaq qızıǵarlı bolǵanlıǵı ushın ótilgen tema hám sol sabaq olardıń yadında uzaq waqıt saqlanıp qaladı.

Qaraqalpaqstan tariyxı pánin boyınsha «XX ásirdiń 20-30-jılları Sovet húkimetiniń Qaraqalpaqstan aymaǵında alıp barǵan kadrlar siyasatı» teması boyınsha Bumerang texnologiyasınan paydalanıw usılları.

Bul usılda oqıwshılardıń kritikalıq pikirlew, esitiw ideyalardı, dálillerdi, jazba hám awız eki formalardı bayan etiw komplekslerin rawajlandıradı. Sabaq waqtında kórgizbeli qurallardan Qaraqalpaqstan Respublikası kartası, Atlas karta, videofilmlerinen paydalansa boladı. Sabaqta oqıwshılardı 3 toparǵa bólip úyretken maqul sebebi sabaq waqtında soraw-juwap básekilesiw ideyalardı salıstırıwǵa qolaylı keledi.[91]

Bul sabaqta oqıtıwshıǵa qoyılatuǵın talaplar:

1. Temaǵa zárúr bilimlerdi beriwi,

2. Kónlikpelerdi repraduktiv dárejede támiyinlew,

3. Tapsırmalardı ańsat bóleklerge bóliw hám olardı qayta islew,

4. Tekstler baylanıstı orınlawǵa baylanıslı óz betinshe jumıslardı shólkemlestiriw,

5. Sabaq barısında áste izleniwshilik hám qabıl etiwge baǵdarlaw.

6. Hár qıylı problemalı máselelerdi payda etiw hám onıń kemshiliklerin tabıwǵa baǵdarlaw.

7. Oqıwshılarıdıń óz iskerligin analiz qılıwǵa eristiriw hám onı oqıtıwshı yaki klass penen dodalawǵa úyretiw.

Bul sabaqtıń baslı wazıypası kónlikpelerin qáliplestiriw basqıshları tómendegishe boladı:

A) Oqıtıwshı ne ústinde islew kerekligin úyretedi.

B) Bir neshe mısallar járdeminde waqıyalardı oqıwshılarǵa úyretedi.

V) Tariyxıy waqıyalardı sabaq barısında quramalastıradı.

G) Oqıwshılardı dálil talap etiwshi tapsırmalardı aladı.

D) Oqıwshı sorawdı sheshiwde óz jumısın sıpatlaydı.

1. Oqıtıwshı XX ásirdiń 20-30-jılları Sovet húkimetiniń Qaraqalpaqstanda alıp barǵan kadrlar siyasatınıń mazmunı haqqında maǵlıwmatlardı beredi.

2. Oqıwshılar temaǵa tiyisli quramalı tapsırmalardı aladı.

3. Bul tapsırmalar boyınsha maǵlıwmatlar jıynaydı.

4. Oqıwshılar óz betinshe XX ásirdiń 20-30-jılları Sovet húkimetiniń Qaraqalpaqstanda alıp barǵan kadrlar siyasatı tariyxına sıpatlama jazadı. Eger oqıwshılar tema boyınsha óz betinshe jazba túrinde temaǵa baylanıslı kónlikpelerdin qálipleskenligin dálilleydi.

[91] «Tarix fanini kasbiy sohalarga yónaltirib óqitish metodikasi». -T., TDPU. 2012 y. 81-b.

XX ásirdiń 20-30-jılları Sovet húkimetiniń Qaraqalpaqstanda alıp barǵan kadrlar siyasatı haqqında sabaǵın ótiw barısında bilimlendiriw menen bir qatarda xarakterdegi bir qansha tómendegi wazıypalardı qáliplestirgen bolamız.

- Jámáát penen islesiw.
- Bir-birewge múnásibet tártibi,
- Kónligiwshilik (jeńilgende),
- Basqalardıń pikirin húrmetlew,
- Aktivlik
- Óz jumısınıń nátiyjeli bolıwına umtılıw
- Óziniń jumısına baha beriw

**Bumerang texnologiyası.**

| **Tema** | **XX ásirdiń 20-30-jılları Sovet húkimtetiniń Qaraqalpaqstan aymaǵında alıp barǵan kadrlar siyasatı.** |
|---|---|
| Maqset wazıypalar | Oqıwshılarda XX ásirdiń 20-30-jılları Sovet húkimetiniń Qaraqalpaqstanda alıp barǵan kadrlar siyasatı haqqında sáwbetlesiw túsindiriw hám shólkemlestiriw arqalı bilimler beriw. |
| Oqıw processiniń mazmunı | XX ásirdiń 20-30-jılları Sovet húkimtetiniń Qaraqalpaqstan aymaǵında alıp barǵan kadrlar siyasatı mazmunı hám onıń nátiyjelerin izertlegen ilimpazlardıń miynetleri, derekler menen tanısıw |
| Sabaq waqtında ámelge asırıw texnologiyası | Metodlar: Soraw-juwap, sáwbetlesiw. Bumerang texnologiyası.<br>Forma: Jazba túrinde maǵlıwmatlar alıw,<br>Qural: Temaǵa baylanıslı kontur kartalar islew<br>Bahalaw: Test, awız-eki soraw juwap,<br>Bahalaw: Xoshametlew usılı 5 ball sisteması. |
| Kútilgen nátiyje | Oqıtıwshı: Tema mazmunı qısqa waqıt ishinde ózlestirildi. Oqıwshılardıń iskerligi astı, sabaqqa qızıǵıwshılıǵı arttı. Óz aldına qoyǵan maqsetine jetti. Tema boyınsha bir qansha maǵlıwmat aldı, erkin pikir aytıwǵa eristi, Qısqa waqıt ishinde bir qansha maǵlıwmatlar topladı. |
| Kelesi reje | Oqıtıwshı: Jańa ped texnologiyalardı ózlestiriw hám sabaqqa analiz jasaw, óz ústinde isley biliw hám sóylew dárejesi astı.<br>Oqıwshı: Óz betinshe islew, óz pikirin ayta biliw, qosımsha materiallardı izlew, bir sheshimge keliwi. |

XX ásirdiń 20-30-jılları Sovet húkimtetiniń Qaraqalpaqstan aymaǵında alıp barǵan kadrlar siyasatı temasinda «Beep» texnologiyasınan paydalanıw usılları.

Bul texnologiya quramalı, mashqalalı xarakterdegi temalardı úyreniwge qaratılǵan bolıp temanıń yamasa ayırım tarmaqların tolıqlawda kishi toparlardıń hár bir qatnasıwshılardıń aktiv islesiwine qaratılǵan sabaqtı erkinlestiriw.

- temanı úyreniwde tiykarların ańlap jetiw,
- tema boyınsha oqıwshılardıń aldıńǵı bilimleriniń jeterli bolıwı
- juwmaqlaw basqıshında barlıq alınǵan bilimlerdi sistemalastırıp qayta bekkemlew,

- túsiniklerdi ideyalardı ádil bahalaw

- abzallıq bir nárseni salıstırǵandaǵı ústinlik

- juwmaq. Bunda oqıwshı eki toparlardıń basqarıwshısı hám de ideyalardı, pikirlerdi bahalap barıwshı xızmetin atqaradı.

XX ásirdiń 20-30-jılları Sovet húkimtetiniń Qaraqalpaqstan aymaǵında alıp barǵan kadrlar siyasatı haqqında oqıtıwshı tómendegi temalar boyınsha túsindirip talıqlawǵa ortaǵa taslaydı.

Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatın dúziw dáwirindegi kadrlıq ózgerisler;

Qaraqalpaqstan aymaǵına basqa regionlardan kelgen basshı hám basqarıw kadrları jáne olardıń ózgeshelikleri;

Qaraqalpaqstanda Sovet húkimetiniń kadrlar siyasatında kadrlardı basshı lawazımlarǵa usınıw;

Basshı hám basqarıw kadrların tazalaw sebepleri;

Jergiliklestiriwdiń sovet húkimeti kadrlar siyasatı menen baylanısı;

Sovet húkimetiniń jergilikli kadrlardıń abıroyın túsiriwge qaratılǵan siyasatı hám onıń Qaraqalpaqstannıń sociallıq turmısına unamsız tásiri

XX ásirdiń 20-30-jılları Sovet húkimtetiniń Qaraqalpaqstan aymaǵında alıp barǵan kadrlar siyasatı temasın úyreniwde tómendegi máselelerge itibar qaratıwdı talap etedi.

1. Qaraqalpaqstan haqqındaǵı túsinikler oqıtıwshınıń bayanatı, gúrrińi oqıw filmleri, slayd, kartina, karta qurallar járdeminde iske asırıladı.

2. Úyrenilip atırǵan temanıń áhmiyeti oqıtıwshınıń janlı sózi, sanlarǵa, faktlarge súyengen maǵlıwmatları hám kórgizbeli qurallar járdeminde iske asadı.

3. XX ásirdiń 20-30-jılları Sovet húkimtetiniń Qaraqalpaqstan aymaǵında alıp barǵan kadrlar siyasatı oqıwshılardıń óz betinshe tablicanı toltıra biliwi, áhmiyetli maǵlıwmatlardı úyrenedi.

## JUWMAQLAW

Juwmaqlastırıp aytqanda Milliy bóliw siyasatı unamsız aqıbetlerge iye boldı. Ulıwma mádeniyatqa, mentalitetke iye bolǵan tuwısqan xalıqlar milliy – aymaqlıq belgisi boyınsha jasalma túrde bólip jiberildi. Bolshevikler partiyası «ból hám biylik et» qádesin basshılıqqa alıp bul xalıqlardı jasalma túrde bóldi. Házirgi Qaraqalpaqstannıń aymaǵında avtonomiyalı wálayat dúzildi, usı aymaqlıq hákimshilik birligine bolshevikler partiyasınıń siyasatın iske asırıw wazıypası qoyıldı, bunıń ushın milliy kadrlar tartıldı.

- A.Dosnazarov hám onıń toparınıń xızmeti sonnan ibarat boldı, totalitarlıq tutım hákimiyatın bekkemlewde ol xalıqlardı jámlestiriw siyasatın júrgizdi, xalıq xojalıǵınıń hám mádeniyattıń barlıq tarawlarında milliy kadrlardı tayarladı, biraq onıń baslamaları hám ideyaları bolsheviklerdiń doktirinasına qarsı keldi. Qálegen milletti, sonıń ishinde qaraqalpaq milletin bolsheviklerdiń rejelerine kirmedi. Bolsheviklerdiń anıqlawı boyınsha millet kapitalistlik ótmishtiń qaldıǵı, socializmde millet bolmaydı, jumısshılar klasında milliy ayırmashılıqlar joq, dep esapladı.

- Oray Qazaqstan hám Rossiyadan basqarıwshılardı «desant etip jiberiw» usılın qollandı. Sırttan jiberilgen, kópshiligi evropalılar, qazaqlar hám tatarlar bolǵan xızmetkerlerdiń birazı jumıssız bolǵanlıqtan, olardı Qazaqstannıń basqa guberniyalarında paydalanıw múmkin bolmaǵanlıqtan, yamasa hár qıylı jınayatları ushın jazalaw sıpatında jiberilgenler, yaki Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatına keliwge aqsha islep tabıw ushın kelisim bergenler edi.

- «Jergilikli hám basqa regionlardan jiberilgen kadrlardı jasalma túrde bir-birine qarama-qarsı qoyıwdı kúsheytiw, dep kórsetedi Ózbekstan Respublikası Birinshi Prezidenti İ.A.Karimov. Olardıń ayırımları respublikanıń mútájliklerin hám qıyınshılıqların túsinbegeni bılay tursın, al partiya, sovet, huqıq qorǵaw hám uyımlarda óziniń basshı lawazımǵa tayınlanıwın, qálegen nársesin islewge berilgen mandat sıpatında qabıl etti».[92]

- Kadrlar siyasatında «basshı kadrlardı siyasiy hám iskerlik sıpatları boyınsha tańlap alıw hám ornı-ornına qoyıw» qatnası qáliplesti. Endi mámleketlik apparata lawazımlardı iyelew xám xızmet boyınsha alǵa qaray ilgerilewde partiya uyımınıń kelisimi zárúr boldı. Mámleketlik kadr siyasatın iske asırıwdıń kadrlardıń rotaciyası, yaǵnıy juwapkerli xızmetkerlerdi bir uchastkadan ekinshi uchastkaǵa jiberiw hám usınıwshılıq usaǵan mexanizmleri keń tarqaldı.

- Avtonomiyalastırıw, milliy – mámleketlik bóliw, basqarıwshılardıń kóp sanlı byurokratlıq qatlamınıń payda bolıw zárúrligin tuwdırdı, sovet húkimeti basshı jumısına tartıw siyasatına ayrıqsha dıqqat qarattı.

- 1921-1926-jıllarda ol partiya – mámleketlik kadr siyasatınıń quram bólegine aylandı. Bul dáwirde basshı jumısqa tartıwdıń ǵalabalıq ılǵallı mapazlardan ótkeriwden baslap jobalı sistemalı jumısqa deyingi hár qıylı formaları hám usılları sınaqtan ótkerildi. 1927-1931-jılları basshı jumısqa tartıwdıń eń rawajlanǵan waqtı

---

[92] Karimov I.A. Uzbekistan na poroge dostijeniya nezavisimosti. – Tashkent: «Uzbekistan», 2011. S.145.

boldı. Bul dáwirde basshı jumısqa tartılǵan basqarıwshılardıń sociallıq toparın qáliplestiriw, bekkemlew hám bunnan bılay keńeytiw processi dawam etti.

- 1932-1936-jıllarda basshı jumısqa tartıwdıń mazmunı bara-bara ózgerdi. Jumısshılar hám diyqanlardı basshı hám juwapkerli lawazımlarǵa arnawlı tayarlıqsız tartıw, endi bul lawazımlarǵa shıǵısı jumısshılardan hám diyqanlardan bolǵan, biraq arnawlı oqıw orınların pitkergen xızmetkerler tayınlandı.

- 1920-jıllardıń ekinshi yarımında basshı jumısqa tartılǵanlar ushın kurslıq tayarlıq tarmaǵı dúzildi. Onıń ushın sol waqıtta háreket etip turǵan kurslar hám oqıw orınları baza boldı.

- Basshı jumısqa tartılǵanlardıń ulıwmalastırılǵan sociallıq-siyasiy portreti usı topar xızmetkeleriniń keń minezlemesin dúziw múmkinshiligin beredi. Ol Sovet húkimetiniń basqarıw xızmetkerlerine qoyatuǵın tiykarǵı talapların sáwlelendiredi. Bul talaplardıń biri – olardıń shıǵısınıń proletar bolıwınan ibarat.

- 1920-1930-jıllarda hákimiyatqa kelgen, basshılıq lawazımına usınılǵanlardıń jumısı Sovet mámleketi siyasiy sistemasın bekkemlew hám rawajlandırıwǵa járdem etti. Basshı jumısqa tartılǵanlar óziniń tabıslarında kóp tárepinen hákimiyatqa minnetli hám sonlıqtan da olar menen tıǵız baylanısta boldı. Olardıń bekkem sociallıq tiregine aylandı. Usı dáwirde qáliplesken jumısshı hám diyqanlardı basshı jáne juwapkerli lawazımlarǵa tartıw sisteması partiya – mámlekettiń kadrlar siyasatınıń áhmiyetli bólegi bolıp tabıldı.

Solay etip, tolıq emes maǵlıwmatlar boyınsha, tek 1934-1939-jılları Qaraqalpaqstanda 10 mıńnan adam repressiya etildi, onıń aytarlıqtay bólegin dinge iseniwshiler quradı.

Jazıwshı-shayırlar Seyfulǵabit Majitov ulı Raxim Majitov penen birge, İzbasar Fazılov, belgili jurnalistler Xojan Ábidixalıqov, Orazalı Qosekeev, mamleketlik teatrdıń direktorı İbat Bekbauliev, Ámet baqsı Matnazarov hám basqa da kóplegen jazıwshılar jáne kórkem óner ǵayratkerleri tiykarsız túrde qamaqqa alındı[93].

Qaraqalpaqstanda repressiyalıq siyasattıń qayǵılı tárepi sonnan ibarat, jazalaw aktsiyalarınıń kópshiligi sol waqıttaǵı awqamlıq Oray tárepinen ámelge asırılǵan bolsa da repressiyalar bir qatar jaǵdaylarda jergilikli hákimiyat wákilleri hám respublika jámiyetshiligi tárepinen qollap quwatlandı. Respublikada barlıq jerlerde shıǵıp sóylewler, partiya-sovet, kásiplik awqam xızmetkerleriniń, ilimpazlardıń, jazıwshılardıń, ilimiy-pedagogikalıq xızmetkerlerdiń, gazeta-jurnallarda maqalaları shólkemlestirildi, mitingler, oqıwshılardıń, studentlerdiń, sonday-aq miynet jámáátleriniń jıynalısları ótkerildi.

…Bunnan 70 jıldan aslam burın Qaraqalpaqstannıń Ózbekistannıń quramına kiriwdey tariyxıy akt qaraqalpaq hám ózbek xalıqlarınıń máplerine juwap berdi. Sebebi, olardı mádeniyat, din, til, úrp-ádetler, dástúrler tarawındaǵı áyyemnen kiyatırǵan tuwısqanlıq baylanıslar, ulıwma milliy hám ekonomikalıq mápler baylanıstırıp keldi hám baylanıstırmaqta.

---

[93] AJK RK, f.1, op.4, d.1608. l.10.

Ózbek hám Qaraqalpaq xalıqları totalitarlıq tutım sharayatlarında ózleriniń ruwxıylıǵın hám ádep-ikramlılıǵın saqlap jáne qorǵap, maqtanısh penen jasadı, haq niyet penen miynet etti, erkinlikke hám ǵárezsizlikke erisiwge umtıldı.

Solay etip, ǵárezsizlik hám erkinlik ushın biziń xalqımızǵa qımbatqa tústi. Erkinliktiń bahası — bul bárhama áwladlardıń táǵdiri, olardıń ómiri, olardıń isenimi hám olardıń hújdanı bolıp tabıladı. Sovet imperiyası dáwirinde repressiya etilgenler, basımshılıqtıń gúnasız qurbanına aylanǵanlar da óz úlesin qostı, erkinliktiń irge tasın qaladı. «Biziń ullı babalarımızdıń jarqın obrazı, - dep ádil túrde atap kórsetedi Ózbekistan Respublikası Birinshi Prezidenti İ.Karimov, — Ǵárezsizlik jolında biziń islerimizdi qollap-quwatlaydı[94].

Házirgi waqıtta biz uzaq ásirler dawamında ezilip hám kemsitilip kelgen, ar-namısı hám qádir-qımbatı ayaq astı etilgen xalqımızdıń arzıw-ármanların ámelge asırıwǵa eristik. Endi biz ǵárezsiz óz aldına mámleket qurmaqtamız. Biziń mámleketshiligimizdiń tez qáliplesiwi, onıń qúdiretiniń artıw, dúńya júzlik sheriklikte ılayıqlı orın iyelewi, birinshi gezekte, xalıqtıń intellektuallıq dárejesine, onıń ruwxıylıǵına baylanıslı boladı. Jańa jámiyet qura otırıp, biz tiykarǵı wazıypalarımız qatarına xalıqtıń haqıyqıy tariyxın, onıń ádep-ikramlılıq qádiriyatların qayta tiklewdi qoyamız. Biziń búgingi kúnimizdiń qádirine jetiw ushın bizler keshegi kúnimizge, biziń ótmishimizge názer taslawımız hám oǵan ózimizdiń qatnasımızdı anıqlap alıwımız tiyis.

[94] Karimov I.A. Ózbekstan: milliy ǵárezsizlik, ekonomika, siyasat, ideologiya. — T.1. — Tashkent. Ózbekiston, 1996 — S.75.